Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

O'ZBEKISTAN RESPUBLIKASI' XALI'Q BILIMLENDIRIW MINISTRLIGI

# MILLIY G'A'REZSIZLIK IDEYASI' HA'M MA'NAWIYAT TIYKARLARI'

## 7-KLASS

Toli'qti'ri'lg'an ha'm qayta islengen o'zbekshe 7-basi'li'mi'na sa'ykes qaraqalpaqsha 4-basi'li'wi'

*Milliy ideya ha'm ideologiya ilmiy-a'meliy worayi' baspag'a usi'ng'an*

TASHKENT «MA'NAWIYAT» 2015

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

UO‘K 37.035.6 = 512.121
KBK 74.200.50ya72 + 66.3(5O‘)
M 50

**M. QARSHIBAYEV, S. NISHANOVA,**
**O. MUSURMANOVA, R. QUCHQAROV**

Uli’wma worta bilim beriw mekteplerinin’ 7-klaslari’ ushi’n arnalg’an usi’ sabaqli’q O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti Islam Karimovti’n’ «Joqari’ ma’nawiyat — jen’ilmes ku’sh» ha’m «O’zbekistan g’a’rezsizlikke yerisiw bosag’asi’nda» kitaplari’ tiykari’nda qayta islengen. Wonda milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ha’m ma’nawiyat tiykarlari’n quraytug’i’n negizgi bilim ha’m tu’sinikler zamanago’y metodikali’q usi’llar ha’m talaplar tiykari’nda bayan yetilgen.

**UO‘K 37.035.6 = 512.121**
**KBK 74.200.50ya72 + 66.3(5O‘)**

M 50 Milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ha’m ma’nawiyat tiykarlari: 7-klass; M. Qarshibayev ha’m basq. / O’zbekistan Respublikasi’ Xali’q bilimlendiriw ministrligi. — Toli’qti’ri’lg’an ha’m qayta islengen o’zbekshe 7-basi’li’mi’na sa’ykes qaraqalpaqsha 4-basi’li’wi’. — T.: «Ma’nawiyat», 2015. — 128 b.
1. Qarshibayev M.

ISBN 978-9943-04-147-9

**SHA’RTLI BELGILER:**

- — yeste saqlan’
- — di’qqat penen woqi’n’
- — bilip ali’n’
- — soraw ha’m tapsi’rmalar
- — gilt so’z
- — do’retiwshi pikir ju’ritin’

**Respublikali’q maqsetli kitap qori’ qarji’lari’ yesabi’nan basi’p shi’g’ari’ldi’.**

ISBN 978-9943-04-147-9

© M. Qarshibayev ha’m basq., 2015
© «Ma’nawiyat», 2015

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# KIRISIW

Assalawma-a’leykum, a’ziz woqi’wshi’!

Ana Watani’mi’zda ulli’ a’yyam — G’a’rezsizlik bayrami’ saltanatlari’ dawam yetip ati’rg’an usi’ ku’nlerde siz basqa pa’nler qatari’nda «Milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ha’m ma’nawiyat tiykarlari’»n da u’yreniwge kirisip ati’rsi’z.

**Bul pa’n O’zbekistan Respublikasi’ Prezidenti Islam Karimovti’n’ 2001-ji’l 18-yanvarda qol qoyg’an «Milliy g’a’rezsizlik ideyasi’: tiykarg’i’ tu’sinik ha’m principler» pa’ni boyi’nsha ta’lim bag’darlamalari’n jarati’w ha’m respublika bilimlendiriw sistemasi’na yengiziw haqqi’nda»g’i’ biyligine tiykarlani’p woqi’ti’lmaqta. Wol yeki bo’limnen — milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ha’m ma’nawiyat tiykarlari’nan ibarat.**

**Birinshi bo’limde siz xalqi’mi’zdi’n’ milliy ideyasi’, woni’n’ tiykarg’i’ tu’sinik ha’m principleri haqqi’nda za’ru’r bilim ha’m mag’luwmatlarg’a iye bolasi’z. Bul bolsa xalqi’mi’zdi’n’ qanday ulli’ maqsetlerdi go’zlep jasap ati’rg’ani’ haqqi’nda ha’r ta’repleme bilip ali’wi’n’i’zg’a xi’zmet yetedi.**

*«Milliy» degen so’z xalqi’mi’z, jurti’mi’z, milletimizge tiyislilikti an’latadi’. «G’a’rezsizlik» bolsa — birewden biyg’a’rez, azat jasaw degeni. Demek, milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ O’zbekistan xalqi’ni’n’ g’a’rezsizlikke baylani’sli’ barli’q arzi’w-u’mitlerin, maqset ha’m ma’plerin sa’wlelendiredi.*

O’zbekistanni’n’ mu’na’sip perzenti, haqi’yqi’y puqarasi’ bolaman degen ha’r bir insan milliy ideyani’ biliwi, woqi’wda, jumi’sta, turmi’sta woni’n’ tiykarg’i’ talap ha’m wo’lshemlerin a’melge asi’ri’wg’a umti’li’p jasawi’ lazi’m.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Belgili bolg'ani'nday, insan u'y quri'wdan aldi'n woni'n' jobasi'n si'zi'p aladi'. Bolmasa, jumi'sti' neden baslap, ne menen tamamlawdi', qanday ha'm qansha qarji', material sarplawdi' bilmesten basi' qatadi'. G'a'rezsizlikke yerisip, jan'a ja'miyet qurmaqshi' bolg'an xali'q ta wo'zinin' tiykarg'i' maqsetlerin ani'q belgilep aladi'. Bul maqsetler woni'n' milliy ideyasi'nda sa'wlelenedi.

**O'zbekistan xalqi'ni'n' milliy ideyasi' Prezidentimiz Islam Karimov basshi'li'g'i'nda islep shi'g'i'ldi'. Wol «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi'» yaki «Milliy ideya» dep ataladi'.**

Milliy ideyami'zdi'n' mazmun-mag'anasi' da'slep «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi': tiykarg'i' tu'sinik ha'm principler» kitapshasi'nda ken' ko'rsetip berildi, keyin ala ma'mleketimiz basshi'si'ni'n' shi'g'armalari'nda, a'sirese, «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda ja'ne de bayi'ti'ldi'. Usi' kitapta to'mendegi so'zler berilgen:

**«Insaniyatti'n' ko'p a'sirlik tariyxi' sonnan da'rek beredi, bul du'nyada wo'zinin' milliy ma'mleketin quri'wg'a qarar yetken ha'r qanday xali'q joqari' wazi'ypalardi' a'melge asi'ri'w, usi' jolda adamlardi' birlestiriw ha'm bag'darlaw, wolardi'n' qa'lbinde isenim woyati'w, yeski ja'miyetlik du'zimnen pu'tkilley jan'a du'zimge wo'tiwde wo'zine qosi'msha ku'sh-quwat ha'm ma'det tabi'wda uluwma, birden-bir maqset ha'm arzi'w-umti'li's ko'rinisi bolg'an milliy ideyani' tayani'sh ha'm su'yenish dep biledi»[1].**

**Milliy ideyami'zdi' jarati'wdan maqset — watanlaslari'mi'z, aldi' menen, siz kibi jaslardi' ana Watani'mi'zdi' shi'n ju'rekten su'yip, woni'n' ta'g'diri ha'm keleshegi ushi'n jan ku'ydirip, wo'zinin' kimligi, qanday ulli' xali'qti'n' perzentleri yekenin an'lap, maqtani'sh penen jasaytug'i'n insanlar yetip ta'rbiyalawdan ibarat. «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi' ha'm ma'nawiyat tiykarlari'» pa'ninin' maqseti de a'yne usi'ni' na'zerde tutadi'.**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. —T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 71-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Usi’ sabaqli’qti’n’ yekinshi bo’limi «Ma’nawiyat tiykarlari’» dep ataladi’. Siz bul bo’limde «ma’nawiyat» tu’sinigi haqqi’nda, woni’n’ insan, xali’q ha’m ja’miyet turmi’si’nda qanday a’hmiyetli wori’n tutatug’i’ni’ tuwrali’ ken’ mag’luwmatqa iye bolasi’z.**

**Juwmaqlap aytqanda, «Milliy g’a’rezsizlik ideyasi’ ha’m ma’nawiyat tiykarlari’» pa’ni sizge Watandi’ su’yiw, wog’an mu’na’sip perzent boli’w ilimin, woni’n’ ma’nawiy ta’replerin u’yretedi.**



Usi’ pa’nnin’ bilimlendiriw sistemasi’na yengiziliwi ha’m woqi’ti’li’wi’ ma’mleketimizde salamat ha’m ha’r ta’repleme jetik a’wladti’ ta’rbiyalawg’a qarati’lg’an joqari’ itibardi’n’ na’tiyjesi boli’p yesaplanadi’. Demek, jurti’mi’z jaslari’n ha’r ta’repleme jetik yetip ta’rbiyalawg’a xi’zmet qi’li’w – bul pa’nnin’ tiykarg’i’ wazi’ypasi’ boli’p tabi’ladi’.

Usi’ pa’n wo’zinin’ maqset ha’m wazi’ypalari’n a’melge asi’ri’wda a’debiyat, tariyx, huquqtani’w, dintani’w si’yaqli’ ilim tarawlari’nan, pedagogika ha’m psixologiya ilimlerinin’ zamanago’y tu’sindiriw, talqi’law usi’llari’nan ken’ paydalanadi’.

*Predmet-ha’diyselerdin’ yen’ a’hmiyetli belgi ha’m qa’siyetlerin an’latatug’i’n so’z yaki ibara tu’sinik delinedi.*

*«Princip» – lati’nsha so’z boli’p, belgili bir teoriya yaki ta’liymatti’n’ tiykarg’i’ ni’zam-qag’i’ydalari’n, mu’na’sibetin ha’m ko’z-qarasi’n bildiredi.*

Bir haqi’yqatli’qti’ mudami’ yadta tuti’n’: bu’gin biz la’zzet ali’p jasap ati’rg’an biyg’a’rez turmi’s ata-babalari’mi’z ushi’n a’sirler dawami’nda arzi’w-u’mit, ulli’ ideya boli’p kelgen. Ata-babalari’mi’zdi’n’



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mine usi' jolda uzaq waqi't dawami'nda ju'rgizgen mashaqatli' gu'resleri, awi'r miynetleri arqasi'nda biz ha'zirgi yerkin ha'm azat ku'nlerge yeristik. Xalqi'mi'z g'a'rezsizlik ji'llari'nda materialli'q ha'm ma'nawiy jaqtan du'nyada hesh kimnen kem bolmastan jasaw, rawajlang'an ma'mleketler qatari'nan mu'na'sip wori'n iyelew ushi'n umti'lar yeken, bul jolda biz yel-jurti'mi'zg'a tayani'sh boli'wi'mi'z muqa'ddes perzentlik wazi'ypami'z boli'p yesaplanadi'.

Buni'n' ushi'n biz basqa pa'nler menen birge «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi' ha'm ma'nawiyat tiykarlari'»n da puxta wo'zlestirip, ana Watani'mi'zg'a sadi'qli'q penen xi'zmet qi'li'wg'a ha'r ta'repleme tayar boli'wi'mi'z lazi'm. Bul jolda siz u'yreniwge kirisip ati'rg'an usi' pa'n yen' jaqi'n ja'rdemshi boladi'.

## ? *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi' ha'm ma'nawiyat tiykarlari'» pa'nine kim ta'repinen ha'm qashan tiykar sali'ng'an?
2. Usi' pa'n neshe bo'limnen ibarat?
3. Bul pa'nnin' birinshi bo'limi qanday ataladi' ha'm nelerdi u'yretedi?
4. Milliy ideya ne ushi'n xi'zmet yetedi?
5. «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi' ha'm ma'nawiyat tiykarlari'» pa'ninin' yekinshi bo'limi qanday ataladi' ha'm nelerdi u'yretedi?
6. Milliy ideyami'zdi'n' mazmun-mag'anasi' sa'wlelendirilgen kitapshani'n' ati'n ayti'n'.
7. Prezidentimiz Islam Karimovti'n' qaysi' kitabi'nda milliy ideyami'z ja'ne de bayi'ti'ldi'?
8. «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi' ha'm ma'nawiyat tiykarlari'» pa'ninin' maqseti nelerden ibarat?
9. Bul pa'nnin' wazi'ypalari' haqqi'nda ayti'p berin'.
10. Usi' su'wretlerge qarap, salamat ha'm ba'rkamal a'wlad qanday boli'wi' kerekligi tuwrali' ayti'p berin'.


*a*


*b*


*d*


*e*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

I
bap

# G'A'REZSIZLIK HA'M MIILIY IDEYA

## MILLIY IDEYA – IYGILIKLI ARZI'W-UMTI'LI'SLAR KO'RINISI

Du'nyadag'i' ha'r bir xali'qti'n' milliy ideyasi' woni'n' arzi'w-umti'li'slari', qa'lbi, sana-sezimi menen woy-pikirinin' ko'rinisi si'pati'nda payda boladi'. Soni'n' menen birge, milliy ideya wo'z-wo'zinen qa'liplesip, a'melge asi'p qalmaydi'. Buni'n' ushi'n, da'slep, qolay tariyxi'y sharayat za'ru'r boladi'.

**G'a'rezsizlik milliy ideyani'n' qa'liplesiwi ushi'n yen' a'hmiyetli tariyxi'y sharayat boli'p yesaplanadi'. Soni'n' ushi'n da «g'a'rezsizlik» ha'm «milliy ideya» tu'siniklerin bir-birinen aji'rati'p bolmaydi'. Sonli'qtan milliy ideyami'z g'a'rezsizlik ma'nisin an'latatug'i'n so'z benen birgelikte milliy g'a'rezsizlik ideyasi' dep ataladi'.**

**Tek g'a'rezsiz ma'mlekette g'ana xali'q yerkin ha'm azat jasaw, wo'z aldi'na ulli' maqsetler qoyi'p, wolardi' a'melge asi'ri'w ushi'n barli'q ku'sh-qu'diretin, aqi'l-za'kawati'n bag'i'shlaw imkaniyati'na iye boladi'.**

Milliy ideyami'zda ja'mlengen iygilikli arzi'w-umti'li'slar a'sirler dawami'nda xalqi'mi'zdi'n' qa'lbinde jasap, woni'n' a'meliy islerinde belgili da'rejede sa'wlelenip kelgen. Biraq wolardi' toli'q ju'zege shi'g'ari'w, xalqi'mi'z, woni'n' pidayi' perzentleri qanshama ha'reket yetse de, jeterli tariyxi'y sharayat bolmag'anli'g'i' sebepli aqi'ri'na shekem jetpesten qala bergen.

Ma'selen, XX a'sir baslari'nda jurti'mi'zda u'lken ag'arti'wshi'li'q islerin a'melge asi'rg'an ja'didler ilim-bilim tarqati'w, jan'asha usi'ldag'i' mektepler, kitapxanalar, teatrlar ashi'w, gazeta-jurnallar sho'lkemlestiriw arqali' Watani'mi'zdi' rawajlandi'ri'w, xalqi'mi'z turmi'si'n abat ha'm



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

pa'rawan yetiwge umti'lg'an yedi. Biraq joqari'da atap wo'tilgen tariyxi'y sharayat – g'a'rezsizliktin' joqli'g'i' sebepli wolardi'n' ha'reketleri aqi'ri'na jetken joq.

**Bunday sha'rt-sharayatti'n' payda boli'wi' ha'm wonnan wo'z waqti'nda paydalani'w ushi'n xali'qti' woyati'w, birlestiriw, bag'darlawda u'lken jetekshilik potenciali'na iye bolg'an, ma'rt, jigerli, uzaqti' go'zlep is ju'rgizetug'i'n basshi'ni'n' tariyx saxnasi'na shi'g'i'wi' da sheshiwshi a'hmiyetke iye.**

Siz Prezidentimiz Islam Karimovti'n' «O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda» kitabi'n woqi'p, bul pikirge toli'q isenim payda yetesiz. 1989-ji'l 23-iyunde – Islam Karimov O'zbekistan basshi'si' si'pati'nda is baslag'an waqi'tta buri'ng'i' SSSR qurami'nda bolg'an yelimiz ju'da' awi'r jag'dayg'a tu'sip qalg'ani'n siz usi' kitaptan bilip alasi'z. Sol waqi'tta SSSRdi'n' worayli'q qalalari'nan O'zbekistang'a tergewshiler, bizin' sharayati'mi'z, tilimiz, u'rp-a'detlerimizdi pu'tkilley bilmeytug'i'n, hu'rmet yetpeytug'i'n basshi' xi'zmetkerler jiberilgen yedi. Wolar paxta jekke ha'kimligi sharayati'nda, ju'da' qi'yi'n awhalda jasap ati'rg'an xalqi'mi'zdi' qi'si'm asti'na ali'wdi' ha'm quwdalawdi' ha'wij aldi'radi'. «Paxta isi» degen jalg'an ayi'plar menen qanshadan-qansha biygu'na adamlar qamaladi', nahaq jazag'a tarti'ladi'. 1989-ji'ldi'n' may ayi'nda Ferg'ana wa'layati'nda ja'njel-topalan'lar baslani'p, yelimizde wog'ada awi'r jag'day ju'zege keledi. Mine usi'nday qi'yi'n sharayatta Islam Karimov pu'tkil juwapkershilikti wo'z moyni'na ali'p, xalqi'mi'zdi' g'a'rezsizlikke qaray baslaydi'. Yendi g'ana jan'a lawazi'mg'a saylang'an O'zbekistan basshi'si'ni'n' respublika ko'leminde wo'tkerilgen u'lken ma'jilistegi birinshi shi'g'i'p so'ylewin «Biz bunnan bi'lay yeskishe jasay almaymi'z ha'm bunday jasawg'a zamanni'n' wo'zi jol qoymaydi'» degen so'zler menen baslawi' woni'n' haqi'yqattan da yel-jurti'mi'z qa'lbindegi





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

milliy ideya — a'sirlik arzi'w-umti'li'slardi' a'melge asi'ri'w ushi'n bekkem bel baylap maydang'a shi'qqani'ni'n' da'lili yedi.

G'a'rezsizlik joli'nda mine usi'nday u'lken ma'rtlik penen baslang'an ha'reketler arqasi'nda tez arada Ferg'ana wa'layati'nda ju'z bergen qayg'i'li' waqi'yalarg'a a'dil baha berilip, wolardi'n' aqi'betleri saplasti'ri'ldi'. Yelimizde xali'qqa qosi'msha jer maydanlari'n aji'rati'w, «paxta isi» menen nahaq qamalg'anlardi' jazadan azat yetiw, paxtani'n' bahasi'n asi'ri'w, g'awasha yegiletug'i'n maydanlardi' azayti'w, ishimlik suwi' ha'm ta'biyg'i'y gaz ta'miynati'n jaqsi'law boyi'nsha ko'plep tariyxi'y qararlar qabi'l yetildi. Xalqi'mi'zdi'n' ma'nawiy turmi'si'nda da u'lken wo'zgerisler ju'z berdi. O'zbek tiline ma'mleketlik til statusi'ni'n' beriliwi, Nawri'z uluwma xali'qli'q bayrami'ni'n', Ramazan ha'm Qurban haytlari' kibi diniy a'yyamlardi'n', milliy qa'diriyatlari'mi'z, ulli' ata-babalari'mi'zdi'n' mu'ba'rek ismleri, miyrasi'ni'n' qayta tikleniwi usi'lar qatari'na kiredi. Bulardi'n' barli'g'i' yelimizdegi keskin jag'daydi' toqtati'p, xalqi'mi'z qa'lbinde yerten'gi ku'nge, woni'n' wo'z ku'shi ha'm imkaniyatlari'na bolg'an isenimin ku'sheytti.

**Ha'r bir xali'q g'a'rezsizlikke yerisiwi menen wo'z milliy ma'mleketin tikleydi yaki woni' jan'adan quri'wdi' baslaydi'. Biz de Watani'mi'z g'a'rezsizlikke yeriskennen son' derlik u'sh mi'n' ji'lli'q tariyxqa iye bolg'an milliy ma'mleketshiligimizdi tikledik. Mine usi' milliy ma'mleketshilikke, woni'n' bay ta'jiriybe ha'm da'stu'rlerine tiykarlani'p, soni'n' menen birge, du'nyadag'i' rawajlang'an ma'mleketler ta'jiriybesin yesapqa ali'p, yelimizde huquqi'y demokratiyali'q ma'mleket, puqarali'q ja'miyetin quri'wg'a kiristik.**

Da'slep mine usi' jan'a ma'mleket ha'm ja'miyettin' maqset ha'm wazi'ypalari'n ani'q-ra'wshan belgilep ali'p, wonnan keyin pu'tkil xalqi'mi'zdi' bul ulli' iske bag'darlaw ushi'n jan'a tariyxi'y sharayatta milliy ideyami'zdi'n' tiykarg'i' tu'sinik ha'm principlerin qa'liplestiriw wo'tkir za'ru'rlikke aylandi'. Bul bag'darda ma'mleketimiz Prezidenti Islam Karimovti'n' milliy ideya, O'zbekistanda quri'li'p ati'rg'an jan'a ma'mleket ha'm ja'miyettin' socialli'q-siyasiy, ma'nawiy-ideologiyali'q negizleri haqqi'ndag'i' pikirleri, barli'q fundamental shi'g'armalari' tiykar boldi'. Usi'layi'nsha, 2000-ji'li' «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi': tiykarg'i' tu'sinik ha'm principler» kitapshasi' tayarlani'p, baspadan



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shi'g'ari'ldi'. Wonda milliy ideyami'zdi'n' mazmun-mag'anasi' ha'r ta'repleme bayan yetilip, tiykarlap berildi. Ma'mleketimiz basshi'si'ni'n' 2008-ji'li' baspadan shi'qqan «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda milliy ideyami'zdi'n' tiykarg'i' tu'sinik ha'm principleri ja'ne de ken' sa'wlelendirildi.

Biz «koloniallı'q du'zim», «sovet kolonial da'wiri», «kommunistlik ideologiya hu'kimdarli'g'i'» dep ataytug'i'n buri'ng'i' SSSR zamani'nda milliy ideyami'zdi'n' ayi'ri'm belgi ha'm tu'sinikleri xalqi'mi'z qa'lbinde jasap, waqti'-waqti' stixiyali' tu'rde, yag'ni'y ani'q sistemag'a iye bolmag'an, tar ma'nistegi tu'sinikler, arzi'w-umti'li'slar tu'rinde ko'zge taslanar yedi. Tek g'a'rezsizlik da'wirinde g'ana milliy ideyami'z pu'tin bir sistema boli'p qa'liplesti.

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Milliy ideyani'n' payda boli'wi' ushi'n da'slep ne za'ru'r?
2. Milliy ideyami'z ne ushi'n milliy g'a'rezsizlik ideyasi' dep ataladi'?
3. Milliy ideyani'n' toli'q qa'liplesiwi ha'm ju'zege shi'g'i'wi' ushi'n yen' a'hmiyetli tariyxi'y sharayat degende neni tu'sinesiz?
4. XX a'sir baslari'nda ja'didler baslag'an isler ne ushi'n aqi'ri'na jetpesten qaldi'?
5. Prezidentimiz Islam Karimovti'n' «O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda» kitabi'n woqi'p, nege isenim payda yetemiz?
6. Su'wretlerge qarap, ma'mleketimizde g'a'rezsizlik ideyasi' qanday a'melge asi'ri'lg'ani' haqqi'nda ayti'p berin'.



*a*


*b*


*d*


*e*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MA'NAWIYAT HA'M WONI'N' TA'RIYPI

A'ziz woqi'wshi'! Usi' pa'nnin' ati' «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi' ha'm ma'nawiyat tiykarlari'» bolg'ani' ushi'n, da'slep, ma'nawiyatti'n' wo'zi haqqi'nda ken'irek tu'sinikke iye boli'wg'a ha'reket yeteyik.

Prezidentimiz Islam Karimov ma'nawiyatqa to'mendegishe si'patlama bergen:

**«Ma'nawiyat – insandi' ruwxi'y jaqtan pa'kleniwge, jetilisiwge shaqi'ratug'i'n, adamni'n' ishki du'nyasi'n, yerk-i'qi'rari'n bekkemleytug'i'n, iyman-isenimin pu'tinleytug'i'n, hu'jdani'n woyatatug'i'n ten'siz ku'sh, woni'n' ba'rshe ko'z-qaraslari'ni'n' wo'lshemi boli'p yesaplanadi'»[1].**

Demek, ruwxti'n' pa'kligi – ma'nawiyatti'n' bas sha'rti. Ruwxi'y pa'kleniwge umti'lg'an insanlarda ma'nawiyat basqalarg'a qarag'anda ku'shli boladi'.

*Ruwxi'y pa'kleniw kewil tazali'g'i'n, iygilikli arzi'w-niyetler menen, biyg'a'rez jasawdi' bildiredi.*

Joqari'da atap wo'tilgen si'patlamada tiykarlap berilgen ja'ne bir a'hmiyetli wo'lshem – ruwxi'y jetilisiw boli'p yesaplanadi'.

*Ruwxi'y jetilisiw qa'lbimizdin' wo'zimiz tuwi'li'p-wo'sken Watang'a muhabbat, ana xalqi'mi'zg'a mehir ha'm sadi'qli'q penen toli'p, usi' tiykarda aq penen qarani' aji'rati'p, jetilisip bari'wdi' bildiredi.*

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 19-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Na'wbettegi wo'lshem — ma'nawiyatti'n' insan ishki du'nyasi'n, yerk-i'qi'rari'n bekkemlew, iyman-isenimin pu'tin qi'li'w wo'zgesheligi boli'p yesaplanadi'.

*Adamni'n' ishki du'nyasi' — wo'mirdi tek si'rttan yemes, soni'n' menen birge qi'yal ha'm tu'sinik, aqi'l ha'm woy-pikir ja'rdeminde baqlap, tallap bari'w imkani'n beretug'i'n ruwxi'y-ma'nawiy a'lem boli'p yesaplanadi'.*



Ma'nawiy du'nyasi' bay adamda ishki na'zer ku'shli boladi'. Bunday insanlardi' «qa'lbinin' ko'zi ashi'q adam», dep te ta'riypleydi. Demek, ma'nawiyat bizin' tek si'rtqi' yemes, al qa'lbimizdin' ko'zi de ashi'q boli'wi'n talap yetedi. Mine usi' ishki ko'z benen predmet-ha'diyselerdin' si'rttan qarag'anda ko'rinbeytug'i'n ma'ni-mazmuni' tu'sinip ali'nadi'. Na'tiyjede ko'p g'ana qa'te-kemshiliklerden quti'li'w, dosti' dushpannan, jaqsi'ni' jamannan aji'rati'w imkani' tuwi'ladi'.

Ishki du'nyasi' ken', bay ha'm ku'shli insan ha'mme isti puqta woylap a'melge asi'radi', ishki ma'nawiy joldasi', ma'sla'ha'tshisinen qosi'msha ku'sh-qu'diret ali'p turadi'. Soni'n' ushi'n da Jurtbasshi'mi'z ma'nawiyatti'n' jen'ilmes ku'sh yekenin ayi'ri'qsha atap ko'rsetedi.

*Insan yerk-i'qi'rari'ni'n' ku'shliligi woni'n' aqi'l-za'kawati', sezim-tuyg'i'lari'ni'n' ani'q bir maqsetke qarati'li'p, wo'zin ha'm ishki, ha'm si'rtqi' ta'repten basqara ali'w qa'bileti menen belgilenedi.*

Yerk-i'qi'rari' ku'shli adam qa'lbindegi iygilikli sezim-tuyg'i'lardi' woyati'p, ta'ninde jan'a ku'sh-g'ayratti' sezgendey boladi' ha'm basqalardan ko'birek islep yaki woqi'p, u'stin yekenligin ko'rsetedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ma'selen, buri'ng'i' sovet du'zimi da'wirinde keleshekke u'lken u'mit penen qarap, azat ha'm g'a'rezsiz ku'nler keliwine isenip jasag'an xalqi'mi'z wo'z ju'regindegi tariyxi'y yad tuyg'i'si'nan, ulli' ata-babalari'mi'z benen maqtani'w seziminen ten'siz ku'sh-g'ayrat alg'an. Soni'n' ushi'n da sol awi'r zamanda, qansha zuli'mli'q ha'm zorli'q-zombi'li'qlar bolsa da, wolar xalqi'mi'zdi'n' yerk-i'qi'rari'n bu'ge almag'an, ruwxi'n so'ndire almag'an.

Ti'ni'msi'z shi'ni'g'i'w, wo'mir si'naqlari'nda taplani'w, qi'yi'nshi'li'qlardan shorshi'nbastan, tek alg'a qarap umti'li'w, wo'zinin' ku'sh ha'm imkaniyatlari'na iseniw na'tiyjesinde adamni'n' yerk-i'qi'rari' bekkemlenip baradi'.

**«Yerk-i'qi'rar — bul negizinde bekkem isenim degeni. Yerk-i'qi'rari' ku'shli adam wo'zine isenedi ha'm ha'r qanday qi'yi'n wazi'ypani' wo'z moyni'na ali'wdan qorqpaydi'»[1].**

Ja'ne bir wo'lshem — iyman-isenimnin' pu'tinligi de ma'nawiyatti'n' aji'ralmas bo'legi boli'p yesaplanadi'.

*Iygilik ha'm haqi'yqatli'qqa bekkem isenim, jetiklikke qarap umti'li'w iyman-isenim belgisi boli'p tabi'ladi'.*

Insandag'i' isenim pu'tin, yag'ni'y toli'q ha'm jetik bolsa, hesh qanday gu'man wog'an kesent bere almaydi', wol ma'nawiyatti'n' tayani'shi', wo'zegine aylanadi'.

Insanni'n' hu'jdani'n woyatatug'i'n ten'siz ku'sh te ma'nawiyatti'n' a'hmiyetli quram bo'legi boli'p yesaplanadi'.

*Hu'jdan ha'mme na'rsege haqi'yqat ha'm a'dillik ko'z-qarasi'nan qaraw, jandasi'w, juwapkershilikti seziw boli'p yesaplanadi'.*

Turmi'sta jaqsi'li'q ha'm iygilikti a'melge asi'ri'w ushi'n gu'resiw, jaqsi'g'a — jaqsi', jamang'a — jaman mu'na'sibette boli'w — hu'jdanli' adamni'n' isi.

---

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. —T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 123-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Du'nyadag'i' wo'tirikshilik, ko'zboyamashi'li'q, uyatsi'zli'q, birewdin' haqi'si'na qi'yanet yetiw si'yaqli' illetler insandag'i' hu'jdan tuyg'i'si'n so'ndirip, bara-bara woni' hu'jdansi'z kimsege aylandi'ri'p qoyi'wi' mu'mkin. Ma'nawiyat bolsa, kerisinshe, — hu'jdan tuyg'i'si'n woyati'wg'a xi'zmet yetedi.

**«Hu'jdani' woyaw adam a'tirapi'nda boli'p ati'rg'an waqi'yalarg'a, ja'rdem ha'm ko'mekke mu'ta'j insanlardi'n' mashqalalari'na, a'dalatti'n' ayaq asti' boli'wi'na biyparq qaray almaydi'. A'sirese, yel-jurt ma'pine zi'yan keltiretug'i'n jawi'z is-ha'reketlerge hesh qashan shetten ti'm-ti'ri's qarap tura almaydi', wo'z jurti' ha'm xalqi'na qarata islengen qi'yanet ha'm satqi'nli'qti' hasla qabi'l yete almaydi'. Bunday halatlardi' ko'rgende hu'jdani' qi'ynaladi', mudami' jani'p-ku'yip jasaydi', qanday yetip bolsa da wolardi' saplasti'ri'wg'a umti'ladi', kerek bolsa, bul jolda ha'tte jani'n da pida' yetedi»[1].**

Ma'nawiyat hu'jdandi' woyatqani' ushi'n da insanni'n' barli'q ko'z-qaraslari'ni'n' wo'lshemi boli'p kelmekte.

*Insanni'n' barli'q ko'z-qaraslari'ni'n' wo'lshemi dep, woni'n' qa'lbin, du'nyag'a ko'z-qarasi'n, is-ha'reketlerin belgileytug'i'n isenimge ayti'ladi'.*

Isenim — ma'nawiyatti'n' tiykari'. Demek, insan ko'z-qaraslari'ni'n' wo'lshemin joqari' ma'nawiyat belgileydi. Yag'ni'y, adamzat predmet-ha'diyselerge baha beriwde a'yne ma'nawiyatqa, ma'nawiy wo'lshemlerge su'yenip is ju'rgizedi.

**«Shi'ni'nda da, yeger adamzat bul du'nyada ruwxi'y jaqtan pa'k boli'p, yerk-i'qi'rari' ku'shli, iymani' pu'tin, hu'jdani' woyaw boli'p jasamas yeken, insan wo'mirinin' qanday mazmuni' qaladi'?»[2]**

Juwmaqlap aytqanda, *ma'nawiyat* — insan, xali'q ha'm ja'miyet turmi'si'ni'n' tiykarg'i' ha'm bas belgisi.

---

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. —T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 27-bet.

[2] Sonda. 27-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Ma'nawiyatti'n' ta'riypin ayti'p berin'.
2. Insanni'n' ishki du'nyasi' degende neni tu'sinesiz?
3. Siz wo'mirge qa'lb ko'zi menen qarap ko'rgenbisiz?
4. Insan yerk-i'qi'rari'ni'n' ku'shliligi haqqi'nda ayti'p berin'.
5. Qa'lbtin' wo'siwi degende neni tu'sinesiz?
6. Usi' su'wretlerge qarap, yerk-i'qi'rardi' shi'ni'qti'ri'w jollari' haqqi'nda ayti'p berin'.


*a*


*b*


*d*


*e*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## PIKIR HA’M IDEYA

A’ziz woqi’wshi’! Ma’nawiyat insan, xali’q ha’m ja’miyet turmi’si’ni’n’ tiykarg’i’ belgisi yekenin na’zerde tutqan halda, sanali’ janzat bolg’an adamzatti’n’ yen’ a’hmiyetli qa’siyetleri haqqi’ndag’i’ pikirler menen sa’wbetimizdi dawam yettiremiz. Mine usi’nday qa’siyetlerdin’ biri tek insang’a g’ana ta’n bolg’an woylaw ha’m pikirlew qa’bileti boli’p yesaplanadi’.

**Insan turmi’sta derlik ha’r ku’ni tu’rli waqi’ya-ha’diyselerdi ko’rip, baqlap, wolar haqqi’ndag’i’ mag’luwmatlardi’ ti’ni’msi’z qabi’l yetip barg’ani’ ushi’n woni’n’ sana-seziminde de mudami’ wo’zgerisler ju’z berip turadi’. Wolardi’ biz pikir, woy yaki qi’yal deymiz.**

Ko’plep watanlaslari’mi’z Watani’mi’z paytaxti’na kelip, bul jerdegi wo’zgerislerdi ko’rgennen son’ wo’z ta’sirlerin bi’layi’nsha bayan yetedi: «Tashkentke bari’p, pikirim, tu’sinigim pu’tkilley wo’zgerip ketti, wol jerdegi G’a’rezsizlik ha’m Yeslew maydanlari’n, O’zbekistan Milliy bag’i’n, Amir Temur qi’yabani’n, Ha’zireti Imam kompleksin, jan’a-jan’a imaratlar, licey ha’m kolledjler, suli’w ko’shelerdi ko’rip, g’a’rezsizliktin’ ku’shine ja’ne bir ma’rte ta’n berdim». Jan’ali’q ha’m wo’zgerisler adamlardi’n’ sanasi’nda jan’a pikirler payda yetetug’i’ni’n, woy-pikirlerin wo’zgertetug’i’ni’n usi’nnan da bilsek boladi’.

Solay yeken, kelin’, da’slep, pikir haqqi’nda toqtap wo’teyik.

**Adamlardi’n’ arzi’w-niyetlerine qarap, pikirler yeki tu’rli boladi’. Birinshisi — tek bir adamni’n’ tu’sinigin ko’rsetetug’i’n jeke pikir. Yekinshisi — ko’pshiliktin’ tu’sinigin ko’rsetetug’i’n ja’miyetlik pikir.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Pikir adamlardi'n' itibari'n tartatug'i'n, wolardi' birlestiretug'i'n, ha'reketke shaqi'ratug'i'n bolsa, ideya dep ataladi'.*

**Jeke, yag'ni'y bir adamni'n' jeke tu'sinigin yaki ma'plerin ko'rsetetug'i'n pikir basqalar ushi'n ideya bola almaydi'. Sebebi wol tek bir adamni'n' g'ana maqsetin sa'wlelendiredi. Ma'selen, «Men jay qurmaqshi'man» yaki «Men kitap woqi'maqshi'man» degen pikirler basqalardi' birlestiriw ha'm ha'reketke shaqi'ri'w ku'shine iye yemes.**

**Ideya, da'slep ko'pshiliktin' arzi'w-umti'li'slari' menen ma'plerin ko'rsetiwi, adamlardi' birlestiriwi ha'm qanday da bir maqsetti a'melge asi'ri'w ushi'n bag'darlawi' lazi'm.**



Soni'n' ushi'n da ja'miyetlik a'hmiyetke iye, yag'ni'y ko'pshiliktin' ma'plerine tiyisli bolg'an pikir ideyag'a aylani'wi' mu'mkin. Ma'selen, «Men ma'ha'lle basli'g'i' bolsam, adamlardi' birlestirip, wolardi'n' ku'shi menen jan'a gu'zar qurdi'raman» degen ga'p usi' ma'ha'lle ag'zalari' ushi'n ja'miyetlik pikir boli'p yesaplanadi'. Bul, wo'z na'wbetinde, ma'ha'lle xalqi'n mine usi' adam ushi'n dawi's beriwge shaqi'ratug'i'n, usi' jolda birlestiretug'i'n ha'm bag'darlaytug'i'n ideya da boli'p yesaplanadi'.

Yeger pikir ma'mleket ko'leminde ja'miyetlik a'hmiyetke iye bolsa, wol waqti' kelip, milliy ideyag'a aylani'wi' mu'mkin.

**«Milliy ideya degende, ata-babalari'mi'zdan a'wladlarg'a wo'tip, a'sirler dawami'nda qa'sterlenip kiyati'rg'an, usi' jurtta jasaytug'i'n ha'r bir insan ha'm pu'tkil xali'qti'n' qa'lbinde teren' tami'r baylap, woni'n' ruwxi'y mu'ta'jligine ha'm turmi's talabi'na aylani'p ketken, ayti'w mu'mkin bolsa, ha'r qanday millettin'**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**yen’ iygilikli arzi’w-umti’li’slari’ ha’m u’mit-maqsetlerin ko’z aldi’mi’zg’a keltiretug’i’n bolsaq, bunday ken’ mag’anali’ tu’siniktin’ mazmun-ma’nisin sa’wlelendirgen bolami’z, dep woylayman»[1].**

Ma’selen, g’a’rezsizlik a’sirler dawami’nda ata-babalari’mi’zdi’n’ qa’lbindegi yen’ muqa’ddes arzi’w yedi. Wol ja’miyetlik a’hmiyetke iye bolg’ani’, ji’llar dawami’nda xalqi’mi’z ma’plerine juwap beretug’i’n maqsetke aylang’ani’ ushi’n ha’mmeni birlestiretug’i’n milliy ideyag’a aylandi’. Xalqi’mi’z Prezident Islam Karimov basshi’li’g’i’nda mine usi’ ideya a’tirapi’na birlesip, 1991-ji’li’ 31-avgustta woni’ a’melge asi’rdi’ ha’m g’a’rezsiz O’zbekistan ma’mleketi tiklendi.

**«Bizin’ yen’ ulli’ maqsetimiz, yen’ ulli’ ideyami’z sol, O’zbekistanni’n’ bir joli’ bar: g’a’rezsizlikti bekkemlep, ma’mleketimizdi ha’r ta’repleme rawajlandi’ri’p, jarqi’n ha’m yerkin turmi’sqa qaray alg’a bari’wdan ibarat»[2].**

Itibar bergen bolsan’i’z, televizor ha’m radioda «ja’miyetlik pikirdi u’yreniw» degen ibara ko’p qollani’ladi’. Buni’n’ sebebi sonnan ibarat, demokratiyali’q ja’miyet quri’w joli’nan barati’rg’an ma’mleketler, soni’n’ ishinde, bizin’ yelimizde de adamlardi’n’ ja’miyettegi wo’zgeris ha’m reformalarg’a mu’na’sibetin, uluwma keypiyati’n biliw ushi’n wolardi’n’ pikiri u’yreniledi. Ja’miyetlik pikirdin’ qanday yekenligi, xali’qti’ ko’birek qaysi’ ma’seleler qi’zi’qti’ri’wi’na qarap, hu’kimet organlari’, siyasiy partiyalar, ja’miyetlik sho’lkemler ma’mleketti rawajlandi’ri’w boyi’nsha jan’a-jan’a ideyalardi’ alg’a su’redi.

Ja’miyetlik pikir ko’pshiliktin’ maqset ha’m ma’pleri menen baylani’sli’ bolg’ani’ ushi’n, woni’ a’melge asi’ri’wda xali’q penen ma’sla’ha’t qi’li’nadi’. Ma’selen, ma’mleketimiz parlamenti — Oliy Majlistin’ to’mengi — Ni’zamshi’li’q palatasi’ yaki joqarg’i’ palatasi’ — Senati’ni’n’ sessiyalari’nda jan’a ni’zamlar qabi’l yetiledi. Bul ni’zamlar xalqi’mi’zdi’n’ tu’pkilikli ma’plerin ko’rsetetug’i’n ma’selelerdin’ huquqi’y

[1] **Islam Karimov.** Joqari’ ma’nawiyat — jen’ilmes ku’sh. —T.: «Ma’nawiyat» baspasi’, 2008-ji’l, 71-bet.

[2] Sonda. 76-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




sheshimin ko'rsetip beredi. Ma'selen, fermerlik, kishi biznes ha'm jeke isbilermenlikti rawajlandi'ri'w, jaslardi'n' salamat ha'm ha'r ta'repleme jetik boli'p yer jetiwi ushi'n barli'q sharayatlardi' jarati'w – bulardi'n' ha'mmesi xali'qti'n' ja'miyetlik pikirin u'yreniw arqali' Oliy Majlis palatalari'ni'n' sessiyalari'nda ni'zam hu'jjetleri formasi'nda qabi'l yetiledi.

Demek, yelimizde quri'li'p ati'rg'an demokratiyali'q ja'miyet sharayati'nda ja'miyetlik a'hmiyetke iye ideyalar parlament ta'repinen qabi'l yetilgen ni'zamlar, Prezidenttin' qarar ha'm pa'rmanlari', biylikleri, hu'kimet qararlari', bag'darlamalari' ha'm basqa da ni'zam hu'jjetleri arqali' a'melge asi'ri'ladi'. O'zbekistanni'n' ma'mleketlik g'a'rezsizligi de ma'mleketimiz parlamentinde 1991-ji'li' 31-avgust ku'ni qabi'l yetilgen ni'zam hu'jjeti tiykari'nda a'melge asi'ri'ldi'.

A'lbette, turmi'sta jeke pikirdi a'melge asi'ri'w boyi'nsha da birewden ma'sla'ha't ali'nadi'. Ma'selen, bir adam u'y sati'p almaqshi' bolsa, shan'araq ag'zalari', jaqi'n tuwi'sqanlari' ha'm yar-doslari' menen ma'sla'ha'tlesedi. Uluwma alg'anda, ha'r isti ma'sla'ha't penen islegen jaqsi'. Sebebi, xalqi'mi'z so'zi menen aytqanda, ma'sla'ha'tli toy tarqamaydi', yag'ni'y aqi'ri'na shekem jaqsi' wo'tedi. Biraq jeke pikir boyi'nsha qanshama ma'sla'ha't yetilse de, aqi'r-aqi'betinde qanday sheshimge keliw pikir iyesinin' i'qti'yari'nda boladi'. Sebebi, bul pikir tek woni'n' ma'pin ko'rsetedi, basqalardi'n' ma'pine baylani'sli' bolmaydi'. Demek, jeke pikir jeke juwmaqqa, jeke ideyag'a aylani'wi' mu'mkin, biraq ko'pshilik ushi'n ideya bola almaydi'.

**Jeke pikir insanni'n' jeke sheshimi tiykari'nda a'melge asi'ri'ladi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ma'selen, siz yer jetkenin'izde qaysi' ka'sipti tan'law, qaysi' woqi'w worni'na kirip woqi'w boyi'nsha ata-anan'i'z, ustazlari'n'i'z, doslari'n'i'z benen a'lbette ma'sla'ha'tlesesiz. Biraq qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'n'i'z ha'm qa'biletin'izden kelip shi'qqan halda, a'yne qaysi' ka'sipti tan'law yaki qaysi' woqi'w worni'na kirip woqi'w tuwrali' wo'zin'iz bir sheshimge kelesiz.

Biz nege ulli' insanlardi'n' jeke pazi'yletlerin, wo'z perzentlerine, shan'araq ag'zalari'na aytqan u'git-na'siyatlari'n, xatlari'n u'yrenemiz? Wolar wo'mir boyi' joqari' ideyalar menen jasag'ani', mudami' ko'pshiliktin' baxi't-saadati'n woylap wo'mir keshirgeni ushi'n jeke wo'miri de sonshelli qi'mbatli' boli'p ketken.

**Ulli' maqsetler menen jasag'an insanlardi'n' jeke pikiri de ja'miyetlik a'hmiyetke iye boladi'.**

*Ma'p degende, maqsetke muwapi'q bolg'an, talap ha'm mu'ta'j-liklerge juwap beretug'i'n predmet-ha'diyse, is-ha'reket yaki iskerlik tu'siniledi.*

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Adamda pikir qalay payda boladi'?
2. Pikirler neshe tu'rli boladi'?
3. Jeke ha'm ja'miyetlik pikirdin' parqi' nede?
4. Usi' su'wretlerde kim qanday pikir bildirip ati'rg'ani'n tu'sindirin'.



*a*



*b*



*d*



*e*

5. Siz wo'z pikirin'izdi da'slep kimge aytasi'z?
6. Ideya qanday pikirden payda boladi'?
7. Milliy ideya dep nege ayti'ladi'?
8. Shan'araqta, mektepte kimlerden ma'sla'ha't soraysi'z? Bul ma'sla'ha'tler sizge qanday ja'rdem beredi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IDEYANI'N' TIYKARG'I' WO'ZGESHELIKLERI HA'M TU'RLERI

A'ziz woqi'wshi'! Turmi's ju'da' ko'p qi'rli' ha'm ha'r tu'rli. Wondag'i' ha'r bir waqi'ya-ha'diyse biyta'kirar formasi', ma'ni-mazmuni' ha'm a'hmiyetine iye. Soni'n' menen birge, turmi's wog'ada wo'zgeriwshen' boladi'. A'sirese, ha'zirgi jedelli da'wirde keshe jan'ali'q boli'p ko'ringen na'rse bu'gin go'nerip qali'wi' hesh ga'p yemes.

Insanlardi'n' ko'z-qaraslari', woy ha'm pikirleri de ha'r tu'rli boladi'. Bul tuwrali' Prezidentimiz Islam Karimov to'mendegilerdi atap ko'rsetken:

**«Jer ju'zinde qansha insan jasaytug'i'n bolsa, barmag'i'ni'n' izi de, ishki du'nyasi' da bir qi'yli' bolg'an yeki adamdi' tabi'w, ushi'rati'w qi'yi'n. Bul insanlardi'n' pikirlew ha'm jasaw ta'rizi de bir-birinen parqlani'wi' ta'biyiy»[1].**

Usi'g'an baylani'sli', adamlardi'n' maqsetin, arzi'w-umti'li'slari'n sa'wlelendiretug'i'n ideyalar da ha'r tu'rli boladi'.

**Ideyalar wo'zine ta'n sistema payda yetiw, uyi'mlasti'ri'w, bag'darlaw, yag'ni'y alg'a baslaw, ha'reket deregi boli'w si'yaqli' wo'zgesheliklerge iye.**

Wo'tken sa'wbetlerimizde pikir ha'm ideyani'n' bir-birinen parqi' haqqi'nda so'ylesken yedik. Ideyani'n' wo'zi de pikirden tuwi'la-tug'i'ni'n yeste tuti'n'.

---

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat» baspa-si', 2008-ji'l, 23-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ideya wo'sip, jetilisip baratug'i'n, ko'pshilikte qi'zi'g'i'w-shi'li'q woyatatug'i'n pikir boli'p yesaplanadi'.**

Jetilisip baratug'i'n ha'rqanday na'rse belgili bir sistemag'a iye boladi'.

**Ideya wo'zinin' ma'ni-mazmuni'na jaqi'n bolg'an pikirler ha'm tu'siniklerdi birlestirip, sistema payda yetedi.**



Ma'selen, azatli'q ideyasi'n alayi'q. Hu'rriyat, yerkinlik, gu'res, g'a'rezsizlik, huquq, ten'lik ha'm a'dalat kibi tu'siniklerdi bul ideya wo'z a'tirapi'na birlestiredi. Soni'n' ushi'n woni' a'melge asi'ri'w za'ru'rlikke aylang'anda, usi' sistemadag'i' tu'siniklerdin' ha'mmesi de aktual boli'p, adamlardi' wo'zine tartadi'. Siz azatli'q ushi'n gu'res ju'rgizgen xali'qlar tariyxi', soni'n' ishinde, wo'z tariyxi'mi'z mi'sali'nda da bug'an isenim payda yetiwin'iz mu'mkin.

Tereklerge itibar bergensiz be? A'yne ba'ha'r pasli'nda wol jan'a shaqalar shi'g'ari'p, gu'rkirep wo'sedi. Sebebi ko'klem payti'nda woni'n' rawajlani'wi' ushi'n qolay sharayat payda boladi'. Ideyani'n' wo'sip-rawajlani'p bari'wi'n da usi'g'an ten'ew mu'mkin.

**Ja'miyet u'lken wo'zgerisler qarsan'i'nda turg'anda xali'qti'n' jolbasshi'si' sana-seziminde de adamlar turmi'si' ushi'n za'ru'r ideyalar tuwi'ladi'.**

Ma'selen, g'a'rezsizlik qarsan'i'nda ha'm g'a'rezsizlikten keyin Prezidentimiz Islam Karimov ta'repinen jurti'mi'zda jan'a turmi's quri'w, reformalardi' a'melge asi'ri'w, jurt ti'ni'shli'g'i', xalqi'mi'z pa'rawanli'g'i', ha'r ta'repleme jetik insandi' ta'rbiyalaw boyi'nsha qanshadan-qansha iygilikli ideyalar alg'a su'rildi. Wolardi'n' ha'mmesi milliy



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ideyami'zg'a sin'dirilip, bu'gingi ku'nde Konstituciyami'z, ni'zamlari'mi'z arqali' turmi'si'mi'zda wo'z worni'n tappaqta.

**Ha'r bir da'wir adamlar aldi'na jan'a-jan'a wazi'ypalardi' qoyadi'. Sog'an qarap ideyalardi'n' du'zilisi, wolardi'n' sistemasi' da wo'zgeredi.**

Mi'sal ushi'n, a'dalat ideyasi'n alayi'q. Bul ideyani' a'melge asi'ri'wda a'yyemgi zamanlarda a'dil patsha, a'dil hu'kimdar ideyasi' tiykarg'i' itibarda bolg'an. Siz A'liysher Nawayi' ha'm basqa da klassik shayi'rlari'mi'zdi'n' shi'g'armalari'n woqi'san'i'z, wolarda mine usi' ideya sa'wlelengenin ko'resiz. Biraq, XX a'sirdin' baslari'na kelip bizin' jurti'mi'zda a'dalatqa yerisiwdin' tiykarg'i' sha'rti – xali'qti'n' qa'lewi, yerk-i'qi'rari' menen basqari'latug'i'n ja'miyet quri'w, adamlardi'n' sanali', bilimli ha'm ma'deniyatli' boli'wi', degen ko'z-qaraslar payda bolg'an. Bunday ideyalardi' ag'arti'wshi' ja'did babalari'mi'z alg'a su'rgen. Bizin' da'wirimizde bolsa, du'nyadag'i' rawajlang'an ma'mleketler ta'jiriybesinen kelip shi'qqan halda, a'dalatqa yerisiw yerkin ha'm pa'rawan turmi's, ha'r bir insanni'n' wo'z haq-huquqi'n biliwi, ni'zam u'stemligi arqali' a'melge asi'ri'ladi', degen ideya tiykarg'i' wori'n tutpaqta.

**Ideyalar zaman talabi'na qarap wo'z du'zilisin wo'zgertiwi, wolardi'n' sistemasi'ndag'i' bazi' tu'sinikler go'neriwi, wolardi'n' worni'na jan'alari' payda boli'wi' mu'mkin.**

Ideyani'n' uyi'mlasti'ri'wshi'li'q wo'zgesheligi woni'n' sistema payda yetiw wo'zgesheligi menen ti'g'i'z baylani'sli'. Negizinde bir-birinen ta'sirshen', tarti'mli' tu'sinik ha'm pikirlerdi wo'z a'tirapi'na birlestiriwden maqset te, yen' aldi' menen, adamlardi' birlestiriw, birden-bir ku'shke aylandi'ri'wdan ibarat. Sebebi ha'r tu'rli ko'z-qaraslar ha'm tu'siniklerge iye bolg'an insanlardi'n' ha'r birin bas ideya a'tirapi'nda birlestiriw ushi'n mine usi'nday ha'r tu'rli tu'sinik ha'm ideyalar kerek boladi'. Ma'selen, azatli'q ideyasi' basqa pikir ha'm ideyalar menen birge ma'pleri ha'r tu'rli bolg'an insanlardi' wo'zine ken'nen tartadi'. Ma'selen, azat bolsaq, jerimiz, suwi'mi'z wo'zimizdiki boladi', degen



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

pikir diyqanlarda, zavod-fabrikalari'mi'z wo'zimizdiki boladi', degen ideya isbilermen insanlarda, sana-sezimimiz, woy-pikirimiz yerkin boladi', degen ko'z-qaras bolsa ziyali'larda u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatadi'. Usi'layi'nsha barli'q taypadag'i' adamlardi' birlestiriw imkaniyati' tuwi'ladi'.

Ideyani'n' bag'darlaw, yag'ni'y alg'a jetelew ha'm ha'reket deregi boli'w wo'zgesheligine de turmi'stan ko'plep mi'sallar keltiriw mu'mkin. Siz adamlar arasi'nda «bi'yi'l jaqsi' islep, tapqan da'ramati'ma toy beremen yaki mashina alaman», «jay quraman», «taza du'kan ashaman» degen so'zlerdi ko'p yesitkensiz. Ko'rip turg'ani'n'i'zday, ani'q maqset wolardi' belgili bir bag'darda ha'reket yetiwge shaqi'radi'. Ideya da usi'nday.

**Tu'rki, yag'ni'y ha'zirgi wo'zbek tili parsi' ha'm arab tillerinen kem yemes, degen ideya A'liysher Nawayi'ni' ana tilinde ko'plep shi'g'armalar, soni'n' ishinde, bes da'stannan ibarat «Xamsa» kitabi'n jarati'wg'a iytermelegen.**

*A'ziz woqi'wshi'! Ayti'n'-shi', qanday pikir yaki maqset sizdi jaqsi' woqi'wg'a shaqi'radi'?*

**Iygilikli ideyalar wo'z a'tirapi'na barli'q haq niyetli tuyg'i'lar, tu'sinikler ha'm pikirlerdi birlestiredi. Soni'n' ushi'n wolar adamlardi' birlestiriw qu'diretine iye. Jaqsi' ideyalar hesh qashan wo'lmeydi. Sebebi, wolar xali'qti'n' u'mit-iseniminen, a'wladlardi'n' arzi'w-a'rmanlari'nan payda boladi'. Ji'llar, a'sirler wo'tse de, jan'adan ku'shke toli'p, insanlardi' gu'reske, ha'reketke shaqi'ri'p jasay beredi.**

Iygilik ha'm jaqsi'li'q ideyalari' yen' a'yyemgi zamanlarda da adamlardi'n' qi'yali'n ba'nt yetken. Xalqi'mi'zdi'n' ulli' ma'nawiy yesteligi bolg'an «Avesto» kitabi'nda jaqsi'li'q bas ideya si'pati'nda ji'rlang'an. Aradan a'sirler, mi'n' ji'llar wo'tkenine qaramastan, jaqsi'li'qti' asi'rap-abaylaw, adamlardi' jaqsi'li'qqa shaqi'ri'w bu'gingi ku'nde de aktual boli'p turi'pti'. Soni'n' ushi'n da derlik ha'r ku'ni mektepke atlani'p ati'rg'ani'n'i'zda ata-anan'i'z sizge «Balam, jaqsi' woqi', jaqsi' bol, jamanlarg'a qosi'lma» dep na'siyat yetedi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xalqi'mi'zda «Jaqsi' so'zdin' qanati' boladi'» degen naqi'l bar. Sebebi, jaqsi' so'z tez tarqaladi', adamlardi'n' qa'lbinen da'rhal wori'n iyeleydi. Jaqsi' ideya da sonday. Ustaz jazi'wshi'mi'z Abdulla Qahhar «A'debiyat – atomnan ku'shli» degen. Ne ushi'n a'debiyat atomnan ku'shli? A'debiyatti'n' ku'shi so'z arqali' sa'wlelenetug'i'n ibratli' pikir ha'm ideyada. Siz «A'debiyat» sabag'i'nan jaqsi' bilgenin'izdey, a'debiyatti'n' tiykarg'i' qurali' – so'z. Biraq bul qural qanday da bir paydali' pikir yaki ideyani' bayan yetse, woni'n' ta'sir ku'shi ja'ne de artadi'. Buni' ma'mleketimiz basshi'si' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda ayi'ri'qsha atap wo'tken.

**«Insandi', woni'n' ruwxi'y du'nyasi'n ashatug'i'n ja'ne bir qu'diretli qural bar, wol da bolsa, so'z sheberligi, ko'rkem a'debiyat boli'p tabi'ladi'. A'debiyatti'n' insantani'wshi'li'q dep, shayi'r ha'm jazi'wshi'lardi'n' bolsa insan ruwxi'ni'n' injenerleri, dep ta'riypleniwi de tosi'nnan yemes, a'lbette»[1].**

*Ideyalar bir tu'rdegi, yag'ni'y wo'z-ara uqsas ideyalardi' birlestiredi. Wolar ideyani'n' tu'rleri delinedi.*

**Ideyalar milliy yaki uluwma insani'y, diniy yaki du'nyawiy, ilimiy yaki filosofiyali'q boli'wi' mu'mkin. Bir ma'mleket xalqi'ni'n' maqset ha'm ma'plerin sa'wlelendirse, wol milliy ideya boladi'. Ma'selen, jan'a ja'miyet quri'w – O'zbekistan xalqi' ushi'n milliy ideya boli'p yesaplanadi'. Planetami'zdi' asi'rap-abaylaw, qanli' uri'slarg'a jol qoymaw – uluwma insani'y ideya.**

Du'nyada sonday ideyalar da bar, wolar adamlardi' ani'q maqsetke qaray bag'darlaw, alg'a baslaw worni'na, kerisinshe, adamlardi' iygilikli niyetlerden, jaqsi' islerden shalg'i'tadi' yaki wolardi'n' ha'reket yetiwine jol qoymaydi'. Soni'n' ushi'n da ideyalar aldi'n'g'i' ha'm konservativ boli'wi' mu'mkin.

*«Konservaciya» lati'nsha so'z boli'p, yeskilikti tiklew, yeskilikti jaqlaw degen ma'nilerdi bildiredi.*

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. –T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 136-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Bu'gingi ku'nde evolyuciyali'q, yag'ni'y basqi'shpa-basqi'sh rawajlani'w joli'nan bari'w aldi'n'g'i' ideya, al yeski sovet du'zimindegi ha'kimshilik-buyri'qpazli'q usi'li'nda is ju'rgiziwdi jaqlaw bolsa konservativ ideya boli'p yesaplanadi'.**

**Ideyalar xali'qti'n' yerk-i'qi'rari'n, arzi'w-umti'li'slari'n ha'm ma'plerin qanshelli duri's yaki naduri's sa'wlelendiriwine qarap haqi'yqi'y ha'm jalg'an, do'retiwshi yaki buzg'i'nshi' boli'wi' mu'mkin.**

Siz g'a'rezsizlikke bag'i'shlang'an sabaqlardan yelimizde g'a'rezsizlikten aldi'n kommunistlik partiya degen ku'sh hu'kimdar bolg'ani'n bilesiz. Bul partiya da'slepki waqi'tta bolshevikler partiyasi' dep atalg'an. Bolshevikler ta'repdarlari' ko'pshilikti sho'lkemlestiriwin atap ko'rsetiw ushi'n da'slebinde wo'zlerin usi'lay atag'an.

*«Bolshinstvo» degeni wori's tilinde ko'pshilik degen ma'nini bildiredi.*

Bolsheviklerdin' tiykarg'i' ideyalari'nan biri jeke menshik mu'lkti tu'p-tami'ri' menen joq yetip, ma'mleketlik mu'lk hu'kimdarli'g'i'n wornati'w ha'm adamlardi' socialli'q jaqtan ten'lestiremiz dep, ha'mmeni mal-mu'lkinen ayi'ri'w, gedeylendiriwden ibarat yedi. Bul ideya jalg'an yedi. Sebebi, du'nyada hesh bir adam wo'z mu'lkinen juda boli'p, jarli' halda jasawdi' qa'lemeydi. Mal-mu'lkin jog'altqan adam yerkinligin de, ataq-abi'rayi'n da jog'altadi'. Bolshevikler buri'ng'i' SSSR aymag'i'nda jeke hu'kimdar boli'p alg'annan son', bul u'lken ma'kandag'i' barli'q xali'qlardi' sonday awhalg'a saldi' ha'm buni' wo'zlerinshe ten'lik dep atadi'.

**Bu'gin biz a'melge asi'ri'wg'a umti'li'p ati'rg'an ha'mmenin' ni'zam aldi'nda ten'ligi — haqi'yqi'y ideya boli'p yesaplanadi'. Sebebi, ja'miyette ni'zam ha'm a'dilliktin' hu'kimdar boli'wi'n, hesh kimnin' huquqi' kemsitilmewin ha'mme qa'leydi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Insaniyat ushi'n qa'dirli bolg'an iygilikli ideyalar rawajlani'w na'tiyjesinde bayi'p, jetilisip, uluwma insani'y qa'diriyatlar sistemasi'na sin'ip ketedi. Ma'selen, bizin' u'lkemizde payda bolg'an zardushtiylik ta'liymati'ndag'i' jaqsi'li'q, islam dinindegi ka'millik, qayi'r-saqawat, a'yyemgi Greciyadag'i' demokratiya, yerkinlik ideyalari', Shi'g'i's woyani'w da'wirindegi ag'arti'wshi'li'q ideyalari' usi'lar qatari'na kiredi.**

Ta'biyatti'n' wo'zi insandi' izleniwshen' ha'm qi'zi'g'i'wshan' yetip jaratqan. Wol ba'rqulla qanday da bir jan'ali'qqa, wo'zinin' aqi'li' ha'm qa'bileti menen iygilikli isler yetiwge, wo'zin an'lawg'a umti'ladi'. Soni'n' na'tiyjesinde woni'n' qa'lbinde jan'a-jan'a tuyg'i'lar, al sana-seziminde ideyalar payda bola beredi.

## *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Ideyani'n' tiykarg'i' wo'zgesheligi haqqi'nda ayti'p berin'.
2. Ideyani'n' ha'r bir wo'zgesheligine bir mi'sal keltiriwge ha'reket yetin'.
3. Du'nyada bir-birine a'yne uqsas bolg'an yeki adamdi' ushi'rati'w mu'mkin be?
4. Usi' su'wretlerdegi adamlar bet-a'lpetindegi parqlardi' tu'sindirip berin'.


*a*


*b*


*d*


*e*

5. Qanday ha'diyseler sistema payda yetedi?
6. Terektin' gu'rkirep wo'siwi menen ideyani'n' rawajlani'wi' arasi'nda qanday uqsasli'q bar?
7. Jaqsi' ideyalar ne ushi'n wo'lmeydi?
8. Aldi'n'g'i' ideyalarg'a mi'sal keltirin'.
9. Konservativ ideyalarg'a mi'sal keltirin'.
10. Haqi'yqi'y ha'm jalg'an ideyalardi'n' parqi'n ayti'p berin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JA'MIYETTIN' RAWAJLANI'WI' HA'M DO'RETIWSHI IDEYALAR

A'ziz woqi'wshi'! Wo'tken sa'wbetlerimizden belgili bolg'ani'nday, jaqsi'li'q ha'm jamanli'q, jan'ali'q ha'm yeskilik arasi'ndag'i' gu'res ju'da' a'yyemgi tariyxqa iye boli'p, hesh qashan tawsi'lmaydi'. Insan bunday gu'reste do'retiwshi ideyalarg'a su'yenedi.

Prezidentimiz Islam Karimov bunday qarama-qarsi'li'qlardi'n' mazmuni'n ha'r ta'repleme tu'sindirip bergen:

**«Yeger adamzat tariyxi'n, woni'n' woy-pikirinin' rawajlani'wi'n evolyuciyali'q tu'rde ko'zden keshiretug'i'n bolsaq, turmi'sta insandi' ka'malatqa, joqari' sheklerge shaqi'ratug'i'n iygilikli ideya ha'm ta'liymatlar menen jawi'z ha'm zi'yanli' ideyalar arasi'nda a'zelden gu'res boli'p kelgenligin ha'm bul gu'resler bu'gin de dawam yetip ati'rg'ani'n ko'remiz»[1].**

*«Do'retiwshi» so'zinin' ma'nisi jarati'wshi', payda yetiwshi degendi an'latadi'.*

**Insanni'n' qa'lbi ha'm sana-seziminde jarati'wshi'li'q potenciali'n woyati'p, wo'z xalqi', Watani' ha'm insaniyatqa paydali' isler yetiwge shaqi'ratug'i'n ideya do'retiwshi ideya boli'p yesaplanadi'.**

Du'nyadag'i' ha'r bir xali'q do'retiwshi ideyalar menen jasaydi'. Sebebi, ha'rbir xali'q wo'zinin' jarati'wshi'li'q qu'diretin, qa'biletin, yen' da'slep, do'retiwshilik penen ko'rsetedi. Siz ulli' Sahi'pqi'ran babami'z Amir Temur ta'repinen Shahrisabzdag'i' Aqsaray man'-

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 112-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

layshasi'na jazi'lg'an «Kim bizin' qu'diretimizge gu'man qi'lsa, qurg'an imaratlari'mi'zg'a na'zer salsi'n» degen mazmundag'i' shaqi'ri'q so'zlerin jaqsi' bilesiz. Bul so'zlerde xalqi'mi'zdi'n' do'retiwshilik potenciali', ku'sh-qu'direti qanshelli u'lken yekeni atap wo'tilgen. Itibar bergen bolsan'i'z, ulli' babami'z bul jerde, «bizin' la'shkerlerimizge, bayli'qlari'mi'zg'a, bizin' du'nyani'n' ten' yari'mi'n iyelegen u'lken saltanati'mi'zg'a na'zer salsi'n», dep aytpag'an. Ne ushi'n? Buni'n' u'stine, usi'lay dep aytqani'nda da xalqi'mi'zdi'n' qu'diretin belgili bir ma'niste ko'rsetken bolar yedi. Sebebi, Amir Temur hu'kimdarli'q yetken waqi'tta du'nyada woni'n' la'shkerine ten' keletug'i'n armiya, woni'n' g'a'ziynesine ten' keletug'i'n bayli'q, woni'n' ma'mleketindey saltanat bolmag'an. Biraq ja'ha'ngir babami'z wo'z ma'mleketi ha'm xalqi'ni'n' sonshelli qu'diretli belgilerinen tek birewin ha'm yen' tiykarg'i'si'n atap ko'rsetken. Wol da bolsa — xali'qti'n' do'retiwshiligi. Buni'n' tiykari'nda u'lken ma'ni bar. Buni'n' ma'nisi sonnan ibarat, Amir Temur ma'mleketi yerisken barli'q tabi'slar yen' aldi' menen xali'qti'n' do'retiwshiligine tiykarlang'an. Bul pazi'yletlerimiz bolsa sol waqi'tta quri'lg'an go'zzal ha'm biyta'kirar yesteliklerde ayqi'n sa'wlelengen.

Bunday ulli' pazi'yletler bizin' uzaq tariyxi'mi'z dawami'nda qa'lip-lesip, u'zliksiz bayi'p barg'an ideyalardan na'r alg'an. Bunnan 2700 ji'l buri'n jarati'lg'an biybaha ma'nawiy miyrasi'mi'z bolg'an «Avesto» kitabi'ndag'i' «Jaqsi' pikir, jaqsi' so'z, jaqsi' a'mel» degen qag'i'yda xalqi'mi'zdi'n' a'yyem zamanlardan baslap do'retiwshilikti wo'zi ushi'n tiykarg'i' maqset, ideologiya dep bilgeninen derek beredi. Bul qag'i'yda negizinde insanni'n' woylaytug'i'n pikirinde de, so'yleytug'i'n so'zinde de, isleytug'i'n jumi'si'nda da tek jaqsi'li'q bolsi'n, sonda woni'n' pu'tkil wo'miri do'retiwshilikten ibarat boladi', degen ma'ni ja'mlengen.

Ja'ne bir ulli' babami'z Bahawiddin Naqshbandti'n' «Dil ba yar-u da'st ba ka'r», yag'ni'y «Dilin' Allada, qoli'n' miynette bolsi'n» degen shaqi'ri'g'i'n yeslep ko'reyik. Bul hikmet ha'rbir isin'izdi ani'q maqsetti go'zlep, aqi'betin woylap islen', waqi'tti' biykar wo'tkermen', degen ibratli' pikirdi bayan yetedi.

**«Ata-babalari'mi'z ulli' a'wliye Bahawiddin Naqshbandqa shi'n ju'rekten i'qlas qoyi'p, woni' «Bahawiddin Balogardon» dep ta'ri-yiplep keliwinde teren' ma'ni bar. Woni'n' «Dilin' Allada, qoli'n'**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**miynette bolsi'n» degen wo'mirbag'i'sh hikmeti dinimizdin' joqari' mazmun-ma'nisin jarqi'n sa'wlelendirip, misli usi' bu'gin ayti'lg'anday jan'g'i'radi'»[1].**



**Buxara. Bahawiddin Naqshband maqbarasi'**

Yeger teren'irek woylap ko'retug'i'n bolsaq, Jer ju'zindegi janli' ha'm jansi'z na'rselerdin' ha'mmesi mudami' ha'reket-te boladi'. Bul ha'reketlerdin' ha'mmesi ani'q bir maqsetke qarati'lg'an. Du'nyada maqsetsiz jarati'lg'an, arti'qsha bolg'an na'rsenin' wo'zi joq. Zamanago'y ilimler tasti'yi'qlag'ani'nday, ha'tte yen' mayda ja'nlikler de du'nyada qanday da bir ekologiyali'q ten' salmaqli'li'qti' saqlap turadi'. Yeger wolar joq yetilse, a'lemdegi uluwma ten' salmaqli'li'q buzi'ladi'. Ulli' babami'z mine usi' haqi'yqatti' na'zerde tuti'p, insanlarg'a qarata, sen de Alla-dan ibrat al, ha'miyshe miynette bol, ha'reketten toqtama, dep aytpaqta.

**Turaqli' iygilikli ha'reket — do'retiwshilik boli'p yesaplanadi'. Shi'n kewilden ha'reket yetpeytug'i'n, woylamaytug'i'n, wo'z betinshe pikirley almaytug'i'n, kim ne buyi'rsa, u'ndemesten wori'nlap kete beretug'i'n adamni'n' isin bolsa do'retiwshilik dep bolmaydi'. Tek shi'n ju'rekten islengen miynet arqali' haqi'yqi'y a'jayi'p na'rseler payda boladi'.**

**Do'retiwshi miynet jemisi bolg'an tan' qalarli'q na'rselerdi du'nyada ko'plep ushi'rati'w mu'mkin. Mi'si'r piramidalari', Rim, Parij ha'm Veneciya qalalari', a'yyemgi Shi'g'i'sti'n' arxitek-turali'q yestelikleri mine usi'nday ka'ramatlar boli'p yesaplanadi'. Yelimizdegi Samarqand, Buxara ha'm Xiywa kibi a'yyemgi**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 40-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**qalalar, Registan, Shahizinda, Minarayi' Ka'lan, Buxara Arki, Ishanqal'a si'yaqli' ju'da' siyrek ushi'rasatug'i'n arxitekturali'q yestelikler, «Shashmaqom»day biyta'kirar ko'rkem wo'ner du'r-danalari' da insaniyat aqi'l-za'kawati' menen jarati'lg'an ka'ramatlar qatari'nda turadi'.**

Biz ulli' ata-babalari'mi'zdan miyras qalg'an bunday bayli'qlari'mi'z bar yekeninen maqtani'p jasaymi'z, wo'zimiz de keleshekte mine usi'nday do'retiwshilik islerdi a'melge asi'ri'wg'a ha'reket yetemiz.



*A'ziz woqi'wshi'! Buni'n' ushi'n siz qanday woqi'wi'n'i'z, nelerge ko'birek itibar beriwin'iz kerek?*

Xalqi'mi'zg'a ta'n bolg'an do'retiwshilik da'stu'rleri g'a'rezsizlik ji'llari'nda qayta tiklenip, mu'na'sip dawam yettirilmekte. Bunda Prezidentimizdin' g'a'rezsizliktin' birinshi ji'llari'nan baslap «Jan'a u'y qurmay turi'p, yeskisin buzban'» degen ideya menen yendi qa'liplesip ati'rg'an jan'a ja'miyetimiz ushi'n do'retiwshilikti tiykarg'i' maqsetke aylandi'rg'ani' u'lken a'hmiyetke iye boldi'. Sebebi, biz g'a'rezsizlikke yerisken 1991-ji'l, wonnan keyingi da'slepki ji'llar ju'da' qi'yi'n da'wir yedi. Sol waqi'tlari' bazi' ma'mleketler g'a'rezsizlik jen'isinen qanday da bir maqtani'p, yendi jan'a ja'miyet qurami'z dep, jarati'wdan ko're buzi'wg'a ko'birek berilip ketken yedi. Biraq jan'a ja'miyetti bir ku'nde, ha'tte bir-yeki ji'lda da quri'p bolmaydi'. Bul — uzaq dawam yetetug'i'n, ko'p izleniw ha'm ta'jiriybelerdi, u'zliksiz mashaqatli' miynetti talap yetetug'i'n wog'ada awi'r process. Bul haqi'yqatli'qti' teren' an'lag'an Jurtbasshi'mi'z yeski ja'miyet binasi'n saqlap turg'an halda, jan'asi'n basqi'shpa-basqi'sh quri'p bari'w joli'n tan'ladi'.

Bul joldi'n' a'hmiyeti sonnan ibarat boldi', wol aldi' menen watan-laslari'mi'z qa'lbindegi do'retiwshilik tuyg'i'si'n woyatti', wolardi' ulli' ata-babalari'mi'z da'stu'rlerin mu'na'sip dawam yettiriwge shaqi'rdi'. Soni'n' ushi'n g'a'rezsizlik ji'llari'nda qala ha'm awi'llari'mi'z ha'r ta'repleme abat boldi', jan'a-jan'a mektepler, licey ha'm kolledjler, joqari' woqi'w wori'nlari', muzeyler, teatrlar, zamanago'y ka'rxanalar, saltanatli' turaqjaylar, go'zzal qi'yabanlar, tep-tegis jollar, bazarlar, ko'pirler jurti'mi'z shi'rayi'na shi'ray qospaqta.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Adamzat jaqsi'li'qqa qarap umti'lg'an sayi'n woni'n' woy-pikirinde do'retiwshi ideyalar tuwi'la beredi.**

Xalqi'mi'z: «Umti'lg'ang'a i'g'bal yar», — deydi. Itibar bergen bolsan'i'z, ata-analar wo'z balalari'n salamat ha'm ba'rkamal yetip yer jetkizgen sayi'n wolardi'n' qa'lbinde jan'a-jan'a arzi'wlar tuwi'ladi': balalari'mdi' woqi'tsam, yel-jurtqa toy bersem, wolardi' u'yli-jayli' qi'lsam, aqli'qlari'mni'n' baxti'n ko'rsem, degen niyetler menen jasaydi'. Yeger wolardi'n' kewlinde iygilikli maqsetler bolmasa, yerten'gi ku'nine isenim menen qaramasa, sonshama arzi'w-u'mitler qay jerden payda bolar yedi?

**Do'retiwshi ideyalar insanlar ha'm xali'qlar qa'lbindegi iygilikli maqsetlerden payda boladi'.**

**Bu'gingi ku'nde insaniyat aldi'ndag'i' uluwma qa'wip-qa'terlerge qarsi' milletler ha'm xali'qlardi' birlestiriwde do'retiwshi ideyalar u'lken a'hmiyetke iye bolmaqta. Zaman talaplari'na say ra'wishte wo'tkerilip ati'rg'an tu'rli ilajlarda bunday ideyalar tiykarg'i' wori'n tutpaqta. Ma'selen, xali'q arali'q sport jari'slari', g'alaba ma'deniy a'njumanlar, ko'rkem wo'ner bayramlari', kinofestivallarda du'nyadag'i' progressiv ku'shlerdi birlestiriw, dosli'q, awi'zbirshilik, ti'ni'shli'q-tati'wli'q kibi iygilikli ideyalarg'a basli' a'hmiyet berilmekte.**

Siz insang'a berilgen ko'p g'ana ta'riyplerdi yesitken bolsan'i'z kerek. Insandi' — Jaratqanni'n' ulli' ka'ramati', ulli' ha'm biyta'kirar janzat, ta'biyat gu'ltaji', aqi'l-za'kawat, woy-pikir iyesi, deymiz. Bul ta'riyplerdin' ha'mmesi de duri's. Biraq insandi' mine usi'nday ta'riyplerge mu'na'sip yetken — woni'n' do'retiwshiligi boli'p yesaplanadi'. Yeger insan aqi'li' menen woylap-pikirlep do'retiwshilik penen shug'i'llanbasa, ku'sh-g'ayrat sarplap, ten'siz a'jayi'p na'rseler jaratpag'anda, woni'n' ta'riypine sonshelli go'zzal so'zler de ayti'lmag'an bolar yedi.

Juwmaqlap aytqanda, insanni'n' iygilikli umti'li'slari', joqari' maqsetleri, qa'lbinde a'dalat ha'm haqi'yqatqa isenim sezimi bar yeken, do'retiwshi ideyalar hesh qashan jog'almaydi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. «Do'retiwshi» so'zinin' ma'nisi ne?
2. Do'retiwshi ideya dep qanday ideyag'a ayti'ladi'?
3. Insan aqi'l-za'kawati' menen quri'lg'an, do'retiwshi miynet jemisi bolg'an qanday a'jayi'p na'rselerdi bilesiz?
4. Amir Temur babami'z xalqi'mi'zdi'n' do'retiwshiligi menen maqtani'p, ne degen?
5. Yel-jurti'mi'z tariyxi'ndag'i' qanday do'retiwshi ideyalarni bilesiz?
6. Su'wret sali'w, qanday da bir na'rseni sog'i'w, gu'l yaki na'lshe woti'rg'i'zi'w ha'm ta'rbiyalawdi' bilesiz be?
7. Wo'zin'iz tani'ytug'i'n, haqi'yqi'y do'retiwshi dep ataw mu'mkin bolg'an adamlar haqqi'nda ayti'p berin'.
8. Usi' arxitekturali'q yesteliklerdin' qaysi'si'ni'n' man'layshasi'na Amir Temur babami'z ta'repinen belgili hikmetli so'zler jazi'lg'ani'n ayti'n'.


*a*


*b*


*d*


*e*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# BILIM HA’M MA’NAWIYAT

***(A’meliy sabaq)***

A’ziz woqi’wshi’! Siz ma’nawiyat haqqi’nda, pikir ha’m ideya tuwrali’ da’slepki bilimge, tu’sinikke iye bolmaqtasi’z. Mi’nani’ yesten shi’g’arman’: ma’nawiyat ta, ideya da insandi’ an’lawda, tu’siniwde ju’da’ u’lken a’hmiyetke iye boladi’. Soni’n’ ushi’n biz ma’nawiyatti’, woni’n’ quram bo’legi bolg’an ideyani’, bul yeki a’jayi’p ha’diysenin’ wo’zgesheligi ha’m ni’zamli’li’qlari’n qanshelli teren’ bilip alsaq, insanlardi’ da sonshelli jaqsi’ tu’sinetug’i’n bolami’z. Bul bolsa turmi’sta duri’s jol tan’lawi’mi’z, jaqsi’ni’ jamannan, duri’sti’ naduri’stan aji’rata ali’wi’mi’zg’a ju’da’ u’lken ja’rdem beredi.

Insan qansha ko’p adam ko’rse, wolar menen qatnas qi’li’p, ta’jiriybesi artsa, woni’n’ bilimi, ma’nawiyati’ sonshama ku’shli boladi’. Yeger siz ulli’ babami’z Zahiriddin Muhammed Baburdi’n’ «Baburnama» kitabi’n qi’zi’g’i’p, woqi’p ko’rgen bolsan’i’z, wonda avtor parsi’sha bir ba’ytti yeske aladi’. «Harchi gar oyna javon binad, Pir dar xishti puxta on binad» degen bul ba’yttin’ ma’nisi to’mendegishe: jas adam aynag’a qarap ne ko’rse, kekse adam gerbishke qarap wonnan da jaqsi’raq ko’redi.

U’yde ata-anan’i’z, atan’i’z yaki kempir apan’i’z, mektepte ustazlari’n’i’zdi’n’ so’zleri, is-ha’reketlerine itibar bersen’iz, wolardi’n’ qanshama ko’p na’rse biliwi, ko’p na’rsege aqi’li’ jetiwine isenim payda yetesiz. Ma’selen, sabaq waqti’nda ustazi’n’i’zdi’n’ bir wo’zi sabaqtag’i’ 25—30 balani’n’ ha’reketi, ne menen shug’i’llani’p ati’rg’ani’, da’pterin, kitabi’n qay jerge qoyi’p, ruchkani’, qa’lemdi qoli’ menen qalay uslap ati’rg’ani’na shekem qadag’alap, baqlap turadi’. Hesh na’rse woni’n’ itibari’nan shette qalmaydi’. Buni’n’ u’stine, ustazi’n’i’z sonshama balani’ qadag’alawdan ti’sqari’, pu’tkil woy-pikirin taza sabaqti’ sizlerge qi’zi’qli’ yetip wo’tiwge qarati’wi’, waqti’-waqti’ menen da’pterin, kitabi’n ashi’p, klass taxtasi’na kerekli qag’i’ydalardi’ jazi’p bari’wi’, tu’sinbey qalg’an jerlerin’izdi qaytadan tu’sindirip beriwi kerek. Ustazi’n’i’z bilimi, ta’jiriybesi jeterli,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ma'nawiyati' joqari' da'rejede bolg'ani' ushi'n bar-jog'i' 45 minutta sizge bir a'lem bayli'qti', yag'ni'y bilimdi sawg'a yetedi. Wortada pursat tawi'p, turmi'sli'q ma'seleler, a'dep-ikramli'li'q boyi'nsha da za'ru'r jol-jori'qlar beredi. Bulardi'n' barli'g'i' ji'llar dawami'nda islengen ti'ni'msi'z miynet ha'm mashaqat, u'zliksiz izleniw na'tiyjesi boli'p yesaplanadi'. Joqari'da atap wo'tilgen naqi'lg'a sa'ykeslendirip ayta-tug'i'n bolsaq, siz aynag'a qarap ko'retug'i'n, zorg'a parqlap alatug'i'n na'rselerdi ustazi'n'i'z a'piwayi' gerbish yaki kesekke qarap ta ayti'p beriwi mu'mkin. Bilim ha'm ma'nawiyatti'n' ten'siz ku'shi mine usi'nda.

**Bilim, ag'arti'wshi'li'q, ma'nawiyat insang'a qosi'msha ku'sh-imkaniyat, ayti'w mu'mkin bolsa, qosi'msha ko'z — qa'lb ko'zin beredi, woni' ra'wshanlasti'radi'. Insan mine usi' ko'z ja'rdeminde basqalar ko'rmegen na'rselerdi ko'rip, wolar bilmegen na'rselerdi bilip aladi'. A'sirese, a'tirapi'mi'zda ju'rgen, ha'r ku'ni biz benen so'ylesetug'i'n ata-anami'z, ag'a-inilerimiz, dos-biradarlari'mi'z, ustazlari'mi'zdi'n' kewlin, maqset-tileklerin tez an'lap, wolar qa'le-gen islerdi wori'nlaw, wolar arzi'w yetkendey jaqsi' insan boli'wda bunday ma'nawiy pazi'yletler wog'ada qi'mbatli' boli'p yesaplanadi'.**

Biz turmi'sta wo'z worni'mi'zdi' tabi'wi'mi'z, ha'r bir sa'wbetle-simizge woni'n' ishki du'nyasi', minez-qulqi'n yesapqa alg'an halda mu'na'sibette boli'wi'mi'z, wori'nsi'z ga'p penen basqalardi'n' kewlin awi'rti'p qoymawi'mi'z, bir so'z benen aytqanda, a'depli ha'm ma'de-niyatli' boli'wi'mi'z ushi'n insandi' da, ma'nawiyatti' da an'lap jasawg'a umti'li'wi'mi'z lazi'm.

Ata-anan'i'z, ustazlari'n'i'z sizge ha'r ku'ni duri's ha'm kerekli ken'esler, jol-jori'qlar beredi. Sebebi wolar sizin' imkaniyati'n'i'z, ma'-nawiyati'n'i'zdi', nege mu'ta'j yekenin'iz, nege qurbi'n'i'z jetedi, nege qurbi'n'i'z jetpeytug'i'ni'n jaqsi' biledi.

Wo'zin'iz de ha'r ku'ni shan'araqta, mektepte, ko'shede qansha adam menen ushi'rasi'p, sa'wbetlesesiz. Wo'zin'iz toli'q an'lamasan'i'z da, wolardi'n' ruwxi'yati'n tu'sinip, wo'zlestirip barasi'z. Buni' mi'nadan da bilse boladi': siz ata-anan'i'z, shan'araq ag'zalari'n'i'z benen pu't-killey basqa temada, klaslas doslari'n'i'z benen pu'tkilley basqasha temada so'ylesesiz. Yamasa ul balalarg'a yetken ha'zil-da'lkeklerin'izdi



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

hesh qashan qi'z balalarg'a qi'lmaysi'z. Demek, siz wolardi'n' ruwxi'y jaqtan bir-birinen parqlani'wi'n, ha'r bir klaslasi'n'i'zdi'n' wo'z ruwxi'y du'nyasi' bar yekenligin jaqsi' bilesiz ha'm usi'g'an qarap, wolardi'n' ha'r birine wo'z aldi'na mu'na'sibette bolasi'z. Yag'ni'y, ha'r bir dosti'n'i'z, klaslasi'n'i'zdi'n' ruwxi' du'nyasi'na sa'ykes bolg'an mu'ra'jat formasi'n taba alasi'z. Bul — sizin' u'lken tabi'si'n'i'z.

Juwmaqlap aytqanda, bilim ha'm ma'nawiyat bir-biri menen ti'g'i'z baylani'sli'. Insanni'n' bilimi, ta'jiriybesi asqan sayi'n woni'n' ma'nawiyati' da joqari'lap baradi'.

Usi' a'meliy sabag'i'mi'z talabi'nan kelip shi'qqan halda, da'slep, siz benen qatar woti'ratug'i'n klaslasi'n'i'zdi'n' ruwxi'yati' qanday yekenin ta'riplewge ha'reket yetin'. Wol basqalardan nesi menen parq qi'ladi'? Kem so'zli me, ko'p so'yley me? Ko'p woqi'y ma? Wol qanday filmlerdi jaqsi' ko'redi, qanday kitaplardi' woqi'ydi'? Sport penen shug'i'llana ma? Ata-anasi'na qanday ja'rdem beredi? Woni'n' siz benen bir wo'mir dos boli'p qali'wi'n qa'leysiz be? Ne ushi'n?

Yelimizdegi, du'nyadag'i' qaysi' ataqli' sportshi'lar yaki ko'rkem wo'ner g'ayratkerleri sizge unaydi'? Wolardi'n' ruwxi'y du'nyasi' qanday dep woylaysi'z?

Du'nyada ha'r bir insan kewlindegi da'rtlerin, a'rmanlari'n tarti'nbastan ayta alatug'i'n, wo'zine jaqi'n si'rlas dosti' bolg'ani'n qa'leydi. Sizin' sonday dosti'n'i'z bar ma? Wo'zin'iz basqalardi'n' kewlindegilerdi yesitiwge, wolarg'a da'rtles, pikirles boli'wg'a umti'lasi'z ba?

A'meliy sabaq dawami'nda mine usi' sorawlar haqqi'nda woylap, ustazi'n'i'z, klaslasla ri'n'i'z benen pikir ali'si'wg'a ha'reket yetin'.

### A'MELIY SABAQ USHI'N A'DEBIYATLAR:

1. Islam Karimov. Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — Tashkent: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 18—29-betler.

2. Islam Karimov. Watan ha'm xali'q ma'n'gi qaladi'. — Tashkent: O'zbekistan Milliy kitapxanasi' baspasi', 2010-ji'l.

3. Worta a'sirler Shi'g'i's dani'shpanlari' ha'm woyshi'llari'ni'n' tariyxi'y miyrasi', woni'n' zamanago'y civilizaciyani'n' rawajlani'wi'ndag'i' roli ha'm a'hmiyeti.//Xali'q arali'q konferenciya materiallari'. — Tashkent: «O'zbekistan» baspasi', 2014-ji'l, 4—36-betler.

4. Zahiriddin Muhammed Babur. Baburnama. — Tashkent: «Sharq» baspa-poligrafiya akcionerlik kompaniyasi' bas redakciyasi', 2002-ji'l, 159-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TA'KIRARLAW

A'ziz woqi'wshi'! Mine, «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi' ha'm ma'nawiyat tiykarlari'» sabaqli'g'i'ni'n' birinshi bo'limin woqi'p tamamladi'q. Wo'tilgen temalardi' ta'kirarlap, alg'an bilimlerin'izdi bekkemlew ushi'n ha'r bir sabaq boyi'nsha berilgen soraw ha'm tapsi'rmalardi' yeske ali'n'. Yen' a'hmiyetlisi, ha'r bir temada Prezidentimiz Islam Karimovti'n' «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nan keltirilgen pikirlerdin' ma'nisin ja'ne bir ma'rte tu'sinip ali'n'.

Wo'tilgen sabaqlardi' ta'kirarlaw ha'm yeste saqlap qali'wda wolarda bayan yetilgen tiykarg'i' tayani'sh tu'sinik ha'm ibaralar a'hmiyetli rol woynaydi'. Siz mine usi' tayani'sh tu'sinik ha'm ibaralardi' ha'r bir tema boyi'nsha da'pterlerin'izge jazi'p shi'g'i'n'. Ma'selen, «Milliy ideya — iygilikli arzi'w-umti'li'slar ko'rinisi» temasi' boyi'nsha to'mendegi ta'rtipte jazi'w mu'mkin.

Tiykarg'i' tayani'sh tu'sinik ha'm ibaralar: milliy ideya, xali'qti'n' arzi'w-umti'li'slari', qolay tariyxi'y sharayat, g'a'rezsizlik, u'lken jetekshilik potenciali'na iye bolg'an basshi'ni'n' tariyx saxnasi'na shi'g'i'wi', milliy ma'mleket ha'm qa'diriyatlardi'n' tikleniwi, milliy ideyami'zdi'n' tiykarg'i' tu'sinik ha'm principleri, «Milliy g'a'rezsizlik ideyasi': tiykarg'i' tu'sinik ha'm principler» kitapshasi', «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'.

Mine usi'nday wo'zin'iz a'hmiyetli dep yesaplag'an tayani'sh tu'sinik ha'm ibaralardi' jazi'p alg'ani'n'i'zdan son' wolar tiykari'nda ustazi'n'i'z, klaslaslari'n'i'z benen birgelikte temani' ta'kirarlawi'n'i'z mu'mkin.

Bug'an qosi'msha tu'rde ha'r bir tema boyi'nsha sorawlar ha'm testler tayarlap, da'pterin'izge jazi'p bari'n'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# II bap

# IDEYAG'A QARSI' IDEYA, PIKIRGE QARSI' PIKIR

## ZI'YANLI' IDEYALAR

A'ziz woqi'wshi'! Du'nyada ha'mme na'rsenin' qarama-qarsi'si', yag'ni'y kerisi bolg'ani' si'yaqli', do'retiwshi ideyalar joli'nda tosi'q boli'wg'a ha'reket yetetug'i'n ideyalar da bar. Wolar zi'yanli' yaki buzg'i'nshi' ideyalar dep ataladi'.

*Do'retiwshi ideyalar insan qa'lbinde iygilikli arzi'w-umti'li'slardi' woyati'p, woni' jarati'wshi'li'qqa, hadal miynetke shaqi'rsa, buzg'i'n-shi' ideyalar azg'i'rti'wshi', jawi'z sezimlerdi woyatadi' ha'm jamanli'qqa baslaydi'.*

Siz «Tariyx» pa'ninen jaqsi' bilgenin'izdey, insaniyat wo'z rawajlani'wi' dawami'nda qansha uri's ha'm ja'njeller, qanli' sawashlardi' ko'rgen. Ha'tte bu'gingi ku'nde de du'nyadag'i' tu'rli ku'shler arasi'nda qarama-qarsi'li'qlar bar yekenligin ko'riw mu'mkin. Bulardi'n' barli'g'i' do'retiwshilik ha'm buzg'i'nshi'li'q arasi'ndag'i' gu'res bu'gin de dawam yetip ati'rg'ani'nan derek beredi.

«Insan jaqsi'li'q ushi'n, baxi't ushi'n tuwi'lg'an», deymiz. Wonda jamanli'q, buzg'i'nshi'li'q qay jerden payda boladi'? Prezidentimizdin' to'mendegi pikirleri bul sorawg'a juwap boladi'.

**«Bul du'nyada ta'biyatta da, ja'miyette de bosli'q bolmaydi'. Qay jerdedur bosli'q payda boldi' ma, woni' a'lbette kimdur tolti'ri'wg'a ha'reket yetetug'i'ni'na gu'man joq»[1].**

Insanni'n' sezim-tuyg'i'lari' do'gerek-a'tiraptag'i' waqi'ya-ha'diyselerdin' ta'sirine tez beriledi. Ma'selen, adamzat jaqsi' na'rselerdi

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 12-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ko'rgende, wolar menen qatnasta bolg'anda woni'n' qa'lbinde iygilikli ha'm unamli' tuyg'i'lar woyanadi'. Shi'rayli' ko'rinisti tamasha yetkende, jaqsi' kitap woqi'g'anda, qi'zi'qli' film ko'rgende yaki a'depli bala menen sa'wbetleskende wolarg'a degen mehrimiz, su'yis-penshiligimiz artadi'. Kerisinshe, jaman na'rseni ko'rsek yaki wonnan ta'sirlensek, jek ko'riwshilik ha'm g'a'zebimiz qozadi'. Mi'sal ushi'n, wo'tirikshi, menmen adamlardi', jag'i'msi'z ko'rinislerdi, iplas wori'nlardi' ko'rgende keypiyati'mi'z buzi'ladi', unamsi'z sezimlerimiz ku'sheyip ketedi. Yerk-i'qi'rari' azg'ana bosan' adamlar bolsa mine usi' ta'sirlerge tez berilip, wolarg'a beyimlesip ketkenin bilmey de qaladi'.

**Do'retiwshi ideyalar insandag'i' unamli' sezimler menen umti'li'slardi' ta'rbiyalaw, wolardi' iske sali'wg'a qarati'lg'an bolsa, zi'yanli', buzg'i'nshi' ideyalar adamdag'i' unamsi'z sezimlerdi qozg'ati'wg'a ha'reket yetedi. Buni'n' na'tiyjesinde turmi'sta ha'r tu'rli jag'i'msi'z waqi'yalar payda boladi'.**

*Buzg'i'nshi' ideya dep, insan qa'lbindegi unamsi'z umti'li'slardi' woyati'p, iygilikli tu'siniklerdi qa'lbekilestirip, jawi'zli'qti' ku'sheytiwge uri'natug'i'n ideyag'a ayti'ladi'.*

Do'retiwshi ideyalardi'n' tiykarg'i' wo'zgesheligi jaqsi'li'q, insang'a mehir-muhabbat, adamgershilik, jan'ali'q, rawajlani'wg'a umti'li'w bolsa, buzg'i'nshi' ideyalardi'n' tiykarg'i' belgisi jawi'zli'q, reyimsizlik, jabayi'li'q, jan'ali'q penen rawajlani'wdi' ko're almawshi'li'qtan ibarat.

**«A'tten', bul ku'shlerdin' haqi'yqi'y kelbetin, maqset-mu'dda'halari' menen imkaniyatlari'n toli'q ha'm ani'q-ra'wshan ko'z aldi'na keltiriw an'sat yemes. Nege degende, wolar ko'binese tu'rli ni'qaplar, ko'z tartatug'i'n su'ren ha'm ideyalar perdesi asti'nda is ju'rgizedi. Bunday ku'shlerdin' i'qti'yari'nda ju'da' u'lken materialli'q, finansli'q resurslar ha'm imkaniyatlar bar boli'p, wolardi'n' puqta woylang'an, uzaq ha'm dawamli' jawi'z maqsetlerine xi'zmet yetpekte»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 12-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



**Qarshi'. Ayyemgi ko'pir**

Buzg'i'nshi' ideyalardi'n' qa'wipli ta'repi sonnan ibarat, wolar ko'pshilikte qi'zi'g'i'wshi'li'q woyatatug'i'n, wolardi'n' ma'pine tiyisli bolg'an joqari' maqsetler menen ni'qaplani'p aladi'. Ma'selen, yelimizde 70 ji'l-dan aslam hu'kimdarli'q yetken, xalqi'mi'zdi'n' basi'na ko'p azap-aqiretlerdi keltirgen buri'ng'i' bol-shevizm ideologiyasi' socialli'q ten'-likke yerisiw, a'piwayi' miynetkeshler ma'pin ta'miyinlew si'yaqli' maq-setlerdi bayraq yetip alg'an yedi. Biraq 1917-ji'lda ha'kimiyatti' iyelegennen son' bul ideologiya a'piwayi' adamlardi' qatti' qi'ynawlar ha'm azaplarg'a duwshar yetti. «Jeke menshik mu'lkti saplasti'rami'z!» degen su'renler menen qansha adamlar mal-mu'lkinen ayi'ri'ldi', «kulak» si'pati'nda Sibir tog'aylari'na su'rgin yetildi, qamaqxanalarg'a taslandi'. «Kollektivlestiriw» bahanasi' menen jer ha'm suw, barli'q materialli'q bayli'qlar xali'qtan tarti'p ali'ndi'. «Ma'deniy revolyuciya», «proletar ma'deniyati'» degen shaqi'ri'qlar menen milliy-ma'deniy miyrasi'mi'z biykar yetildi, tariyxi'y yestelik-lerimiz ayawsi'z joq qi'li'ndi', ulli' dani'shpanlari'mi'zdi'n' mu'ba'-rek ismleri, jazg'an shi'g'armalari' qadag'an yetildi, ziyali'lari'mi'z repressiyag'a ushi'radi'. Sovet du'zimi da'wirinde ba'lentpa'rwaz su'renler asti'nda islengen bunday biyma'ni islerdi sanap shegine jetiw qi'yi'n. Sol zamandag'i' qaysi' bir kommunistlik ilajdi' ali'p qarasaq ta, ha'mmesinin' buzg'i'nshi'li'qtan ibarat yekenin ko'remiz. Bulardi'n' ha'mmesine sebep – bolshevizm ideyalari'ni'n' buzg'i'nshi' ideyalar bolg'anli'g'i'.



*Bolshevizm degende, kommunistlik ideologiya tiykari'nda qa'lip-lesken, XX a'sirde buri'ng'i' SSSR aymag'i'nda is ju'rgizgen zorli'q isletiw bag'dari'ndag'i' siyasiy ku'shtin' zi'yanli', buzg'i'nshi' teoriyasi'n, ideologiyasi'n ha'm a'meliyati'n tu'sinemiz.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Buzg'i'nshi'li'q ideologiyasi'n a'melge asi'ri'wda fashizm ha'm basqi'nshi' ateizm jawi'zlarsha jol tutadi'. Siz fashizm ha'm basqi'nshi' ateizm ba'lesinen insaniyat XX a'sirde qanday ja'bir shekkeni haqqi'nda «Tariyx» sabag'i'nan bilip alasi'z.

*Ateizm (grekshe «a» — biykar yetiw, «teos» — quday, yag'ni'y qudaysi'zli'q) tek materialli'q na'rselerdi ta'n ali'wg'a, din ha'm diniy qa'diriyatlardi' biykarlawg'a tiykarlang'an ta'liymat. Wol Shi'g'i'sta dahriylik (qudaysi'zli'q) dep ju'ritiledi.*

Qudaysi'zli'qti'n' yeki ta'repi bar. Wol, bir ta'repten, dindi si'ng'a alsa, yekinshi ta'repten, a'lem ha'm adamni'n' jarati'li'wi' menen jasaw wo'zgesheliklerin materialistlik tiykarda tu'sindiriwge uri'nadi'.

*Basqi'nshi' ateizm qudaysi'zli'qti'n' bir tu'ri boli'p, wo'z ideyalari'n zorli'q-zombi'li'q negizinde sin'diriwge uri'natug'i'n ideologiya boli'p yesaplanadi'. Soni'n' ushi'n da woni' buzg'i'nshi' ideologiya deymiz.*

Basqi'nshi' ateizm insaniyatti'n', soni'n' ishinde, xalqi'mi'zdi'n' diniy rawajlani'w bari'si'nda yerisken jetiskenliklerin pu'tkilley biykarlap, wolardi' joq qi'li'wg'a umti'ladi'. Yel-jurti'mi'z basi'nan keshirgen kolonialli'q da'wirinde «markssha-leninshe ateizm» dep atalg'an basqi'nshi' ateizm sovet ma'mleketinin' zuli'mli'q, yag'ni'y zorli'qqa tiykarlang'an ideologiyasi'na aylandi'.

*Zuli'mli'q ideologiya degende, ma'mleket ha'm ja'miyetti basqari'w qurali' bolg'an, adamlar sanasi'na ma'jbu'rlep sin'diriletug'i'n ideologiya tu'siniledi.*

Bolsheviklerdin' zuli'mli'q ideologiyasi' SSSR aymag'i'nda qa'legen biyma'nilikti isler yedi. Wog'an heshkim qarsi' shi'g'a almas yedi.

Ma'selen, bu'gingi ku'nde u'lken yestelik kompleksi si'pati'nda qaytadan quri'lg'an Imam Buxariy maqbarasi' sovet da'wirinde mineral to'ginler saqlanatug'i'n sklad ishinde qali'p ketken yedi. Yaki ja'ne bir ulli' babami'z Imam Moturidiy ha'm tag'i' da ko'plep a'ziz-a'wliyelerimiz jerlengen Samarqand qalasi'ndag'i' Chokardiza qa'biristani' buzi'li'p, woni'n' worni'na ma'ha'lle quri'lg'an. Adamlar meshitlerge bara almaytug'i'n, ha'tte ata-ana ha'm jaqi'nlari'ni'n' janazasi'n ha'm



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

basqa da ma'resimlerin de yerkin wo'tkere almaytug'i'n yedi. Hajg'a bari'w, Ka'a'bani' ziyaratlaw pu'tkilley qadag'an yetilgen yedi.

Basqi'nshi' ateizm sovet da'wirinin' son'g'i' ji'llari'nda ha'wij alg'ani' sonshelli, dinge hesh qanday baylani'si' bolmag'an, ta'biyat wo'zgerislerin wo'zinde sa'wlelendirgen, mi'n' ji'llardan beri belgilenip kelgen Nawri'zday a'yyemgi bayrami'mi'zdi' da qadag'an yetip qoydi'.

G'a'rezsizlikke yeriskenimizden son' bunday a'dalatsi'zli'qlarg'a pu'tkilley shek qoyi'ldi', diniy ha'm milliy qa'diriyatlari'mi'z tiklendi.

Ateizm, yag'ni'y qudaysi'zli'qti' du'nyawiylik penen aljasti'rmaw kerek.

*Du'nyawiylik — azat ha'm g'a'rezsiz ma'mleketlerdin' wo'z xalqi'ni'n' yerk-i'qi'rari' tiykari'nda tan'lap alg'an, insaniyatti'n' ko'p a'sirlik rawajlani'wi' dawami'nda si'nalg'an ta'jiriybelerine tiykarlang'an rawajlani'w joli', turmi's ta'rizi ha'm du'nyag'a ko'z-qaras formasi'.*

*Qudaysi'zli'q — dindi, diniy qa'diriyatlar menen diniy-ilahiy ta'liymatlardi' biykarlaytug'i'n du'nyag'a ko'z-qaras formasi'.*

Prezident Islam Karimov bul yeki tu'sinik arasi'ndag'i' parqti' aji'rati'p, bi'lay dep ko'rsetken yedi:

**«Du'nyawiylik, ayi'ri'm fundamentalist kimselerdin' shaqi'ri'qlari'nan parqli' ra'wishte, hasla qudaysi'zli'q yemes»[1].**

**Du'nyawiy ma'mleketshilik sharayati'nda basqa qa'diriyatlar qatari'nda dinge de, diniy isenim yerkinligine de ni'zam joli' menen kepillik beriledi, woni'n' ma'nawiyatti' rawajlandi'ri'wdag'i' a'hmiyetine u'lken itibar beriledi. Qudaysi'zli'q ideologiyasi' hu'kimdar bolg'an jerde bolsa, kerisinshe, din ha'm diniy qa'diriyatlar qadag'an yetiledi.**

Solay yetip, adamzat bar yeken, do'retiwshi ha'm buzg'i'nshi' ideyalar arasi'ndag'i' gu'res dawam yete beredi. Siz ha'r ku'ni televizor arqali' du'nyani'n' tu'rli mu'yeshlerinde jaqsi' ha'm iygilikli isler menen

[1] **Islam Karimov.** Azat ha'm abat Watan, yerkin ha'm pa'rawan turmi's — basli' maqsetimiz. — T.: «O'zbekistan» baspasi', 2000-ji'l, 504-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

birge tu'rli qopari'wshi'li'qlar, jari'li'wlar da ju'z berip ati'rg'ani'n ko'rip ati'rg'an bolsan'i'z kerek. Soni'n' wo'zi de bul gu'res ha'zirgi ku'nge shekem toqtamag'ani'n, jan'a formalarda dawam yetip ati'rg'ani'n ko'rsetedi.

**«Ideologiya» grekshe so'z boli'p, ideyalar ha'm ko'z-qaraslar sistemasi' degen ma'nini bildiredi.**

Wo'tken sabag'i'mi'zda ideyani'n' sistema payda yetiw wo'zgesheligi haqqi'nda sa'wbetlesken yedik. Yeger bir neshe ideyali'q sistema wo'z-ara birlesip, ideyalar, pikirler, tu'sinikler, da'stu'r ha'm qa'diriyatlar kompleksine aylansa, ideologiyani' qa'liplestiredi.



**Samarqand. Imam Moturidiy maqbarasi'**

Ma'selen, «bazar ideologiyasi'» degen ibarani' yesitken bolsan'i'z kerek. Bul ideologiya mu'lk formalari'nin' ha'r tu'rliligi, pul ha'm tovarlardi'n' yerkin aylani'si', yerkin ba'sekileslik si'yaqli' ideyalardi', hadalli'q, insap-diyanat, bereket, baha, qi'mbatshi'li'q, arzanshi'li'q si'yaqli' tu'sinik ha'm qa'diriyatlardi' wo'z ishine aladi'. Yaki siz u'yreniwge kirisip ati'rg'an milliy g'a'rezsizlik ideyasi'n alatug'i'n bolsaq, wol da tiykarg'i' ideyalar, basli' tu'sinik ha'm principlerdi wo'z ishine aladi'. Bu'gingi ku'nde mine usi' sistema tiykari'nda xalqi'mi'zdi'n' jan'a ideologiyasi' qa'liplesip barmaqta.

**Bir so'z benen aytqanda, ideologiya adamni'n', xali'q yaki ja'miyettin' wo'z aldi'na qoyg'an maqsetin a'melge asi'ri'w joli'nda paydalanatug'i'n ideyalar, tu'sinik, princip, qa'diriyat ha'm da'stu'rler sistemasi' boli'p yesaplanadi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Do'retiwshi ideya dep qanday ideyag'a ayti'ladi'?
2. Do'retiwshi ideyalardi'n' buzg'i'nshi' ideyalardan parqi' nede?
3. Buzg'i'nshi' ideyalar haqqi'nda tariyxtan ja'ne qanday mi'sallar keltiriw mu'mkin?
4. Basqi'nshi' ateizm ne ushi'n zi'yanli'?
5. Do'retiwshi ideyalardi'n' bu'gingi turmi'si'mi'zdag'i' na'tiyjeleri haqqi'nda nelerdi bilesiz?
6. Ideologiya qalay payda boli'wi'n tu'sindirin'.
7. Usi' su'wretlerde qaysi' ulli' ata-babalari'mi'zdi'n' yestelikleri sa'wlelengen ha'm wolar qashan jan'adan quri'lg'ani' haqqi'nda ayti'p berin'.


*a*


*b*


*d*


*e*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# QI'RAG'I'LI'Q HA'M SERGEKLIK

Biz haqi'yqi'y ma'deniyat u'lgisi bolg'an kinofilm, teatr yaki su'wretlew ko'rkem wo'neri shi'g'armalari'n ko'rgende, wolardag'i' unamli' qaharmanlardi' unati'p qalami'z, wolardan u'lgi ali'wg'a, wolar si'yaqli' yel-jurt ma'pi joli'nda sadi'qli'q penen xi'zmet yetiwge, adamlarg'a jaqsi'li'q qi'li'wg'a umti'lami'z. Sebebi, haqi'yqi'y ma'deniyat u'lgileri insandi' iygilikke, ulli' ideyalar joli'nda gu'resiwge, ana Watanni'n' ataq-abi'rayi'n asi'rap-abaylap, woni' joqari'g'a ko'terip jasawg'a shaqi'radi'. Biraq, tilekke qarsi', bu'gingi ku'nde yelimizge shetten kirip kiyati'rg'an jalg'an ma'deniyat u'lgileri de ko'p. Wolardan yen' ken' tarqalg'ani' «g'alaba ma'deniyat» dep ataladi'.

Bir qarag'anda ju'da' tarti'mli', zi'yansi'z ha'm azarsi'z boli'p tu'yiletug'i'n «g'alaba ma'deniyat» u'lgileri a'ste-aqi'ri'n qa'lbimizge, sana-sezimimizge ta'sir yetip, sezim-tuyg'i'lari'mi'zdi' wo'zine ba'nt yetip aladi'. Kewlimiz, sezimlerimiz, woy-pikirimiz a'ne usi' jalg'an ma'limlemelerge meyillesip, wo'zliginen ji'raqlasadi', ruwxi'mi'z jalqawlasi'p, wo'z betinshe pikirlew, turmi'sqa sergek ko'z benen qaraw jaqpay qala baslaydi'. Na'tiyjede tek jalg'an ha'm qa'lbeki turmi'sti' haqi'yqi'y turmi's si'pati'nda qabi'l yetetug'i'n, wo'zimizdi qorshap turg'an, yer jetkizgen salamat wortali'qtan — xalqi'mi'zdi'n' a'sirler si'nag'i'nan wo'tken u'rp-a'det ha'm da'stu'rlerinen, go'zzal qa'diriyatlari'nan uzaqlasi'p ati'rg'ani'mi'zdi' bilmey qalami'z. Misli ayag'i'mi'z jerden u'zilgendey boladi'. Qa'lbimiz, sana-sezimimiz wo'zimizdiki yemes, basqa





*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bir ku'shke tiyislidey boli'p qaladi'. Tek mine usi' ku'shke boysi'ni'p, woni'n' ta'sirinde ha'reket yetetug'i'n boli'p qalami'z. Bul negizinde ma'n'gu'rtliktin' zamanago'y ko'rinisi, ma'nawiy bag'i'ni'shli'li'q belgisi boli'p yesaplanadi'.

*Ha'zirgi ku'ndegi ma'limleme hu'jimleri ha'm «g'alaba ma'deniyat» dep at alg'an qa'wip-qa'terler bizin' ta'nimizge zi'yan keltirmeydi, bir jerimizdi qanatpaydi' da. Biraq wolar ata-anami'zdan wo'tken, bizdi ta'biyatqa, go'zzalli'qqa jaqi'nlasti'ri'p turatug'i'n sezimlerimizdi wo'ltiredi, qa'lbimiz ha'm sanami'zdi' pu'tkilley iyelep, wo'ziniki yetip aladi', ata-babalari'mi'zdan miyras boli'p kiyati'rg'an ma'nawiyati'mi'zg'a quri'q saladi'. Soni'n' ushi'n bunday zi'yanli' ta'sirlerdi ma'nawiy qa'wipler dep ataymi'z.*

**«Ma'nawiy qa'wip degende, yen' da'slep, tili, dini, iyman-isenimine qaramastan, ha'r qanday adamni'n' shi'n ma'nisindegi yerkin insan boli'p jasawi'na qarsi' qarati'lg'an, woni'n' a'yne ruwxi'y du'nyasi'n izden shi'g'ari'w maqsetin go'zleytug'i'n ideologiyali'q, ideyali'q ha'm informaciyali'q hu'jimlerdi na'zerde tuti'w lazi'm, dep woylayman»[1].**

Adam qashan shi'n ma'nisinde biyg'a'rez boladi'? Qashan woni'n' qa'lbi ha'm sana-sezimi, pu'tkil jan-ta'ni wo'zine tiyisli bolsa, wol tek wo'z qa'lewi, yerk-i'qi'rari'na su'yenip ha'reket yete alsa.

**Ma'nawiy qa'wipler bizdi bul du'nyada isenim-i'qti'yari' wo'zinde bolg'an, azat ha'm yerkin insan boli'p jasaw baxti'nan ayi'rmaqshi', basqasha aytqanda, insandi' jasli'g'i'nan baslap ruwxi'y jaqtan qul yetpekshi boladi'.**

Biz hesh qashan bug'an jol qoymawi'mi'z kerek. Sebebi, biz ha'm ruwxi'y, ha'm fizikali'q jaqtan ha'miyshe biyg'a'rez ha'm yerkin boli'p kelgen, soni'n' ushi'n da tariyxta pu'tkil insaniyatti' lal qaldi'ratug'i'n ten'siz ka'ramatlar jaratqan ulli' xali'qti'n' perzentimiz. Bul xali'q wo'z perzentlerinin' tek salamat ha'm ha'r ta'repleme jetik boli'wi'n qa'leydi.

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 13-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Du'nya maydani'nda hesh kimnen kem bolmastan, ata-babalari' baslag'an ulli' islerdi mu'na'sip dawam yettiriwdi qa'leydi.

Soni'n' ushi'n da Prezidentimiz Islam Karimov ha'zirgi quramali' du'nyada barg'an sayi'n ha'wij ali'p barati'rg'an reyimsiz bellesiwlerde wo'zligimizdi qoldan berip qoymaw, kerisinshe, qanday ulli' islerdi atqari'w qoli'mi'zdan keletug'i'ni'n a'melde ko'rsetip, ha'm fizikali'q, ha'm ruwxi'y jaqtan shi'ni'g'i'p, jetilisip bari'wg'a shaqi'radi'.

**«Bu'gingi ku'nde zamanago'y ma'limleme maydani'ndag'i' ha'reketlerdin' ti'g'i'zli'g'i', operativligi sonshelli, yendi buri'ng'i'day, awa, bul waqi'ya bizden ju'da' ali'sta ju'z beripti, woni'n' bizge baylani'si' joq, dep biypa'rwa qarawg'a bolmaydi'. A'ne usi'nday keypiyatqa berilgen xali'q yaki millet rawajlani'wdan ju'z ji'llar arqada qali'p ketiwi hesh ga'p yemes»[1].**

Demek, ha'zirgi ku'nde bir ma'writ g'ana itibarsi'zli'q ha'm biypa'rwali'qqa beriliw de adamzatqa ju'da' qi'mbatqa tu'sedi. Bug'an jol qoymaw ushi'n insan, da'slep, a'tirapi'na sergek na'zer taslap, ha'r ku'ni, ha'r saat, ha'r minutta qi'rag'i' ha'm sergek boli'p jasawi' lazi'm.

**«Ba'rshemizge mi'na na'rse ayan boli'wi' kerek: qay jerde biyg'amli'q ha'm biypa'rwali'q hu'kim su'rse, yen' aktual ma'seleler wo'zi boladi'li'qqa taslap qoyi'lsa, sol jerde ma'nawiyat yen' ha'lsiz ha'm jaramsi'z wori'ng'a aylanadi'. Ha'm, kerisinshe, — qay jerde sergeklik ha'm janku'yerlik, joqari' aqi'l-za'kawat ha'm woy-pikir hu'kim su'rse, sol jerde ma'nawiyat qu'diretli ku'shke aylanadi'»[2].**

Ha'zirgi ku'nde ko'p g'ana rawajlang'an ma'mleketlerdin' xali'qlari', yen' aldi' menen, jas a'wladti'n' zamanago'y baylani's quralları' arqali' zor berip adamlar sanasi'na sin'dirilip ati'rg'an a'depsiz, ma'nissiz, jalg'an ha'm sayi'z mag'luwmatlar, biyhaya ko'rinislerge, tu'rli jen'il-jelpi elektron woyi'nlar menen shi'ni'g'i'wlarg'a baylani'p, haqi'yqi'y turmi'sti' yesten shi'g'ari'p jiberip ati'rg'ani'nan u'lken ta'shwishke tu'spekte. Ku'ni boyi' tek usi'nday shi'ni'g'i'wlar menen ba'nt boli'p wo'sip ati'rg'an balalardi'n' qa'lbi ha'm sana-sezimi yerten' kimnin'

---

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 112—113-betler.

[2] Sonda. 116-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qoli’nda boladi’, wolar janli’ turmi’stan aji’rali’p, waqi’t wo’tiwi menen bir awi’z janli’ shiyrin so’zge zar boli’p qalmay ma, degen soraw wolardi’ woylandi’rmaqta. Bunday ja’miyetlik wortali’qta mehir-muhabbat qa’ha’tligi, wo’z-ara isenimnin’ joqli’g’i’ u’lken mashqalag’a aylanbaqta. Adamlar wo’zlerinin’ mehirge degen mu’ta’jliklerin qandi’ri’w ushi’n ha’tte haywanlardi’ asi’rap, wolar menen qatnas qi’li’p jasawg’a umti’li’p ati’rg’ani’ ayi’ri’m si’rt yellerde ko’p ushi’raspaqta.

Bizin’ xalqi’mi’z a’zelden miyrim-sha’pa’a’tti, insani’yli’qti’ yen’ ulli’ pazi’ylet da’rejesine ko’terip kelgen ha’m bul milliy turmi’s ta’rizimizdin’ aji’ralmas bo’legine aylani’p ketken. Biz ko’shede ko’rgen adami’mi’zg’a a’lbette qoli’mi’zdi’ ko’ksimizge qoyi’p sa’lem beremiz. Ja’rdemge mu’ta’j, mayi’p yaki basi’na tosattan awi’r is tu’sken adamlarg’a biyg’a’rez ja’rdem ko’rsetiw ushi’n asi’g’ami’z. Ma’ha’llemizde toy yaki mereke, ko’mek ha’m basqa ilajlar wo’tip ati’rg’an bolsa, ha’mme qatari’ waqti’nda jetip kelip, «Qa’ne, bizge ne xi’zmet?» dep sol ja’ma’a’ttin’ ag’zasi’ si’pati’ndag’i’ minnetimizdi wori’nlawg’a ha’reket yetemiz.

Yeger basqa qala yaki awi’ldan kelgen adam tu’newge wori’n taba almay qalg’an bolsa, hesh woylap ti’rmastan, woni’ u’yimizge mira’t yetip, a’ziz miyman si’pati’nda hu’rmetleymiz, wonnan hesh na’rseni ayamaymi’z.

Bulardi’n’ ha’mmesi bizin’ ma’nawiyat tarawi’nda qanshelli u’lken miyrasqa iye yekenimizden ha’m a’yne usi’ jag’i’nan basqalardan ayi’ri’qsha aji’rali’p turatug’i’ni’mi’zdan derek beredi.

**«Ma’selen, jaqsi’ a’detimizge aylani’p ketken mehir-aqi’bet tu’sinigin alatug’i’n bolsaq, woni’n’ ju’da’ teren’ tariyxi’y, milliy, diniy tami’rlari’ bar yekenin ko’riw mu’mkin. Bul a’wele insanni’n’ insan menen, qon’si’ni’n’ qon’si’ menen, tuwi’sqanni’n’ tuwi’sqan, shan’a-raqti’n’ shan’araq penen, yen’ a’hmiyetlisi, shaxsti’n’ ja’miyet penen uyg’i’n boli’p jasawi’n, jetim-jesir, tul-g’a’rip ha’m mayi’plarg’a, mu’sa’pirlerge saqawat ko’rsetiw, shi’n ju’rekten, biyg’a’rez ja’rdem beriwdi an’latadi’ ha’m bunday pazi’ylet xalqi’mi’zdi’n’ ruwxi’y du’nyasi’na sin’ip ketkenin hesh kim biykarlay almaydi’»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari’ ma’nawiyat — jen’ilmes ku’sh. — T.: «Ma’nawiyat» baspasi’, 2008-ji’l, 8—9-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Shi’ni’nda da, du’nyadag’i’ ko’p g’ana ma’mleketlerde u’lken-u’lken qalalarda jasaytug’i’n adamlar ha’tte qon’si’si’ni’n’ kim yekenligin de bilmeydi. Biliwge qi’zi’qpaydi’ da. Sebebi, wolarg’a mehir-aqi’bet tuyg’i’si’ biygana. Biz bolsa u’y sati’p alatug’i’n bolsaq, aldi’ menen bolajaq qon’si’mi’z kim yekenin sorasti’rami’z, sog’an qarap is tutami’z. Xalqi’mi’zdi’n’ «Jaqsi’ qon’si’ni’ sati’p al» degen naqi’li’ni’n’ negizinde de teren’ ma’ni bar. Yag’ni’y, adamg’a tilsiz-sessiz to’rt diywaldan ibarat u’y yemes, yen’ aldi’ menen kewilin tu’sinip, hu’rmetlep, bir wo’mirge da’rtles, pikirles bolatug’i’n, mehir ko’rsetete alatug’i’n insan kerek.

«Qon’si’n’ ti’ni’sh — sen ti’ni’sh» degen ja’ne bir a’jayi’p naqi’li’mi’z joqari’da ayti’lg’an pikirlerdi toli’qti’radi’. Yag’ni’y, xalqi’mi’zdi’n’ basqalardi’n’ da’rt-ta’shwishlerine ta’sirshen’ligi ha’m beriliwshen’ligi sonshelli, diywali’ni’n’ ar jag’i’ndag’i’ qon’si’si’ da’rtten yaki basqa turmi’sli’q mashqaladan qi’ynali’p ati’rg’an bolsa, yerkin na’pes ala almaydi’.

Du’nyadag’i’ bazi’ bir ma’mleketlerde tek wo’zin woylap jasawg’a, menmenlikke berilgen adamlar «Birewdin’ da’rti menen menin’ ne isim bar, ha’r kim wo’zi ushi’n wo’zi juwap beredi» degen keypiyat penen jasawi’ mu’mkin. Biraq bizin’ xalqi’mi’z qon’si’si’ ti’ni’shsi’zlani’p turg’an waqi’tta biyg’am jasay almaydi’.

Siz ku’ndelikli turmi’si’mi’zda da bul pikirlerdi tasti’yi’qlaytug’i’n ko’plep mi’sallardi’ ko’rgen bolsan’i’z kerek. A’sirese, uli’ yaki qi’zi’na toy beremen dep turg’an insanlar qon’si’larda aza boli’p qalg’an waqi’tta, marhumni’n’ hu’rmetin tuti’p, toydi’ toqtati’p turg’ani’ da bar ga’p. Yamasa kelinler da’rwaza aldi’n si’pi’ri’p ati’rg’anda, shan’ qon’si’si’ni’n’ ha’wlisine wo’tpesin dep, ko’she ta’repke qarap si’pi’ri’wi’ ha’m basqa da mi’sallar xalqi’mi’zdi’n’ qon’si’-qobashi’li’qti’ qanshelli joqari’ qa’dirlewin bildiredi.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bunday u'rp-a'det ha'm salt-da'stu'rler wo'z wo'mirin ja'miyet turmi'si' menen bir pu'tin halda ko'riw, yel-jurtqa sadi'qli'q ha'm pidayi'li'q u'lgisi boli'p yesaplanadi'.

Bizin' mine usi'nday ulli' ma'nawiy bayli'g'i'mi'z bar yeken, si'rttan tarti'mli' boli'p ko'rinetug'i'n, biraq ishi push, mag'i'zi' joq ideyalarg'a aldani'p qalmawi'mi'z kerek. Buni'n' ushi'n tek wo'zimiz yemes, al sana-sezimimiz, woy-pikirimiz de ha'miyshe woyaw ha'm sergek boli'wi' lazi'm.

Insan sergeklik ha'm qi'rag'i'li'q tuyg'i'si'n asi'ri'w ushi'n mudami' do'gerek-a'tirapi'ndag'i' ha'm du'nyadag'i' waqi'yalardan xabardar boli'p bari'wi' kerek. Watani'ni'n' tariyxi', xalqi'ni'n' milliy qa'diriyat-lari', bay ma'deniy miyrasi'n jaqsi' biliwi za'ru'r. Watan i'shqi', Watan ma'pi woni'n' ushi'n ha'r iste, ha'r qa'demde basli' wo'lshem boli'wi' da'rkar.

## ? *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. «G'alaba ma'deniyat» dep atalatug'i'n jalg'an na'rselerdin' haqi'yqi'y ma'deniyatqa baylani'si' bar ma?
2. Haqi'yqi'y ma'deniyat u'lgisi bolg'an shi'g'armalar bizdi nege shaqi'radi'?
3. «G'alaba ma'deniyat» u'lgileri qanday aqi'betlerge ali'p keliwi mu'mkin?
4. Ma'nawiy qa'wip degende neni tu'sinemiz?
5. Bir ma'writ biyg'amli'q ha'm biypa'rwali'qqa beriliw nege sebep boli'wi' mu'mkin?
6. Usi' su'wretlerdegi halatlar jaslardi'n' ha'r ta'repleme jetik boli'p yer jetiwinde qanday a'hmiyetke iye boladi'?


*a*


*b*


*d*


*e*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MILLIY WO'ZLIK HA'M DA'STU'RLER

A'ziz woqi'wshi', bu'gingi ku'ndegi tu'rli zi'yanli' ideologiyali'q ta'sirlerge berilmesten, ha'r qanday sharayatta da milliy kelbetimiz, biyta'kirar pazi'yletlerimizdi saqlap qali'wi'mi'z ushi'n a'yyemgi da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'mi'zdi' asi'rap-abaylap, wolardi' basshi'li'qqa ali'p jasawi'mi'z u'lken a'hmiyetke iye.

Yen' aldi' menen, Jer ju'zindegi ha'rbir millet wo'zine ta'n bolg'an da'stu'r ha'm qa'diriyatlari' menen ayi'ri'qsha aji'rali'p turatug'i'ni'n yeste tuti'n'. A'lbette, ha'r qaysi' xali'qti'n' biybaha bayli'g'i' bolg'an bunday qa'diriyat ha'm da'stu'rler bir-yeki ji'lda payda boli'p qalmag'an. Insaniyatti'n' neshshe mi'n' ji'lli'q tariyxi'y ta'jiriybesi qanday da bir na'rsenin' da'stu'rge, a'sirese, qa'diriyatqa aylani'wi' uzaq da'wirdi talap yetetug'i'ni'n ko'rsetedi. Ji'llar, a'sirler dawami'nda tu'rli ko'z-qaraslar, a'det, tu'sinik, ta'jiriybeler zamanlar, a'wladlar si'nag'i'nan wo'tedi, i'si'li'p, jetilisip baradi'. Yeger wolar keyingi a'wladlar ta'repinen de qabi'l yetilse, dawam yettirilip, u'rp-a'detke aylansa, demek, yendi wolardi' milliy da'stu'r ha'm qa'diriyat dep ataw mu'mkin.

Milliy qa'diriyatlar haqqi'nda siz «Watan tuyg'i'si'» pa'nin u'yreniw procesinde ko'p g'ana mag'luwmatlarg'a iye bolg'ansi'z. Milliy qa'diriyatlar millettin' tariyxi', turmi's ta'rizi, ma'nawiyati' ha'm ma'deniyati' menen aji'ralmas baylani'sli' halda ko'rinedi.

O'zbek xalqi'ni'n' ata-babalardan a'wladlarg'a wo'tip kiyati'rg'an milliy qa'diriyatlari' da uzaq tariyxi'y proceste qa'liplesken. Soni'n' ishinde, wo'zi tuwi'li'p wo'sken ana jurti'na muhabbat, wo'z ta'g'dirin mine usi' jurtsi'z ko'z aldi'na keltire almaw, wo'tken babalar ruwxi'na sadi'qli'q, u'lkenlerge mudami' hu'rmet, kishilerge izzet ko'rsetiw, ha'r qanday sharayatta da uyat ha'm a'ndiysheni saqlaw, turmi'sta pa'klikke



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



ayi'ri'qsha itibar beriw si'yaqli' pazi'yletler bizin' milliy qa'diriyatlari'mi'z tiykari'n quraydi'.

Qa'diriyatlar belgili bir sharayatta qa'liplesedi. Usi'g'an baylani'sli', bir millet qa'diriyatlari'ni'n' basqanikinen parqlani'wi' sol qa'diriyatti'n' qa'liplesiw sharayati' menen tu'sindiriledi. Joqari'da biz o'zbek milletine ta'n bolg'an ayi'ri'm qa'diriyatlardi' atap wo'ttik. Sol qa'diriyatlardan biri – adamlari'mi'zdi'n' wo'zi tuwi'li'p wo'sken u'yi, ma'ha'llesi, awi'li' yamasa qalasi'na teren' hu'rmet penen qarawi', wo'mirin usi' ma'kanlarsi'z ko'z aldi'na keltire almawi'ni'n' sebeplerin izlep ko'reyik.

«Tariyx» sabaqlari'nda alg'an bilimlerin'izden belgili bolg'ani'nday, bizin' xalqi'mi'z ju'da' a'yyem zamanlardan baslap woti'ri'qli' turmi's keshiriwge u'yrengen. Adamlar wo'zi wornalasi'p qalg'an jerin, woni'n' a'tirapi'ndag'i' suw da'reklerin qa'dirlewdi, asi'rap-abaylawdi' a'det qi'lg'an. Sebebi mine usi' jer ha'm suw ja'rdeminde ali'natug'i'n zu'ra'a't insanlardi'n' i'ri'sqi'-nesiybesi, tirishiliginin' a'hmiyetli da'regi boli'p yesaplang'an. Bunday woti'ri'qli' turmi's qa'lpi adamlardi'n' ja'ma'a't boli'p, bir-birine qol berip jasawi'na, miynet yetiwine, miynet jemislerin wo'z-ara ayi'rbaslaw arqali' sawda qatnasi'qlari'na kirisiwine ali'p kelgen. Usi'layi'nsha awi'l xojali'g'i' menen qala ma'deniyati' rawajlani'p barg'an. Jurti'mi'zda quri'lg'an Samarqand, Qarshi', Buxara, Xiywa, Shahrisabz, A'ndijan, Marg'ulan, Termiz ha'm Qoqan si'yaqli' wonlap qalalardi'n' jasi' mi'n' ji'llar menen wo'lsheniwi de tosi'nnan yemes.

Aytpaqshi' bolg'ani'mi'z – xalqi'mi'z wo'zi tuwi'li'p wo'sken topi'raqqa bekkem baylani'sqan, woni' qa'sterlewdi balali'g'i'nan u'yrenip, sezip jasaytug'i'n millet boli'p yesaplanadi'. Yel-jurti'mi'zdi'n' bul bag'dardag'i' ko'z-qaraslari', ma'nawiy tu'sinikleri woni'n' to'mendegidey ko'plep naqi'l-maqallari'nda da ayqi'n ko'rinip turadi':



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**«Dinnen shi'qsan' da, yelden shi'qpa»; «Iyt – toyg'an jerine, yer – tuwg'an jerine» (bul jerde «yer» – shi'n insan ma'nisinde); «Kisi jurti'nda sultan bolg'ansha, wo'z jurti'n'da ultan bol» (bul jerde «kisi» – biygana, wo'zge jurt ma'nisinde); «Yelge su'yensen', tolarsan', Yelden shi'qsan', solarsan'»; «Yelge yel qosi'lsa – da'wlet, Yelden yel ketse – miynet» (bul jerde «miynet» – ta'shwish, jog'alti'w ma'nisinde); «Yel quri'masa, jer quri'mas» ha'm t.b.**

Demek, xalqi'mi'zdi'n' wo'z jurti'na sheksiz sadi'qli'g'i', hu'rmetine baylani'sli' milliy da'stu'r ha'm qa'diriyatlari' woni'n' turmi's ta'rizi ha'm bay tariyxi' menen tu'sindiriledi. Tap soni'n'day, xalqi'mi'zdi'n' u'lkenlerge hu'rmet, kishilerge izzet ko'rsetiw, miymandosli'q, ja'rdemge mu'ta'jlerge miyrimli boli'w, uyat, iybe ha'm mehir-aqi'bet, shan'arag'i'n asi'rap-abaylaw, turmi'sta pa'klikti joqari' qa'dirlew si'yaqli' da'stu'r ha'm qa'diriyatlari' da turmi'sti'n' uzaq si'naqlari'nan wo'tken wo'lmes ma'nawiy miyrasi'mi'z boli'p yesaplanadi'.

Watani'mi'z g'a'rezsizlikke yeriskenge shekem xalqi'mi'z awi'r ha'm uzaq dawam yetken kolonialli'q sharayatta jasadi'. A'yyemgi Tu'rkistan u'lkesi da'slep patsha hu'kimeti, keyin bolsa sovet hu'kimeti ta'repinen basi'p ali'ndi'. Ha'r yeki basqi'nshi' du'zim de tek bizin' jerimiz, ta'biyiy bayli'qlari'mi'z, miynet wo'nimlerimizdi g'ana talaw, wo'zlestiriw yemes, al xalqi'mi'zdi'n' ruwxi'y, ma'nawiy bayli'qlari'na ko'z alarti'w, wolardi' wayran yetiw menen de turaqli' shug'i'llandi'. G'a'rezsizliktin' da'slepki ji'llari'nan-aq bul awi'r ku'nlerdi hesh qashan umi'tpaw kerekligin atap ko'rsetken Prezidentimiz 1994-ji'l 22-sentyabrde boli'p wo'tken parlament ma'jilisinde to'mendegi da'rtli-ta'shwishli pikirlerdi bildirgen yedi:

**«– Wo'zlerin' woylap ko'rin', a'ziz doslar, zuli'mli'q du'zimi, kolonialli'q da'wirinde biz kim yedik?**

**– Ta'g'dirimiz, yerkimiz kimlerdin' qoli'nda yedi?**

**– Ka'a'ba dep qay jerge si'yi'natug'i'n yedik? Ha'r tan' sa'ha'rde «A'ssalam!..» degen gimn namalari' asti'nda kimlerge qulli'q qi'li'p woyanar yedik?**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**— Tilimiz, dinimiz qanday awhalda yedi? Imam Buxariy, Imam Termiziy, Xoja Bahawiddin Naqshbandlardi'n' muqa'ddes topi'raqlari'na itibar bar ma yedi? Amir Temur, Babur Mi'rza ha'm basqa ulli' babalari'mi'zdi'n' ulli' ismleri qaysi' topi'raqlarda qari'si'p jatqan yedi?**

**— Milliy maqtani'shi'mi'z, insani'y ataq-abi'rayi'mi'z, u'rp-a'detlerimiz qanday tu'siniklerge almasti'ri'lg'an yedi?..»[1]**



A'ziz woqi'wshi'! Bul wo'tkir sorawlardi'n' ani'q juwaplari'n biliw, koloniallı'q du'zim da'wirinde ayaq asti' bolg'an milliy da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'mi'z g'a'rezsizlik ji'llari'nda qalay qayta tiklengenin an'law ha'r birimiz ushi'n ha'm qari'z, ha'm pari'z boli'p yesaplanadi'.

Haqi'yqati'nda da, derlik 130 ji'l dawam yetken koloniallı'q da'wirinde yelimizdin' materialli'q bayli'qlari' g'ana yemes, al xalqi'mi'z a'sirler dawami'nda mi'sqallap toplag'an, do'retken, aqi'l-za'kawat ku'shi menen jaratqan ne-ne ma'deniyma'nawiy bayli'qlari' talan-taraj yetildi. Bunday jawi'zli'qlar, a'sirese, sovetler hu'kimdarli'g'i' waqti'nda shi'dap bolmas da'rejege jetti. Bul du'zim du'nyag'a sonshama ulli' woyshi'l-dani'shpanlardi' ta'rbiyalap bergen xalqi'mi'zdi' sawatsi'z, ma'deniyatsi'z, uqi'psi'z, artta qalg'an bir millet bolg'an, dep kemsitiwge ku'sh berdi. Yel-jurti'mi'z wa'killerin ma'mleketlik basqari'w, siyasat ha'm ma'deniy islerden uzaq tuti'w, milletimizdin' wo'z ta'g'dirin wo'zi belgilew huquqi'n mensinbew a'dettegi jag'dayg'a aylandi'.

Awhaldi'n' jamanlasqani' sonshelli, ha'tte ra'smiy qag'azlarda ati'na g'ana «awqamli'q respublika» dep yesaplang'an O'zbekistanni'n' gimni wo'zge bir milletke «sa'lem» beriwden baslanar yedi. Buni'n' u'stine,

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 5—6-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

du'nyani'n' basqa hesh bir koloniallі'q ma'mleketi gimninde bunday xorli'qti', al basqi'nshi'lardi'n' bunday ta'ka'bbirliklerin tabi'w mu'mkin yemes yedi.

Du'nyadag'i' yen' bay tillerden biri bolg'an ana tilimiz tek awi'zeki qatnasta – ko'she tili da'rejesinde qali'p ketken yedi. Barli'q ma'mleketlik basqari'w isleri, ra'smiy hu'jjetler, ken'seler arali'q jazi'si'wlar wo'zge tilde ju'rgiziletug'i'n yedi, ha'tte o'zbek tilinde sabaq wo'tiletug'i'n mektep ha'm basqa ta'lim ma'kemelerinde de hu'jjetlerdin' ana tilimizde ju'rgiziliwine jol qoyi'lmaytug'i'n yedi.

Barli'q sovet respublikalari'nda bolg'ani' si'yaqli', O'zbekistanda da adamlardi'n' diniy ko'z-qaraslari', iyman-isenimi qadag'an yetilip, dindar adamlar ma'mleketlik islerge de, woqi'w wori'nlari'na da qabi'l yetilmeytug'i'n yedi. Yelimizde ko'plegen a'sirler dawami'nda quri'lg'an, ne-ne ali'mlar menen woyshi'llardi' woqi'ti'p ta'rbiyalag'an ataqli' medreseler, muqa'ddes wori'nlar – meshitler, tilewxanalar, a'ziz-a'wliyelerimizdin' mavzoleyleri buzi'p taslandi'. Bul jawi'zli'q siyasattan aman qalg'an ziyarat wori'nlari' bolsa bir jerde ruwxi'y kesellikler yemlewxanasi', basqa bir jerde bazar yaki du'kang'a, ja'ne bir jerde, ha'tte, malxanalarg'a aylandi'ri'p jiberilgen yedi. Adamlar Ramazan ha'm Qurban haytlari'n yemin-yerkin belgiley almaytug'i'n yedi, wonda qatnasqan adamlar jumi's wori'nlari'nda wo'tkeriletug'i'n ma'jilislerde dodalani'p, kemsitiletug'i'n yedi. Ha'tte, jaqi'n tuwi'sqani'nan ayi'ri'lg'an basshi' adamlar, yeger janaza ma'resiminde qatnasqan bolsa, jumi'stan quwi'li'p, ja'miyetshilikke jamanatli' yetip ko'rsetiw ushi'n gazeta-jurnallardag'i' maqalalar arqali' qaralanatug'i'n yedi.

**«Insaniyatti'n' ko'p mi'n' ji'lli'q ta'jiriybesi sonnan da'rek beredi, du'nyadag'i' zorli'qqa beyim, agressiv ku'shler qaysi' bir xali'q yaki ma'mleketti wo'zine bas iydirip, boysi'ndi'rmaqshi', woni'n' bayli'qlari'n iyelemekshi bolsa, yen' da'slep, woni' quralsi'zlandi'ri'wg'a, yag'ni'y yen' ulli' bayli'g'i' bolg'an milliy qa'diriyatlari', tariyxi' ha'm ma'nawiyati'nan juda yetiwge uri'nadi'»[1].**

---

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 11-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Haqi'yqati'nda da, sovet du'zimi hu'kimdarli'g'i' payti'nda Imam Buxariy, Imam Termiziy, Xoja Bahawiddin Naqshband kibi ju'zlep dani'shpan babalari'mi'z qaldi'rg'an miyras xali'qtan jasi'ri'ldi', ulli' babalari'mi'z ismleri kemsitildi, muqa'ddes su'yekleri ayaq asti' qi'li'ndi'. Tariyx sabaqli'qlari'nda Amir Temur, Babur Mi'rza si'yaqli' wonlap sha'wketli ma'mleketlik g'ayratkerler, ja'ha'n siyasati'ni'n' ulli' tulg'alari'ni'n' pa'k ismleri «basqi'nshi'», «qanxor», «reyimsiz foedal hu'kimdar» degen do'hmet so'zler menen tilge ali'ni'p, jaslardi' wolarg'a baylani'sli' g'a'zep ruwxi'nda ta'rbiyalawg'a ku'sh sali'nar yedi.

Mi'n' ji'llar si'nag'i'nan wo'tken go'zzal u'rp-a'detlerimiz, milliy-ma'deniy qa'diriyatlari'mi'zg'a a'mel yetiwge jol berilmesten, wolardi' xali'qti'n' yadi'nan shi'g'ari'p taslaw siyasati' ju'rgizilgen yedi.

A'yne usi'nday qi'yi'n jag'dayda yelimiz basshi'li'g'i'n wo'z moyni'na alg'an Islam Karimov xalqi'mi'zdi' bul awi'rmanshi'li'qlardan pu'tkilley qutqari'wg'a kiristi. Jurtbasshi'mi'z g'a'rezsizlikten derlik bir yari'm ji'l buri'n — 1990-ji'li' 24-fevralda shi'g'i'p so'ylewinde, atap aytqanda, bi'lay dep ko'rsetken yedi:

**«Milliy da'stu'rler xali'qti'n' yen' na'zik, yen' hu'rmet talap yetetug'i'n pazi'yletleri boli'p yesaplanadi'.**

**Tilekke qarsi', shetten kelgen bazi' bir adamlar mine usi' na'rse menen yesaplaspag'an paytlar boldi'. Ha'tte wo'zimizden shi'qqan ayi'ri'm basshi'lar Nawri'z bayrami'na, milliy kiyim-kenshekke qarsi' shi'qti'. Sonday da'rejege bari'p jetti, ha'tte tuwi'sqanlari'n jerlew ma'resimine qatnasi'wg'a da yeskilik sarqi'ti', dep qaraldi', bunday adamlarg'a, a'sirese, basshi'larg'a qi'si'm yetildi...**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Soni'n' ushi'n bu'gin bul islerdi qatti' qaralawi'mi'zdi', xali'q da'stu'rlerine, woni'n' miyrasi'na, adamlardi'n' diniy isenimlerine qatan' hu'rmet ha'm itibar menen qaraw kerekligin ja'ne bir ma'rte uqti'ri'p wo'tpekshimen»[1].**

Mi'n' qa'tle shu'kir, 1991-ji'ldi'n' 31-avgusti'nda O'zbekistanni'n' birinshi Prezidenti Islam Karimov pu'tkil ja'ha'nge yelimizdin' g'a'rezsizligin ma'rtlik penen, saltanatli' tu'rde ja'riyaladi'.

Prezidentimiz basshi'li'g'i'nda xalqi'mi'zdi'n' tariyxi'y yadi'n tiklew, a'yyemgi u'rp-a'det ha'm qa'diriyatlari'n qa'sterlew, muqa'ddes wori'n-lardi' hasli' qa'lpine qaytari'w, adamlardi'n' diniy yerkinliklerin ta'-miyinlew boyi'nsha shi'n ma'nisinde tariyxi'y a'hmiyetke iye isler a'melge asi'ri'ldi'. Usi' ken' ko'lemli process bir g'ana o'zbek milletinin' wo'tmishi, tili, dini ha'm qa'diriyatlari'n tiklew, rawajlandi'ri'w menen sheklenip qalmastan, ma'mleketimizde jasaytug'i'n barli'q millet ha'm xali'qlardi'n' da'stu'rleri menen qa'diriyatlari'na joqari' hu'rmet ko'rsetiw menen ti'g'i'z baylani'sli' halda ali'p bari'ldi'. Bul bolsa O'zbekistandi' wo'zinin' muqa'ddes Watani' dep bilgen barli'q puqaralari'mi'z arasi'ndag'i' wo'z-ara hu'rmet, awi'zbirshilik, tati'wli'q, ken'peyillik pazi'yletlerinin' ju'zege shi'g'i'wi'na, Jurtbasshi'mi'zdi'n' «Usi' a'ziz Watan — ha'mmemizdiki» degen iygilikli ideyasi' turmi'sqa izshil yengiziliwinde a'hmiyetli rol woynamaqta.

**Prezidentimiz atap wo'tkenindey, «Tariyxi'y yadsi'z — kele-shek joq». Tariyxi'y yad bolsa milliy da'stu'r ha'm qa'diriyat-lardi', wolardi'n' ma'nawiy qu'diretin de wo'zinde ja'mlestiredi. Bul qa'diriyatlardi'n' tikleniwi, qa'sterleniwi xalqi'mi'zdi'n' ma'nawiy jetilisiwinde, woni'n' bul du'nyada hesh kimnen kem bolmag'ani'n an'lawi'nda, seziwinde, yen' a'hmiyetlisi — bunnan keyin de heshkimnen kem bolmawg'a umti'li'wda qu'diretli fak-tor boli'p qaladi'.**

[1] **Islam Karimov.** O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda. — T.: «O'z-bekistan» BPDU', 2011. — 143—144-bb.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Milliy da'stu'r ha'm qa'diriyatlar qalayi'nsha ju'zege keledi?
2. O'zbek xalqi'ni'n' milliy da'stu'r ha'm qa'diriyatlari' qanday pazi'yletlerdi wo'z ishine aladi'?
3. Xali'q naqi'llari'nda, a'psana ha'm ra'wiyatlari'nda xalqi'mi'zg'a ta'n bolg'an qanday qa'diriyatlar uli'g'lanadi'?
4. Xali'qti' ma'nawiy miyrastan, da'stu'r ha'm qa'diriyatlardan ayi'ri'w qanday aqi'betlerge ali'p keliwi mu'mkin, dep woylaysi'z?
5. G'a'rezsizlik ji'llari'nda wo'zin'iz jasaytug'i'n aymaqta milliy da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'mi'zdi' tiklew boyi'nsha qanday isler a'melge asi'ri'ldi'?
6. Xalqi'mi'z ta'repinen jarati'lg'an ma'nawiy miyrasqa, milliy da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'mi'zg'a sovet da'wirinde qanday mu'na'sibet bolg'ani' tuwrali' baba ha'm mamalari'n'i'zdan sorap bilip ali'n'.
7. To'mendegi su'wretlerde qanday qa'diriyat ha'm da'stu'rlerimiz sa'wlelendirilgeni haqqi'nda gu'rrin' du'zin'.



*a*



*b*



*d*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TARIYXI'Y YESTELIKLER

### *(A'meliy sabaq)*

Bu'gingi a'meliy sabaq jobasi'n du'ziw, woni' qay jerde ha'm qashan wo'tkeriw, a'lbette, mug'allimin'izdin' moyni'ndag'i' wazi'ypa. Biraq bul sabaqqa hesh qanday tayarli'qsi'z, «quri' qol menen keliw» sizge jaraspaydi', duri's pa? Solay yeken, kelin', bolajaq sabaqqa wo'zimizdi tayarlayi'q, aldi'nnan biliwimiz mu'mkin bolg'an na'rseler tuwrali' so'ylesip alayi'q.

Yelimizdin' ha'r bir wa'layati', qala-awi'llari' menen ma'ha'llelerinde ali's yaki jaqi'n wo'tmishke baylani'sli' tariyxi'y yestelikler tabi'ladi'. Bul yestelik a'yyemgi medrese yaki meshit, tilewxana yaki minara, saray yaki qudi'q, monsha yaki ko'pir, muzey yamasa kitapxana boli'wi' mu'mkin yekenligin bilesiz. «Tariyxi'y yestelik» tu'sinigi ju'da' ken' ma'nili boli'p, wol wo'z ishine ma'ha'llen'izdegi saqlani'p qalg'an a'yyemgi digirmandi' da, g'arri' terekti de, yeski mazardi' da, siyrek ushi'rasatug'i'n qoljazba kitapti' da qamti'ydi'. Solay yeken, woqi'ti'wshi'n'i'z mine usi' yesteliklerdin' birewi mi'sali'nda sizge ha'm sizin' doslari'n'i'zg'a xalqi'mi'zdi'n' ilimiy-do'retiwshilik dani'shpanli'g'i' tuwrali' ken' tu'sinik beriwi mu'mkin.

Bolajaq sabaq waqti'nda siz a'piwayi' sayaxatshi', tamashago'y, baqlawshi' boli'p qalmawi'n'i'zdi' qa'leymiz. A'lbette, woqi'ti'wshi'n'i'z yaki a'meliy sabaqqa shaqi'ri'latug'i'n qa'nige adam sizge usi' tariyxi'y yestelik haqqi'nda ko'p na'rselerdi ayti'p beredi. Da'slep siz bul gu'rrin'lerdi di'qqat penen ti'n'lawg'a, kerekli mag'luwmatlardi' da'pterin'izge jazi'p ali'wg'a ha'reket yetin'. Ustazi'n'i'zdan yaki qa'nigeden tu'sinbegen na'rselerin'izdi sorap, ayqi'nlasti'ri'p ali'wg'a da yerinben'.

**Yeger bul yestelik qanday da bir tariyxi'y imarat bolsa, woni'n' jaylasqan worni', ko'lemi, bo'lmelerinin' sani' ha'm u'lken-kishiligi, si'rtqi' ha'm ishki bezewleri, man'layshasi'ndag'i' jazi'w-**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**lardi'n' ma'nisi, bul jazi'wlardi'n' ne menen jazi'lg'ani', qaysi' tilde yekeni, usi' imaratti' kim, qashan, qanday mu'na'sibet penen ha'm nege arnap qurg'ani' si'yaqli' ko'plep ma'seleler itibari'n'i'zdan shette qalmasi'n.**

Ma'selen, ko'pshilik jag'dayda bunday saltanatli' imaratlardi'n' a'tirapi'na ata-babalari'mi'z ko'birek tut ag'ashi'n yekken. Qi'zi'q, ne ushi'n a'yne usi' daraq yegilgen yeken?

Ga'p sonda, tut ag'ashi' wo'zinin' teren'ge ketken tami'rlari' menen usi' imarat jaylasqan jer asti'ndag'i' ha'm woni'n' a'tirapi'ndag'i' izey suwlardi' tarti'p, shaqa ha'm japi'raqlari' araqali' hawag'a puwlandi'ri'p jiberiwdey a'jayi'p qa'siyetke iye yekenin babalari'mi'z ju'da' jaqsi' bilgen. Na'tiyjede, u'lken imarat ti'rnag'i' ha'm diywali' qurg'aq, bekkem saqlang'an, uzaq a'sirler dawami'nda zi'yan ne yekenligin bilmegen. Buni'n' u'stine, tut wo'zinin' palday shiyrin, wo'nimdar miywesi, ta'nge ra'ha't bag'i'shlaytug'i'n salqi'ni', uzaq jasawi' menen de basqa daraqlardan aji'rali'p turadi'.

Qi'zi'g'i'p ko'riwin'iz mu'mkin bolg'an ja'ne bir ma'sele – sonshama ba'lent yetip quri'lg'an imaratlardi'n' a'sirler tolqi'ni'na – jawi'n ha'm qar, samal ha'm dawi'llar «hu'jimi»ne, jer qozg'ali'w ha'm qanshadan-qansha qi'rg'i'n sawashlardi'n' pa'tine mudami' to'tepki berip kiyati'rg'ani'ni'n si'ri' nede yekeni boli'p yesaplanadi'. Bul imaratlar zamanlar asa bunshelli turaqli' boy tiklep turg'anday, wolardi'n' ti'rnag'i'na ne, qansha teren'likte jatqi'zi'lg'an yeken? Bu'gingidey bekkem temir quri'lmalar, cement ha'm beton aralaspalar pu'tkilley isletilmegen bolsa da, wolardi'n' qali'n' diywallari'n, gu'mbezlerin, u'stinsiz man'layshalari'n ne uslap turi'pti'? Si'rtqi' ha'm ishki bezewlerine isletilgen ren'ler ko'rgen adamni'n' ko'zin birden jaynati'p jiberiwinin' si'ri' nede? Bul ha'm basqa wonlap sorawlardi' siz bermesen'iz, kim beredi, bul qi'zi'qli' sorawlardi'n' wo'zinen de qi'zi'qli'raq juwaplardi' siz bilip almasan'i'z, kim bilip aladi'?

Imarat man'layshasi' yaki basqa wori'nlari'ndag'i' jazi'wlar tuwrali' aytti'q. Yeskertip wo'tkenimizdey, bul jazi'wlardi'n' ne ma'nini an'lati'wi', qaysi' tilde yaki xat usi'li'nda jazi'lg'ani', woyi'p jazi'lg'an ba yaki bo'rtpe formada ma – bulardi'n' ha'mmesi de u'lken a'hmiyetke iye. Aytayi'q, meshit penen medresede ushi'rasatug'i'n jazi'wlar,



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

maqbara yaki minarag'a nag'i'slap tu'sirilgen jazi'wlar bir-birinen ha'r ta'repleme parq qi'ladi'. Yen' a'hmiyetlisi — bul jazi'wlar usi' imarat, mu'ba'rek jay, ziyarat worni' tuwrali' ju'da' a'hmiyetli mag'luwmatti' wo'zinde saqlag'ani' menen qi'mbatli' boli'p yesaplanadi'...

Gu'wasi' bolg'ani'n'i'zday, «Tariyxi'y yestelikler» temasi'nda wo'tkeriletug'i'n a'meliy sabaq ta a'piwayi' sayaxat bolmastan, ha'r birimizden puqta tayarli'qti', ko'plep sorawlardi' woylap ko'riwimizdi talap yetedi.

### A'MELIY SABAQ USHI'N A'DEBIYATLAR:

1. Islam Karimov. Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — Tashkent: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l.

2. Islam Karimov. Jaslari'mi'z — xalqi'mi'zdi'n' isenimi ha'm tayani'shi'. — Tashkent: «Ma'nawiyat» baspasi', 2006-ji'l.

3. Islam Karimov. O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda. — Tashkent: «O'zbekistan» BPDU', 2011-ji'l.

4. Ba'rkamal a'wlad — keleshegimiz tayani'shi'. — Tashkent: «Ma'nawiyat» baspasi', 2010-ji'l.

5. Worta a'sirler Shi'g'i's woyshi'llari' ha'm dani'shpanlari'ni'n' tariyxi'y miyrasi', woni'n' zamanago'y civilizaciyadag'i' roli ha'm a'hmiyeti//Xali'q arali'q konferenciya materiallari'. — Tashkent: «O'zbekistan» baspasi', 2014-ji'l, 4—36-betler.

## QADAG'ALAW JUMI'SI'

T a p s i' r m a : **«Ma'nawiyatti'n' ja'miyet rawaji'ndag'i' a'hmiyeti»** temasi'nda referat tayarlan'.

Wonda to'mendegi ma'selelerdi bayanlawg'a ha'reket yetin':

— Jurtbasshi'mi'z Islam Karimov ta'repinen «ma'nawiyat» tu'sinigine berilgen ta'riyp;

— xalqi'mi'zdi'n' bay ma'nawiy miyrasi'n wo'zlestiriw za'ru'rligi;

— ma'nawiyatqa itibar — keleshekke itibar yekeni;

— insan ma'nawiyati' neler yesesine bayi'wi' mu'mkin yekeni;

— yerkin, demokratiyali'q ja'miyetti tek ma'nawiyati' joqari' adamlar qura ali'wi';

— xalqi'mi'zdi' du'nyag'a tani'ti'wda milliy ma'nawiy bayli'qlari'mi'z — a'debiyati'mi'z, ko'rkem wo'nerimiz, ma'deniyati'mi'zdan ken' paydalani'wdi'n' a'hmiyeti ha'm basqa ma'seleler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# III bap

# MA'NAWIYATQA QA'WIP – WO'ZLIGIMIZGE QA'WIP

## KO'ZGE KO'RINBEYTUG'I'N QA'WIP-QA'TERLER

A'ziz woqi'wshi'! Aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zdan bilip alg'ani'n'i'zday, «globallasi'w» so'zi «Jer ju'zin qamti'p ali'w», «pu'tkil Jer ju'zine tiyisli» degen ma'nilerdi an'latadi'. Globallasi'w so'zi arqali', sonday-aq, bu'gingi du'nyada ilim-texnika tarawi'nda ashi'lg'an jan'ali'qlardi'n' keskin ko'beyiwi, ma'limleme ha'm mag'luwmatlardi' tezlik penen tarqati'w imkaniyati'ni'n' arti'wi', ma'mleketler arali'q ha'm adamlar arasi'ndag'i' barli'q baylani'slardi'n' tezlesiwi si'yaqli' ha'diyseler de tu'sindirilmekte.

**«Globallasi'w – bul yen' aldi' menen turmi's pa'tlerinin' ten'siz da'rejede tezlesiwi degendi an'latadi'»[1].**

Xosh, bul so'z ha'm tu'siniklerdin' milliy ideyag'a, ma'nawiyatqa, insanni'n' ruwxi'y du'nyasi'na ne baylani'si' bar?

Wo'zin'iz gu'wasi' bolg'ani'n'i'zday, heshbir insan, millet yaki ma'mleket wo'z a'tirapi'ndag'i' a'lemnen, ta'biyat ha'm ja'miyetten aji'ralg'an halda, ha'r ta'repleme jasi'ri'ni'p jasawi' da, aldi'na qarap ji'li'si'wi' da hasla mu'mkin yemes. A'zel-a'zelden adamlar, milletler ha'm ma'mleketler mudami' wo'z-ara qatnasta boli'p kelgen, bir-birine ha'r ta'repleme ta'sir ko'rsetken. Biraq, soni'si' da bar, uzaq a'sirler dawami'nda bul baylani's-ta'sirler ju'da' a'stelik penen, kishi ko'lemlerde, shegara aldi' aymaqlari'nda ju'z bergen. Ma'selen, Bati'sta woylap tabi'lg'an qanday da bir jan'ali'q yaki a'det Shi'g'i'sqa jetip kelip, u'rp-a'det tu'sine kirgenge shekem ju'z ji'llar wo'tip keter yedi. Tap

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 111-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

soni’n’day, kerisinshe mi’sallar da ko’p gu’zetilgen. Atap aytqanda, Shi’g’i’s xali’qlari’ ju’da’ a’yyemnen baslap paydalani’p kelgen, tazali’q ha’m salamatli’qti’n’ a’hmiyetli faktori’ bolg’an monshada juwi’ni’p, pa’kleniw a’detin bati’sli’lar u’yrenegenge shekem neshshe a’sirler talap yetilgen yedi. Ha’zir she?

**Ha’zir Jer ju’zinin’ basqa yari’m shari’nda, bizden won mi’n’lap shaqi’ri’m uzaqtag’i’ ma’mlekette boli’p wo’tken waqi’ya-ha’diyse, islep shi’g’ari’lg’an buyi’m, ashi’lg’an ilimiy jan’ali’q tuwrali’ xabar tabi’wi’mi’z ushi’n minutlar yemes, ha’tte sekundlardi’n’ wo’zi jeterli.**

Yeger ga’p tek xabardar boli’w menen sheklengende de, bug’an itibar bermew mu’mkin yedi. Ha’mme ga’p sonda, sol — won mi’n’lap kilometr uzaqta ju’z bergen waqi’ya-ha’diyse yerten’nen son’ du’nyani’n’ qa’legen bir mu’yeshinde de ju’z beriwi mu’mkin boli’p qalmaqta. Tap usi’nday — du’nyani’n’ bir mu’yeshinde islep shi’g’ari’lg’an buyi’mdi’ basqa bir shetine jetkerip beriw ushi’n da bir neshe ku’n jetkilikli. Yadi’n’i’zda bolsa, bul tuwrali’ aldi’n’g’i’ sa’wbetimizde de azg’ana pikir ju’ritken yedik.

A’lbette, du’nyani’n’ qay jerinde bolmasi’n, jarati’lg’an ilimiy jan’ali’qtan ha’mmenin’ tez paydalani’wi’, woni’n’ ja’rdeminde adamlar turmi’si’n ja’ne de pa’rawanlasti’ri’w, awi’ri’n jen’il qi’li’w — wog’ada za’ru’r ha’m sawapli’ is. Yamasa uzaq bir ma’mlekette islep shi’g’ari’lg’an, siz benen bizge de ko’p paydasi’ tiyetug’i’n na’rsege (ma’selen, yen’ aqi’rg’i’ modeldegi kompyuter yaki qol telefoni’na, ha’zirshe wo’zimizde islep shi’g’ari’li’wi’ baslanbag’an mashina ha’m u’skenelerge, awi’r keselliklerge shi’pa beretug’i’n jan’a da’ri-da’rmaqlar ha’m basqa da ko’plep za’ru’r na’rselerge) tez iye boli’w qanshadan-qansha mashqalalari’mi’zdi’ an’sat g’ana sheshedi. Bunday jag’daylar globallasi’w ha’diysesinin’ unamli’ ta’repleri boli’p, wolardi’ tek qollap-quwatlaw kerek. Bizin’ de mine usi’ proceste ken’ ha’m na’tiyjeli qatnasi’wi’mi’z, globallasi’w pa’tlerinen, du’nya rawajlani’wi’nan u’zilip qalmawi’mi’z talap yetiledi.

Tilekke qarsi’, bul waqi’ya — globallasi’w procesinin’ basqa ta’repleri de bar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**«Ha'r qanday progress na'tiyjesinen yeki tu'rli maqsette — iygilik ha'm jawi'zli'q joli'nda paydalani'w mu'mkin... Globallasi'w procesinin' ja'ne bir wo'zine ta'n ta'repi sonnan ibarat, ha'zirgi sharayatta wol ideologiyali'q ta'sir wo'tkeriwdin' wog'ada wo'tkir qurali'na aylani'p, ha'r tu'rli siyasiy ku'shler ha'm woraylardi'n' ma'plerine xi'zmet yetip ati'rg'ani'n salamat pikirleytug'i'n ha'r qanday adam, a'lbette, baqlawi' ani'q»[1].**

Joqari'da biz du'nyani'n' tu'rli mu'yeshlerinde ju'z berip ati'rg'an unamli' waqi'ya-ha'diyseler, ashi'lg'an jan'ali'qlar tuwrali' so'z yettik. Biraq bir waqi'yadan yekinshi waqi'yani'n', bir jan'ali'qtan basqa bir jan'ali'qti'n' parqi' bar yekenine aqi'li'n'i'z jetedi, a'lbette.

**Yen' qa'weterlisi — du'nyani'n' tu'rli mu'yeshlerinde jaylasi'p alg'an qopari'wshi' ku'shler de globallasi'wdan wo'z ma'pleri joli'nda paydalani'wg'a uri'nbaqta.**



Bunday ku'shlerdi, ma'nawiy-ideologiyali'q topi'li'slardi', sha'rtli tu'rde yeki iri bag'darda baqlaw mu'mkin.

Bul bag'darlardan birewin muqa'ddes islam dini ati'nan ni'zamsi'z is ju'rgizip ati'rg'an ha'r tu'rli buzg'i'nshi' ku'shler quraydi'. Fundamentalizmdi, diniy ekstremizmdi, reyimsiz terrorshi'li'qti' wo'zine qural yetip alg'an bunday toparlar bizin' yelimizdegi ti'ni'shli'q ha'm tati'wli'qti' buzi'wdi'n' tu'rli usi'llari'n woylap tappaqta. Wolar pu'tkil Jer ju'zindegi adamlar arasi'nda diniy, rasali'q, milliy kelispewshiliklerdi keltirip shi'g'ari'w, ha'mmeni wo'zleri si'yaqli' pikirlew, wo'mir su'riwge ma'jbu'rlew joli'nda hesh na'rseden de tayi'nbaydi'.

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 112—113-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

O'zbekistan topi'rag'i' a'yyem-a'yyemnen tu'rli millet ha'm xali'qlar, dinler, ma'deniyatlar wo'z-ara awi'zbirshilikte ti'ni'sh-tati'w boli'p jasag'an, rawajlang'an muqa'ddes u'lke yekenin siz bilesiz. Uzaq tariyx dawami'nda bizin' u'lkemizde bul ma'seleler a'tirapi'nda hesh qanday qarama-qarsi'li'q, uri's-ja'njeller kelip shi'qpag'an. Sebebi, o'zbek xalqi' wo'zinin' ken'peyilligi, milletler arali'q ha'm dinler arali'q tati'wli'qti' qa'dirlewi menen ko'pshilikke u'lgi bolg'an. Bunnan ti'sqari', bizin' jurti'mi'zda islam dininin' yen' ulli' tulg'alari' tuwi'li'p yer jetken, ta'lim-ta'rbiya tapqan. Wolar arasi'nda ha'dis iliminin' sultanlari' – muhaddisler, islam huquqtani'wshi'li'g'i' – fiqh iliminin' dani'shpanlari', insandi' ha'm fizikali'q, ha'm ruwxi'y jetiklikke qaray shaqi'ri'wshi' ruwxi'y-ag'arti'wshi'li'q ta'liymati' – ta'sawwif iliminin' darg'alari' bar. Bul ha'm ja'ne basqa ko'plep ma'nawiy faktorlar xalqi'mi'z iymani'ni'n' bekkem, iseniminin' qatan' boli'wi'n ta'miyinlegen. Prezidentimiz so'zleri menen aytqanda, Allataala – bizin' qa'lbimizde, ju'regimizde.

Fundamentalist, ekstremistlik ku'shler bolsa mine usi' isenimdi buzi'w, muqa'ddes dinimizdi g'a'rezli maqsetlerde paydalani'wg'a uri'nbaqta.

*Diniy fundamentalizm dindegi belgili bir dogma yaki qag'i'ydalardi', wori'nli' yaki wori'nsi'zli'g'i'na qaramastan, ko'z-ko'reki qollani'w ha'm u'zil-kesil yengiziwge umti'li'w boli'p yesaplanadi'. Fundamentalizm barli'q dinlerde tu'rli ma'zhab ha'm bag'darlar arasi'nda keskinlik, qarama-qarsi'li'q, ja'njel ha'm uri'slardi'n' kelip shi'g'i'wi'na sebep boladi'.*

Fundamentalist kimseler qanday da bir so'zdi, haqi'yqatli'qti' tu'sindiriw, isendiriw, yag'ni'y ag'arti'wshi'li'q arqali' u'git-na'siyatlawdi' ta'n almaydi'. Wo'zin mudami' so'zsiz haqpan dep biliw, haqi'yqatli'qti' tek men bilemen, degen menmenlik bolsa, a'lbette, zorli'qti' keltirip shi'g'aradi'. Basqasha aytqanda, fundamentalizm aqi'r-aqi'betinde ekstremizmnin' payda boli'wi'na ali'p keledi. Ekstremizm bolsa tu'rli ko'rinislerde boli'p, terrorshi'li'qti' da wo'z ishine aladi'.

*Ekstremizm (lati'nsha «extremus» – wog'ada, ha'dden ti's degen ma'nini an'latadi') – ja'miyetlik-siyasiy mashqalalardi' sheshiwde ju'da' keskin ilajlardi', ha'reketlerdi, pikir-ideyalardi' jaqlawshi' ko'z-qaras, usi'lar tiykari'nda is ju'rgiziw boli'p yesaplanadi'.*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ekstremizm wo'z mazmuni' boyi'nsha diniy ha'm du'nyawiy xarakterge iye boli'wi' mu'mkin. Al ko'rinisi boyi'nsha aymaqli'q (bir ma'mleket ishinde), regionalli'q (belgili bir regionda) ha'm xali'q arali'q (pu'tkil du'nya boylap tarqalg'an) formalarg'a bo'linedi.

**Diniy ekstremistlik ruwxtag'i' ko'z-qaraslardi' du'nyadag'i' barli'q dinler arasi'nda da ushi'rati'w mu'mkin.**

Wol, tilekke qarsi', islam a'leminde de tarqalg'an. Diniy ekstremistler qay jerde is-ha'reket qi'lsa da, tiykarg'i' maqseti — qanday da bir haqi'yqatli'qqa duri's kelmeytug'i'n, qi'yali'y birden-bir islam ma'mleketin quri'w boli'p yesaplanadi'. Bul maqsetke bolsa tu'rli ja'njeller, qoralli' hu'jimler arqali', yag'ni'y biygu'na adamlardi'n' qani'n to'giw ha'm zorli'q penen yerisiwdi go'zleydi.

Bunday ha'reketler ja'miyettegi ti'ni'shli'qti'n', tati'wli'qti'n', adamlar arasi'ndag'i' wo'z-ara isenim ha'm birge islesiwdin' buzi'li'wi'na, qayg'i'li' qan to'gispelerge, wayranshi'li'qlarg'a ali'p keletug'i'ni' wo'z-wo'zinen belgili. Ekstremizmnin' ken' tarqalg'an ko'rinislerinen ja'ne birewi terrorizm boli'p yesaplanadi'.

*Terrorizm (lati'nsha «terror» — qorqi'w, qorqi'ni'sh) — jawi'z maqsetler joli'nda ku'sh isletip, adamlardi' girewge ali'w, wolardi' fizikali'q joq yetiw, ja'miyette qorqi'ni'sh qozg'ati'wdan ibarat zorli'q usi'li'.*

Wol qanday niyette a'melge asi'ri'lsa da, ba'ribir, insaniyatqa, progreske, iygilikke, wo'mirge qarsi' ji'nayat boli'p yesaplanadi'. Soni'n' ishinde, diniy maqsetlerdi wo'zine ni'qap yetip alg'an terrorshi'li'q ta tap usi'nday mazmung'a iye boli'p, wol du'nyadag'i' barli'q ti'ni'shli'qpa'rwar ku'shler ta'repinen ha'mme jerde birdey qaralanadi'. Biyg'a'rez rawajlani'w joli'nan tez pa'tler menen barati'rg'an bizin' ma'mleketimizge g'a'rezli ko'z benen qaraytug'i'n jawi'z ku'shler terrorshi'li'q joli' menen bizdi ulli' maqsetlerimizden qaytari'wg'a, ja'ne bag'i'ni'shqa sali'wg'a bir neshe ma'rte uri'ni'p ko'rdi. Bul maqsette wolar satqi'nlardan da, buyi'rtpa boyi'nsha, pul ushi'n qopari'wshi'li'q ha'm basqi'nshi'li'q penen shug'i'llani'wshi' jallanba terrorshi' toparlardan da paydalandi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Solay yeken, ha'r tu'rli ko'rinistegi fundamentalistler, ekstremistler, terrorshi' ji'nayatshi'lar qanday ideyalar arti'nda jasi'ri'nsa da, wolardi'n' tu'pkilikli niyetlerin parqlay biliw, jawi'zli'qti' go'zlegen ha'reketlerin waqti'nda sezip, ashi'p taslaw — Watani'mi'z keleshegin, woni'n' ti'ni'shli'g'i'n ha'm abadanshi'li'g'i'n woylaytug'i'n ha'r bir watanlasi'mi'zdi'n' minneti boli'p yesaplanadi'.**



Yendi ma'nawiy-ideologiyali'q topi'li'slardi'n' yekinshi bir tu'rine toqtap wo'teyik.

Ha'zirge shekem wo'tilgen «A'depnama», «Watan tuyg'i'si'», «Tariyx», «A'debiyat» si'yaqli' sabaqlardan jaqsi' belgenin'izdey, o'zbek xalqi' wo'zinin' a'dep-ikrami', ar-nami'si', a'ndiyshesi, uyat ha'm iybesi menen ko'plep xali'qlardi'n' hu'rmetine miyasar boli'p kelgen. Bul pazi'yletler milletimizdin' ta'ni-jani'na sin'ip ketken boli'p, xalqi'mi'z wolarsi'z wo'z wo'mirin ko'z aldi'na keltire almaydi'. Bizin' adamlari'mi'z ushi'n «uyatsi'z!» degen so'zdi yesitiw yen' awi'r kemsitiw boli'p yesaplanadi'.

Tilekke qarsi', globallasi'w sharayati'nda ko'pshilik Bati's ma'mleketlerinde payda bolg'an, mi'n'lap g'alaba xabar qurallari' arqali' pu'tkil du'nyag'a ji'ldi'ri'mday tarqali'p ati'rg'an «g'alaba ma'deniyat» degen atamadag'i' ma'deniyatsi'zli'q, a'depsizlik, uyatsi'zli'q bizin' turmi'si'mi'zg'a da kirip keliwge uri'nbaqta. Bul tuwrali' aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zda da sa'wbetlesken bolsaq ta, bir qarag'anda ko'zge ani'q taslanbaytug'i'n bul qa'wipten toli'q xabardar boli'w ushi'n bul ma'selege ja'ne bir ma'rte toqtap wo'tiw za'ru'rligi seziledi.

«G'alaba ma'deniyat» mazmuni'n tu'sinip ali'w ushi'n, da'slep, haqi'yqi'y ma'deniyatti'n' wo'zi ne yekenin yeske tu'siriwimiz kerek boladi'. Siz bilesiz, adam basqa janzatlardan tek aqi'l, sana-sezim, woy-pikir iyesi bolg'ani' menen g'ana yemes, al wolar ja'rdeminde payda yetken ma'deniyati' menen de aji'rali'p turadi'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*«Ma'deniyat» tu'sinigi insan ta'repinen jarati'lg'an, iygilikke xi'zmet yetiwshi barli'q materialli'q ha'm ma'nawiy bayli'qlardi' wo'z ishine aladi'. Xali'q awi'zeki do'retiwshiligi ha'm jazba a'debiyat, arxitektura ha'm muzi'ka, teatr ha'm kino ko'rkem wo'neri, televidenie ha'm radio, g'alaba xabar qurallari'ni'n' basqa da barli'q tu'rleri insaniyat do'retken ma'deniy turmi's jemisleri boli'p yesaplanadi'. Wolar, wo'z na'wbetinde, adamzatti'n' ja'ne de ma'deniylesiwine, insani'ylasi'wi'na xi'zmet yetiwi tiyis.*

Tilekke qarsi', wo'zin tap usi' insaniyat wa'kili dep yesaplaytug'i'n, negizinde bolsa iygilikli insani'y sezim-tuyg'i'lardan ji'raq bolg'an adamlar ta'repinen «g'alaba ma'deniyat» atamasi' asti'nda ha'r tu'rli g'ayri' insani'y tamashalar woylap tabi'lmaqta. Wolar joqari'da atap wo'tilgen ma'deniy tarawlardi'n' ha'mmesinen wori'n almaqta, haqi'yqi'y ma'deniyatti' saxnadan i'si'ri'p tu'siriwge uri'nbaqta.

Bul jag'day sizge tu'siniklirek boli'wi' ushi'n ayi'ri'm mi'sallardi' keltiremiz. Ma'selen, haqi'yqi'y qosi'q degen ne? Woni'n' payda boli'wi' ushi'n neler talap yetiledi? Yesitkenin'izde sizdi «mumday yeritip jiberetug'i'n» o'zbek klassik yaki zamanago'y qosi'qlari' tekstine itibar bergenbisiz? Wolardag'i' mazmun-mag'ana qanshama teren', da'rtli yamasa shadli' tuyg'i'lardi' sa'wlelendiriw ushi'n bolsa shayi'r qanshelli go'zzal ten'ewler tapqan. Biraq jaqsi' teksttin' wo'zi g'ana yele qosi'q degeni yemes. Talantli' kompozitor bul tekstke soni'n'day bir nama, ha'zirge shekem basqa heshkim taba almag'an i'rg'aq woylap tabadi', a'yne usi' qosi'q tek biz ushi'n jarati'lg'anday seziledi. Biraq... yele de siz benen biz qosi'qti'n' wo'zin «yesitkenimiz joq», duri's pa? Qosi'q ha'm nama wo'zi ushi'n ja'ne bir talantti' talap yetip turi'pti'. Wol da bolsa, wo'zinin' tuwma, shireli, ba'lent lapi'zi' menen wo'zgelerden aji'rali'p turatug'i'n atqari'wshi'-artist boli'p yesaplanadi'.

Ko'rip turg'ani'n'i'zday, insanni'n' i'qlasi'n wo'zine tartatug'i'n bir g'ana haqi'yqi'y qosi'qti'n' payda boli'wi' ushi'n qansha tuwma talant, qansha da'rt ha'm shadli'q, ilham ha'm miynet za'ru'r.

Yendi tu'rli si'rt yel telekanallari'nda ko'rsetiletug'i'n «qosi'q»larg'a, wolardi'n' mazmuni'na, namasi'na, atqari'w usi'li'na itibar bereyik. Bir topar yari'm jalan'ash, saqal-shashi' wo'sken yaki ti'qi'rlap ali'p



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

taslang'an, tap bir ma'sku'nemge uqsap wo'zlerin ha'r ta'repke uri'p, sekirip, awzi'nan ko'bik shashi'p baqi'ri'p ati'rg'an, saxnada tap jantalasi'p ati'rg'anday jati'p ali'p i'n'i'rani'p ati'rg'an bul kimselerdin' haqi'yqi'y ko'rkem wo'nerge, ma'deniyatqa, qosi'q-namag'a qanday baylani'si' bar? Nege yendi insani'y tuyg'i'lar, sezimler, keypiyatlar mine usi' tu'rde ko'rsetiler yeken? Qaysi' tilde ayti'lsa da, yeger sol «qosi'q»lar tekstin awdari'p ko'rsen'iz, ko'pshiliginde pa's, jaman tilekler, zorli'q-zombi'li'q, du'nya ha'm tirishilikke g'a'zep si'yaqli' «ma'ni»ler u'gitlenip ati'rg'ani'na gu'wa bolsasi'z.

Tap usi'nday ko'rinislerdi «g'alaba ma'deniyat» joli'na kirip jarati'lg'an kino ha'm teatr tamashalari'nda, televidenie ko'rsetiwleri ha'm radio yesittiriwlerinde, a'debiyat ha'm su'wretlew ko'rkem wo'nerine sug'i'li'si'p kiyati'rg'an biyma'ni shi'g'armalarda da ayqi'n ko'riwimiz mu'mkin.

Bulardi'n' ha'mmesi insanda jabayi', haywanli'q tuyg'i'lari'n qozg'ati'wg'a, woni' hesh na'rseden tarti'nbaytug'i'n, hesh na'rseni woylamaytug'i'n maqluqqa aylandi'ri'wg'a qarati'lg'an. Bunday adam bolsa Watandi' da, milletti de, ata-anani' da tani'maydi', insani'yli'qti' ta'n almaydi'. «G'alaba ma'deniyat» jarati'wshi'lar menen woni' na'siyatlawshi'lardi'n' tiykarg'i' maqseti de mine sol — xali'qlardi', milletlerdi qay ta'repke aydasa, sol jaqqa qaray kete beretug'i'n alamang'a, padag'a aylandi'ri'p, wolardi'n' u'stinen wo'z hu'kimdarli'g'i'n wornati'w boli'p yesaplanadi'.

Prezidentimiz usi' jag'daydan ha'mmemizdi saqlani'wg'a shaqi'ri'p, to'mendegi pikirdi bildiredi: **«A'lbette, «g'alaba ma'deniyat» degen ni'qap asti'nda biya'dep buzi'qli'q ha'm zorli'q, individualizm, egocentrizm ideyalari'n tarqati'w, kerek bolsa, soni'n' yesabi'nan bayli'q artti'ri'w, basqa xali'qlardi'n' neshshe mi'n' ji'lli'q da'stu'r ha'm qa'diriyatlari'n, turmi's ta'rizinin' ruwxi'y tiykarlari'n pisent yetpew, wolardi' buzi'wg'a qarati'lg'an qa'terli topi'li'slar adamdi' ta'shwishke salmay qoymaydi'»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 117-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

*Siz individualizm, egocentrizm degen so'zlerdi tu'sinip ali'wi'n'i'z ushi'n aytatug'i'n na'rsemiz, bul so'zler adamni'n' tek wo'zin woylawi' g'ana yemes, ha'mme na'rse tek wo'zi ushi'n boli'wi'n qa'lew, basqalardi'n' turmi'si', woy-pikiri, ta'g'diri menen yesaplaspaw si'yaqli' menmenlik qa'siyetlerdi bildiredi.*

Solay yeken, ha'r birimiz: woqi'maqshi' bolg'ani'mi'z – kitapqa, ko'rmekshi bolg'ani'mi'z – kinofilm yaki multfilmge, tamasha yetpekshi bolg'ani'mi'z – ko'rsetiw ha'm basqa waqi'ya-ha'diyselerge ashi'q ko'z benen, sergek qarawi'mi'z, sana-sezimimizdi za'ha'rleniwden, talg'ami'mi'zdi' topaslani'wdan, qa'lbimizdi bolsa turpayi'lani'wdan asi'rap-abaylawi'mi'z talap yetiledi.

## Soraw ha'm tapsi'rmalar

1. Globallasi'w degende nelerdi tu'sinip aldi'n'i'z?
2. Globallasi'wdi'n' unamli' ha'm unamsi'z ta'repleri tuwrali' nelerdi bilesiz?
3. Yelimizden islam dini rawajlani'wi'na u'lken u'les qosqan qanday ulli' woyshi'llar jetisip shi'qqan?
4. Fundamentalist kimselerdi qalay tani'p ali'w mu'mkin, dep woylaysi'z?
5. Terrorshi'li'q degen ne ha'm wol qanday unami'z aqi'betlerdi keltirip shi'g'aradi'?
6. Ekstremizm illetine ta'riyp berin'.
7. To'mendegi su'wretler tiykari'nda ma'deniyat ha'm jalg'an «g'alaba ma'deniyat» tu'sinikleri arasi'ndag'i' parqlardi' ayti'p berin'.


*a*


*b*


*c*


*d*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## SHAXS TA’RBIYASI’

Bu’gingi temani’n’ mazmuni’n tu’sinip ali’w ushi’n, da’slep «shaxs» degende kim na’zerde tuti’latug’i’ni’n tu’sinip ali’wi’mi’z kerek boladi’. Bul tu’siniktin’ «adam», «ko’pshilik», «alaman» degen tu’siniklerden qanday parqi’ bar yekenligin de biliwimiz lazi’m.

Temami’zdi’n’ ati’nan-aq ko’rinip turg’ani’nday, shaxs boli’w ushi’n adam, a’lbette, ta’rbiyalani’wi’ kerek yeken. Ta’lim-ta’rbiyasi’z, turmi’s-tag’i’ jaqsi’li’q ha’m jamanli’qti’ bilmesten, wolardi’ parqlamastan turi’p, adamni’n’ shaxs boli’p qa’liplesiwi mu’mkin yemes yeken. Ta’lim-ta’rbiya, jaqsi’-jamanni’n’ parqi’na baratug’i’n da’rejege jetisiw bolsa uzaq waqi’t talap yetiwi, ha’tte, insan wo’mirinin’ aqi’ri’na shekem dawam yetiwi mu’mkin. Demek, ha’r qanday adamdi’ da, bul du’nyada bas ko’terip ju’rgen ha’mme insanlardi’ da shaxs dep atay almaymi’z. Bul atqa miyasar boli’wdi’n’ wo’z talaplari’, wo’lshem-qag’i’ydalari’ bar. Bul talap-wo’lshemler ishinde ma’nawiy-ag’arti’wshi’li’q wo’lshemler a’hmiyetli wori’n iyeleydi.

«Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh» kitabi’nda to’mendegilerdi woqi’ymi’z:

**«Ha’rbir ata-ana, ustaz ha’m mug’allim ha’rbir bala ti’msali’nda yen’ da’slep shaxsti’ ko’riwi za’ru’r. Mine usi’ a’piwayi’ talaptan kelip shi’g’a woti’ri’p, perzentlerimizdi yerkin ha’m ken’ pikirlew qa’biletine iye bolg’an, sanali’ jasaytug’i’n ka’mil insanlar yetip yer jetkiziw – ta’lim-ta’rbiya tarawi’ni’n’ tiykarg’i’ maqseti ha’m wazi’ypasi’ boli’wi’ lazi’m»[1].**

Kelin’, bul so’zlerdin’ ma’nisine itibar bereyik. Jurtbasshi’mi’z ata-analar, ustaz ha’m mug’allimlerge «ha’rbir bala ti’msali’nda yen’ da’slep shaxsti’ ko’riwi za’ru’r»ligin uqti’rmaqta. Yag’ni’y, siz ha’m

[1] **Islam Karimov.** Joqari’ ma’nawiyat – jen’ilmes ku’sh. – T.: «Ma’nawiyat» baspasi’, 2008-ji’l, 61-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

doslari'n'i'zdi'n' ha'r biri keleshekte shaxs boli'p jetisiw imkaniyati'na, quwati'na iyesiz. Pu'tkil ta'lim-ta'rbiya mine usi' imkaniyatti' ju'zege shi'g'ari'wg'a, sizin' ta'ni-jani'n'i'zda jasi'ri'ni'p jatqan usi' u'lken qa'biletti ashi'p, woni' jetilistiriwge qarati'li'wi' lazi'm.

**Basqasha aytqanda, ha'r bir bala tuwi'lg'annan baslap-aq tayar shaxs bolmaydi'. Lekin woni'n' ishinde shaxs boli'p jetisiw imkaniyati' jasi'ri'ng'an boladi'. Ha'mme ga'p mine usi' «g'a'ziyne»ni ko're biliwde, asha biliwde.**



Yeger adamni'n' yerkin pikirlewi xoshametlense, sonday pikirlewge imkan jarati'lsa, wol sanali' jasaytug'i'n insan boli'p yer jetedi. Yerkin ha'm biyg'a'rez pikirlew, ha'mme na'rse tuwrali' qali's pikir ali'si'w, wo'mirde sanali' turmi's keshiriw bolsa insandi' ka'millikke – jetiklikke qaray jeteleydi.

Yendi shaxs boli'p jetisiwdin' bul a'hmiyetli talaplari'na wo'z aldi'na toqtap wo'teyik.

Xosh, yerkin pikirlew qanday boladi'?

Du'nyada predmet ha'm ha'diyselerdin' yesap-sani' joq yekenligin bilesiz. Wolar tuwrali' ha'r bir ilim tarawi' wo'zinin' ilimiy ko'z-qaraslari'n ilgeri su'redi. Al ilimnin' bolsa shek-shegarasi' joq. Yag'ni'y, predmet ha'm ha'diyseler mazmuni'n u'yreniw ma'n'gi dawam yete beredi. Sonday u'yreniwshiler qatari'na yendi siz de qosi'li'p ati'rsi'z. U'yreniw dawami'nda wo'tken ata-babalari'mi'zdan qalg'an ilim-ta'jiriybelerdi ilaji' bolg'ani'nsha ko'birek wo'zlestiriwin'iz kerek. Buni'si'z ilaji' da joq. Sebebi, neshe a'sirler buri'n ashi'lg'an ta'biyat ha'm ja'miyet ni'zamli'li'qlari'n qaytadan ashi'p, wo'mirdi wo'tkerip jibermeymiz g'oy, duri's pa?

**Biraq, ha'mme ga'p sonda, predmet ha'm ha'diyseler ha'r qansha teren' u'yrenilgen bolsa da, wolardi'n' yele u'yrenilmey qalg'an, yele ashi'li'p u'lgermegen qanday da bir ta'repi, a'lbette, boladi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Yeger siz wolar tuwrali’ u’yrengen bilimlerin’iz ha’m jeke ko’z-qarasi’n’i’zg’a su’yengen halda ja’ne de yerkin pikir ju’ritetug’i’n bolsan’i’z, sol na’rse ha’m ha’diyselerdin’ basqa hesh kim ko’rmegen a’hmiyetli ta’replerin tabi’wi’n’i’zg’a isenin’. Buni’n’ ushi’n bolsa, ja’ne ta’kirar aytami’z, siz yerkin pikirlewin’iz, hesh kimdikine usamaytug’i’n aqi’li’y ha’m sezim quwati’n’i’zdi’ iske sali’wi’n’i’z talap yetiledi.

Yerkin pikirlew tu’sinigin bolsa sizge tani’s bir shi’g’arma waqi’yalari’ mi’sali’nda ko’rip wo’teyik.

Yadi’n’i’zda bolsa, 5-klasti’n’ «A’debiyat» sabaqli’g’i’nda ataqli’ jazi’wshi’ Aybektin’ «Fonarshi’ ata» gu’rrin’in woqi’g’an yedin’iz. Wonda wo’tken a’sirdin’ 20-ji’llari’nda ko’shelerge wornati’latug’i’n, pilik ha’m kerosin menen janatug’i’n fonarlarg’a qaraytug’i’n kekse adam – Fonarshi’ ata menen ma’ha’lledegi jas balalar arasi’nda ju’z bergen bir waqi’ya tuwrali’ gu’rrin’ yetiledi. Balalar ishindegi «yen’ qorqpaytug’i’n, yen’ qopal Qasi’m sholaq» mudami’ sheriklerin ko’shege nur tarati’p turg’an fonardi’n’ shiyshe ko’zin – aynalari’n tas yaki kesek penen uri’p si’ndi’ri’wg’a, sol arqali’ Fonarshi’ atani’n’ ashi’wi’na tiyiwge iytermeleydi. Woni’n’ ga’pine kirgen bir topar bala usi’ biyma’ni isti qi’li’p, atani’n’ narazi’li’g’i’na sebep boladi’. Aqi’ri’nda Fonarshi’ ata wolardi’n’ bul qi’li’g’i’ ma’ha’lledegi ko’pshilikke, a’sirese, jawi’n-shashi’ndag’i’ batpaqta keshquri’n ko’shege shi’qqan kekselerge a’dewir qi’yi’nshi’li’qlar tuwdi’ri’p ati’rg’ani’n tu’sindirgennen son’ g’ana balalardi’n’ ko’zi ashi’ladi’. Balalar, Qasi’m sholaqti’n’ ashi’wli’ qi’shqi’ri’wi’na qaramastan, woni’n’ ga’pine kirmewge, bunnan keyin adamlarg’a paydasi’ tiyetug’i’n fonardi’n’ «ko’zin woyi’p» almawg’a so’z beredi...

Itibar bergen bolsan’i’z, usi’ kishkene gu’rrin’de de insanni’n’ wo’z pikirine, yerkin ko’z-qarasqa iye bolmawi’ qanshelli jaman aqi’betlerdi keltirip shi’g’ari’wi’ ju’da’ ta’sirli ashi’p berilgen. Wo’zinin’ islep ati’rg’an is-ha’reketi tuwrali’ yerkin woylap ko’rmey ati’rg’an, na’tiyjede woni’n’ aqi’betlerin sezbey ati’rg’an balalar, bir g’ana yesi pa’s jorasi’ni’n’ ga’pine kirip, qansha zi’yankeslikke sebepshi boladi’. Mu’mkin, Qasi’m sholaq degeni shi’ni’nda da balalar ishinde «yen’ qorqpaytug’i’ni’» shi’g’ar. Biraq woni’n’ bul qorqpasli’g’i’ nege xi’zmet yetpekte? Gu’rrin’de ayti’lg’ani’nday, turpayi’li’qqa, jamanli’qqa, buzg’i’nshi’li’qqa!



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sabag'i'mi'z basi'nda «shaxs» tu'siniginin' a'piwayi' «adam», «alaman», «topar» tu'siniklerinen ne parqi' bar, dep qoyg'an sorawi'mi'zg'a juwap beriwdin' de usi' jerde ma'writi keldi.

*Wo'z pikirine, jeke ko'z-qarasi'na iye bolmag'an, ayti'p ati'rg'an ga'pi yaki islep ati'rg'an jumi'si' ushi'n juwapkershilikti sezbeytug'i'n adam shaxs degen u'lken da'rejege ko'terile almaydi'. Mine usi'nday adamlar toplani'p, «alaman»di', «topar»di' payda yetedi.*

Aldi'n'g'i' sabag'i'mi'zda atap wo'tkenimizdey, ha'r qanday ma'mleket ha'm milletti ishten buzbaqshi' bolg'an jawi'z niyetli ku'shler a'yne usi' alamandi', topardi' payda yetiwdi, woni'n' buzg'i'nshi' ku'shinen wo'z ma'pleri joli'nda paydalani'wdi' woylaydi'. Wolar adamlardi' biyg'a'rez, yerkin pikirlewge qoymaytug'i'n wo'zlerinin' buzg'i'nshi' ideyalari'n, ideologiyalari'n sug'i'li'sti'radi', wo'z demine tu'sken jaslardi', ha'tte, basqasha woylamawg'a, wo'zine u'yretilgen dogmalardan shetke shi'qpawg'a ant ta ishkizedi.

**Jalg'an «g'alaba ma'deniyat» na'siyatshi'lari'ni'n' niyeti de sog'an uqsas. Wolar insanda haywanli'q sezimlerdi qozg'ati'wshi' tamashalar ku'shi ha'm ta'siri menen ja'miyette shaxslardi' joq yetip, adamlardi' hesh na'rse tuwrali' teren' woylamaytug'i'n, neni yesitse yaki ko'rse, soni'n' keyninen ko'z-ko'reki yerip kete beretug'i'n alamang'a aylandi'ri'wdi' qa'leydi.**

Ha'r yeki ha'reket te, aqi'r-aqi'bette, xali'q, millet u'stinen wo'z hu'kimin wornati'w, woni'n' ta'g'dirine iyelik yetiw, bayli'qlari'n talaw si'yaqli' jawi'z niyetlerdi go'zleydi.

**Demek, ha'r birimiz ha'r qanday na'rse ha'm ha'diyse tuwrali' wo'zimizdin' yerkin pikirimizge iye boli'wi'mi'z, woni' qorg'ay ali'wi'mi'z lazi'm. Bul bizdi ko'plep jamanli'qlardan asi'rap-abaylap qaladi'.**

Sonda g'ana biz tu'rli buzg'i'nshi' pikirler, ideyalar ta'sirine tu'sip qalmaymi'z, buzg'i'nshi'li'qqa shaqi'ri'wshi' kimseler izinen yermeymiz. Wo'zligimizdi, milliyligimizdi, keleshegimizdi saqlap qalami'z.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Siz bilesiz, yerkin ha'm biyg'a'rez, teren' ha'm ken' pikirlew wo'z-wo'zinen payda boli'p qalmaydi'. Buni'n' ushi'n adam ko'plep bilimlerdi wo'zlestiriwi, aqi'li'n, woy-pikirin bayi'ti'wi', ko'nlikpe ha'm ta'jiriybeler artti'ri'wi' talap yetiledi. Bul pazi'yletler bolsa ko'shede yemes, al ag'arti'wshi'li'q da'rgaylari'nda — ta'lim-ta'rbiya woshaqlari'nda wo'zlestiriledi.

Jurtbasshi'mi'z bul tarawdag'i' a'hmiyetli bir qag'i'ydani' ayi'ri'qsha atap wo'tedi:

**«Ta'limdi ta'rbiyadan, ta'rbiyani' bolsa ta'limnen aji'rati'p bolmaydi' — bul Shi'g'i'sqa ta'n ko'z-qaras, Shi'g'i'sqa ta'n wo'mir filosofiyasi'»[1].** Bul ko'z-qarasti', haqi'yqi'y wo'mir filosofiyasi'n basshi'li'qa ali'p g'ana ja'miyette ka'mil insandi' ta'rbiyalap shi'g'ari'w mu'mkin.

Itibar bergen bolsan'i'z, bizin' xalqi'mi'z bilimli, ko'p na'rseni biletug'i'n adamlardi' wog'ada hu'rmet yetedi, qa'dirleydi. Bunday adamlarg'a ma'ha'lle-ko'shede de, miynet ja'ma'a'tlerinde de, dos-yaranlar arasi'nda da ayi'ri'qsha itibar, di'qqat qarati'ladi'. Biraq tek bir sha'rt penen: yeger sol bilimli, ko'p na'rseni biletug'i'n adam, da'slep, insani'yli'qti' da bilse, alg'an ta'limi ta'rbiyasi'na say bolsa, ayti'p ati'rg'an so'zi menen islep ati'rg'an isi arasi'nda qayshi'li'q bolmasa. Yen' a'hmiyetlisi — sol adam tek ali'm boli'wdi'n' g'ana yemes, adam boli'w ilimin de jetik iyelegen, basqalarg'a hu'rmet ha'm itibar ko'rsetiw ko'nlikpesin de wo'zlestirgen bolsa. Ta'rbiya ko'rgen, jaqsi'-jamanni'n' parqi'na baratug'i'n adamni'n' ilim-pa'ndi teren' ha'm ken' iyelewi, wo'zlestiriwi ja'ne turmi'sqa yengiziwi de ju'da' na'tiyjeli boladi'. Wo'z gezeginde, adam balasi'na beriletug'i'n ta'rbiya, birinshi na'wbette, ilimge, bilimge tiykarlani'wi', ta'limlik jaqtan duri's sho'lkemlestiriliwi lazi'm.

Yeger ta'rbiya shala-sharpi' halda sawatsi'zlarsha sho'lkemlestirilse, sistemali' ha'm turaqli' tu'rde ju'rgizilmese, bunday «ta'rbiya» insan keleshegine, shaxsti'n' qa'liplesiwine tek zi'yan keltiredi.

---

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 61-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Mine usi’ qag’i’ydalardi’ basshi’li’qqa alg’anda g’ana ta’lim-ta’rbiya wo’zinin’ bas maqsetine yerisiwi – ka’mil insandi’ ta’rbiyalap shi’g’ari’wi’ mu’mkin.

*Ka’mil insan degende, biz azat shaxsti’, yerkin pikir ju’rgiziwshi, Watani’na ha’m xalqi’na hadal ha’m sadi’q xi’zmet yetiwshi adamdi’ tu’sinemiz.*

Kerisinshe, yeger insan birewge qulday yerip ju’rse, wo’zinin’ yerkin pikirine iye bolmasa yaki woni’ qorg’ay almasa, bag’i’ni’shli’li’q ha’m jati’p isherliktin’ tutqi’ni’na aylanadi’. Bunday adam Watani’, xalqi’ ma’plerine jat, zi’yanli’ ideyalardi’ tarqati’p ati’rg’an kimseler keyninen yerip ketiwi de hesh ga’p yemes.

Siz ma’mleketimiz jaslari’ni’n’ ja’miyetlik ha’reketi «Kamolot» ati’ menen, licey ha’m kolledjler woqi’wshi’lari’ arasi’nda wo’tkeriletug’i’n sport jari’slari’ bolsa «Ba’rkamal a’wlad» ati’ menen ju’rgiziletug’i’ni’n jaqsi’ bilesiz. Jaslari’mi’zg’a wo’mirde wo’z worni’n tabi’wi’na ko’mek-lesetug’i’n sho’lkemge yaki wo’sip kiyati’rg’an balalardi’ fizikali’q jaqtan ku’shli boli’wg’a ruwxlandi’ratug’i’n sport bellesiwine bunday atamalar-di’n’ beriliwi tosi’nnan yemes, a’lbette. Bunda jaslardi’n’ ha’r ta’repleme jetiklikke umti’li’p jasawi’ na’zerde tuti’lg’an. Sebebi fizikali’q ha’m ruwxi’y jetiklik wo’z-ara baylani’sli’ halda rawajlani’wi’ tiyis.

**Fizikali’q jetiklikke yerispey turi’p, haqi’yqi’y ruwxi’y jetiklik-ke, ruwxi’y ka’millikke yerispey turi’p, fizikali’q jetiklikke yerisiw mu’mkin yemes.**

**Ka’millikke yerisiwdin’ a’hmiyetli sha’rti – bilimlilik boli’p yesaplanadi’.**

A’lbette, ruwxi’y jetiklikke yerisiwdin’ basqa sha’rtleri de ko’p. Ma’selen, a’depli-ikramli’ boli’w, miynet su’ygishlik, yel-jurtqa sadi’qli’q ha’m mehir-muhabbat, go’zzalli’qqa jaqi’n boli’w ha’m t.b. Biraq bulardi’n’ ha’mmesinin’ tiykari’nda u’yreniw, biliw ha’m an’law talabi’ jatqani’ ushi’n insanni’n’ ruwxi’y ka’millikke yerisiwinde bilim-lilik, ag’arti’wshi’li’q u’lken wori’n tutadi’.

Ma’selen, sizge wo’mirdegi yen’ a’piwayi’ so’zlerdi ha’m islerdi de kimdur, qashandur yerinbesten, maydalap u’yretken, duri’s pa? Ata-anami’z da’slep neni qanday ataw, kiyimdi qalay kiyiw, ha’tte, awqatti’



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

qalay jewge shekem u'yretken. Yag'ni'y, bizin' pu'tkil wo'mirimiz u'yreniwge, bilimge tiykarlang'an. Yeger siz benen bizge yendi a'piwayi' boli'p tu'yiletug'i'n mine usi' na'rselerdi kimdur waqti'nda u'yretpese yaki kimlerdendur ko'rip, wo'zimiz u'yrenbesek, bizin' basqa janzatlardan parqi'mi'z qalmas yedi. Demek, bilimlilik ruwxi'y jetikliktin' negizi, woni'n' a'hmiyetli wo'lshemi yeken.

**Insan wo'z ta'biyati'na bola biliwge qumar. Sebebi, wol mudami' izleniwdegi sana-sezimge, woy-pikirge iye. Wol tek ta'ni yemes, al sana-sezimi ha'm woy-pikiri arqali' da wo'siw ha'm ka'millikke yerisiwge umti'ladi'.**

Haywanlarda bolsa pu'tkilley basqasha. Wolar na'psi qay jaqqa baslasa, sol jaqqa kete beredi. Qarni' toysa boldi', umti'li'wi' da toqtaydi', jati'p dem aladi'. Wolarg'a biliwdin' qi'zi'g'i' joq. Sebebi, wolarda biliwge mu'ta'jliktin' wo'zi joq.

Adamzat mi'n' ji'llar dawami'nda ushar gilemlerdi, pu'tkil du'nyani' ko'rsetetug'i'n si'yqi'rli' aynani', ashi'l da'sturxanlardi' a'rman yetip kelgen. Na'tiyjede wol aqi'li' ha'm woy-pikirine su'yenip, samolyotti', televizor ha'm radioni', tu'rli wo'nimlerdi tayarlap beretug'i'n fabrika ha'm cexlardi' woylap tapqan. Biraq soni'n' menen sheklenip qalg'an joq. Samolyottan da tez ushatug'i'n raketalar, ji'llar dawami'nda kosmosta wo'zi gezip ju'retug'i'n jasalma joldaslar, si'msi'z jalg'anatug'i'n ha'm ko'rsetetug'i'n telefon apparatlari', pu'tkil Jer ju'zindegi adamlardi'n' sana-sezimin ma'limleme tori' menen worap ali'wdi' maqset yetken Internet («Du'nya ju'zilik wo'rmekshi tori'») sistemasi'n jaratti'. Yendigiden bi'lay insan Jerdegi tirishilik penen sheklenip qalmastan, basqa planetalarg'a, ha'tte basqa galaktikalarg'a da sayaxat yetiwge, adam miyindegi woy-pikirlerdi woqi'p ali'wg'a da ha'reket yetpekte.

Bul arzi'w-a'rman ha'm umti'li'slardi' biykar yetpegen halda, bir a'hmiyetli haqi'yqatli'qtan abayli' boli'w a'yne usi' insaniyatti'n' wo'zinen talap yetiledi.

**Yag'ni'y, barli'q ashi'lg'an ilimiy-texnikali'q jan'ali'qlar menen tabi'slardi' iygilikke, jaqsi'li'qqa, insaniyatti'n' baxi't-saadati'na xi'zmet yettiriw lazi'm.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Yeger du'nyani'n' keshegi ha'm bu'gingi ku'nine na'zer taslaytug'i'n bolsaq, joqari' rawajlani'wg'a yerisken xali'qlardi'n' barli'g'i' ilim yesabi'nan rawajlang'ani', artta qalg'an xali'qlar bolsa, kerisinshe, bilimsizlik ha'm ma'deniyatsi'zli'q sebepli artta qali'p ketkeni, basqalarg'a bag'i'ni'shli' boli'p qalg'ani' belgili boladi'.

**Ha'zirgi waqi'tta du'nyada aqi'l-za'kawat ha'm woy-pikir jari'slari' ha'mme zamanlardag'i'dan ko're ku'shlirek ha'wij alg'an. Kim usi' jari'sta aldi'nda barsa, rawajlani'wdi'n' dizgini de soni'n' qoli'nda boladi'. Prezidentimiz Islam Karimovti'n' mine usi' haqi'yqatli'qtan kelip shi'g'i'p aytqan «Ku'sh – bilim ha'm woy-pikirde» degen ideyasi' a'yne ruwxi'y ku'shti, jen'ilmes qu'diretti na'zerde tutadi'.**

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Ag'arti'wshi' jazi'wshi'mi'z Abdulla Avloniydin' «Ta'rbiya biz ushi'n ya wo'mir – ya wo'lim, ya qutqari'li'w – ya apat, ya saadat – ya baxi'tsi'zli'q ma'selesidur» degen so'zleri bizdi nelerden sergek boli'wg'a shaqi'radi'?
2. Ne ushi'n ta'limdi ta'rbiyadan, ta'rbiyani' bolsa ta'limnen aji'rati'p bolmaydi'? Bul qag'i'yda basshi'li'qqa ali'nbasa, sizin'she, qanday aqi'betler kelip shi'g'adi'?
3. Yelimizde shaxs ta'rbiyasi'na ayi'ri'qsha itibar berilip ati'rg'ani'ni'n' sebebi nede?
4. Insanni'n' shaxs boli'p qa'liplesiwinde woni'n' yerkin ha'm biyg'a'rez pikirlewi qanshelli a'hmiyetli?
5. «Ha'rbir bala ti'msali'nda da'slep shaxsti' ko'riw za'ru'r»ligin siz qalay tu'sindiresiz?
6. «Shaxs» ha'm «alaman» tu'sinikleri arasi'ndag'i' parqti' wo'z baqlawlari'n'i'zdan kelip shi'g'i'p, tu'sindirip beriwge ha'reket yetin'.
7. Ilimde ashi'lg'an jan'ali'qlardi' do'retiwshilik penen birge buzg'i'nshi'li'qqa da isletiw mu'mkinligin to'mendegi su'wretler ja'rdeminde tu'sindirip berin'.


*a*


*b*


*c*


*d*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# JA'MIYETKE QA'WIP TUWDI'RATUG'I'N ILLETLER

A'ziz woqi'wshi'! Aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zdan biri – «Ko'zge ko'rinbeytug'i'n qa'wip-qa'terler» temasi'nda xalqi'mi'zdi'n' sana-sezimi menen ruwxi'na si'rttan topi'li'p ati'rg'an ideologiyali'q illetlerge ko'birek toqtap wo'tken yedik. Biraq, ma'nawiyatti' izden shi'g'aratug'i'n qa'wipler tek wolar menen sheklenip qalmaydi'. Tariyxti'n' a'hmiyetli basqi'sh-lari'nda xalqi'mi'zdi'n' ayag'i'na tusaw bolg'an, woni' rawajlani'w joli'nan shalg'i'tqan, wo'zimizdin' ishimizden shi'qqan illetlerdi de bilmewdin', wolarg'a qarsi' gu'respewdin' ilaji' joq. Bular biyg'amli'q ha'm biypa'rwali'q, ag'ayin-ruwshi'lli'q, da'mego'ylik ha'm ha'melparazli'q, menmenlik ha'm basqalardi' mensinbew, qi'zg'anshaqli'q ha'm satqi'nli'q boli'p yesaplanadi'.

Insan bar yeken, tilekke qarsi', joqari'da atap wo'tken unamsi'z qa'siyetler woni'n' ruwxi'n, sana-sezimin, woy-pikirin iyelew, insandi' joldan azdi'ri'w qa'wpi mudami' saqlani'p qala beredi. Solay yeken, aldi' menen bul illetlerdi ha'r birimiz «tani'p ali'wi'mi'z», wolardan mudami' sergek boli'wi'mi'z, saqlani'wi'mi'z kerek.

*Menmenlik – adamni'n' tek g'ana wo'z basi'n woylawi', basqa-lardi'n' ma'pleri menen yesaplaspawi', wo'z tileklerin iske asi'ri'w joli'nda wo'zgelerdi ayaq asti' yetip ketiwden de tayi'nbaytug'i'n unamsi'z illet boli'p yesaplanadi'.*

Menmenlik keseline joli'qqan adam ha'mme woni'n' menen g'ana yesaplasi'wi', barli'q isler wog'an unaytug'i'n tu'rde a'melge asi'wi', barli'q ma'seleler tek woni'n' paydasi'na sheshiliwi lazi'm dep tu'sinedi. Bunday adamlar, tilekke qarsi', bizin' arami'zda da ushi'rasi'p turadi'. Wolar ma'mleketten, ja'miyetten, xali'qtan ha'mme na'rseni talap yetedi de, al wo'zleri usi' ja'miyet, ma'mleket ha'm xali'qqa qanday da bir



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

na'rse menen paydam tiydi me, dep woylap ta ko'rmeydi. Wo'zi tuwi'li'p wo'sken jurtta ju'z berip ati'rg'an waqi'ya-ha'diyseler, wo'zgerisler, mashqalalardi'n' wolarg'a hesh qanday baylani'si' joqtay, tek wo'z wo'miri ishine «qamali'p aladi'». A'piwayi'raq yetip aytqanda, bunday adamlar ushi'n du'nyada tek «mag'an ber!» degen talap, tilek bar, bolg'ani'. Wo'zgelerdin' da'rti menen quwani'shi'na sherik boli'w, milleti ha'm ma'mleketi aldi'nda turg'an wazi'ypalardi' sheshiw joli'nda jan ku'ydiriw, xali'q wo'miri menen jasaw menmen kimseler ushi'n jat tuyg'i'lar boli'p yesaplanadi'.

Menmen shaxs tek ja'miyet mashqalalari'na g'ana biypa'rwa yemes, al wo'z a'tirapi'ndag'i' qatar-qurbi'lari', ka'siplesleri, ha'tte shan'arag'i' ag'zalari'na da wo'zin tap bir jat, biygana adamday ko'redi. Bunday insanlar adam balasi'na miyrim-sha'pa'a't na'zeri menen qaraw, ja'rdemge mu'ta'jlerge ko'meklesiw, wo'zgeler ta'shwishi joli'nda ti'ni'shli'g'i'nan keshiwdey iygilikli ha'reketlerdi ha'tte woylamaydi' da. Na'tiyjede menmen adamlardi'n' minez-qulqi'nan wolardi'n' jaqi'nlari' da, shan'arag'i' da, ja'miyet te birdey azarlanadi', zi'yan ko'redi.

**Yeger tariyxqa na'zer taslasaq, jurti'mi'zdi' wo'zine boysi'ndi'rmaqshi' bolg'an, ma'rt sa'rkardalari'mi'z, ulli' woyshi'llari'mi'z, ziyali' babalari'mi'z wo'mirine qasti'yanli'q islegen ba'rshe basqi'nshi'lar a'yne menmen kimselerden paydalang'ani'ni'n' gu'wasi' bolami'z. Menmen kimseler, qanday jol menen bolsa da, kim menen bolsa da, wo'z ma'plerin iske asi'ri'wdi' woylap, yel-jurt ma'plerinin' ayaq asti' boli'wi'na jol ashi'p bergen.**

Ja'miyetimizge sezilerli qa'wip tuwdi'ri'wshi' illetlerden ja'ne biri — biypa'rwali'q boli'p yesaplanadi'. Jurtbasshi'mi'z bul illettin' qanshelli qa'wipli yekeni tuwrali' «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda wog'ada ibratli', tiykarli' pikirlerdi bildirip wo'tedi.

**«Biypa'rwa adam dushpannan da qa'wiplirek yekeni a'zelden ma'lim. Sebebi, dushpanni'n' kimligi, haqi'yqi'y kelbeti siz ushi'n aldi'nnan ma'lim boladi'. Biraq biyg'am ha'm biypa'rwa adamni'n' kelbetin birden bilip bolmaydi'. Soni'n' ushi'n wol ishin'izde ju'rip, sizge qarsi' tis qayraytug'i'n dushpanlar ushi'n imkaniyat jarati'p beredi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Ko'rnekli filosoflardan biri a'ne usi' turmi's shi'nli'g'i'n teren' tallap, to'mendegi haqi'yqi'y pikirlerdi bayan yetken: «Dushpanlardan qorqpa — ko'p bolsa, wolar seni wo'ltiriwi mu'mkin. Doslardan qorqpa — ko'p bolsa, wolar sag'an qi'yanet yetiwi mu'mkin. Biypa'rwa adamlardan qorq — wolar seni wo'ltirmeydi de, satpaydi' da, tek wolardi'n' ti'm-ti'ri's ha'm biypa'rwa qarap turi'wi' sebepli jer ju'zinde qi'yanet ha'm adam wo'ltiriwshilikler ju'z bere beredi»[1].**

Usi' jerde O'zbekistan xali'q shayi'ri' I'qbal Mi'rzani'n' to'mendegi su'renli qatarlari' yadqa tu'sedi:

Du'nya bu'gin basqa du'nya, ni'qabi' ha'r tu'r,
Kewlindegi ga'pi ha'r tu'r, urani' ha'r tu'r,
Ju'regin'di woyat, dosti'm, qa'lbin'di woyat!
G'api'llardi'n' ra'ha'ti joq, azabi' ha'r tu'r.
Bul gu'reste wo'z worni'n'di' tan'ladi'n' ba sen?!
Wo'zligin' ha'm kimligin'di an'ladi'n' ba sen?!

Bul binalar ko'kten payda boli'p tu'spegen,
Bul lashi'nlar wo'z-wo'zinen ko'kke ushpag'an,
Qanday adam dewge bolar biyg'am kimseni,
Tek u'lesin alg'an, yelge u'les qospag'an.
Bul gu'reste wo'z worni'n'di' tan'ladi'n' ba sen?!
Wo'zligin' ha'm kimligin'di an'ladi'n' ba sen?!

**Saq boli'wi'mi'z, saqlani'wi'mi'z lazi'm bolg'an ja'ne bir illet — ag'ayin-ruwshi'lli'qqa zor beriw, ha'mme na'rseden sol ma'pti joqari' qoyi'w boli'p yesaplanadi'.**

Yen' aldi' menen soni' atap wo'tiw kerek, wo'zinin' ata tegin, ag'ayin-tuwi'sqanlari'n biliw, wolar menen jaqi'n mu'na'sibette boli'w, quwani'shli' ha'm ta'shwishli ku'nlerinde birge boli'w, negizinde, wog'a-da za'ru'r insani'y pazi'ylet boli'p yesaplanadi'. A'sirese, o'zbek xalqi'

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. —T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 123—124-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

wo'z shan'arag'i', ag'ayinleri abi'rayi'n qorg'awdi', wolardi'n' ti'ni'shli'g'i', pa'rawanli'g'i' tuwrali' woylawdi' wo'zinin' minneti, wazi'ypasi' dep biledi. Bul jolda hadal ha'reket yetiw, jaqi'nlari'na materialli'q ha'm ruwxi'y jaqtan ko'mekshi boli'w – jaqsi'li'qti'n' jarqi'n ko'rinislerinin' biri. Ha'mme ga'p mine usi' ha'reketlerdin' shi'n kewilden islengeni, biyg'a'rezligi, duri's ha'm ni'zamli' boli'wi' haqqi'nda ketpekte.

Yeger itibar bersen'iz, ayi'ri'm adamlar qanday da bir lawazi'mg'a ko'terilse, a'tirapi'na ag'ayin-tuwi'sqanalari'n, tabaqlaslari'n toplawg'a, wolar menen til biriktirip, xali'qti'n', ma'mlekettin' bayli'qlari'n talan-taraj yetiwge kirisedi. Bul jolda wolar insapti' da, adamgershilikti de, ni'zamdi' da bir shetke su'rip qoyadi'. Qanday da bir juwapkerli wazi'ypag'a ju'da' i'layi'q, qoli'nan is keletug'i'n jaqsi' qa'nigeler bolsa da, da'rriw qanday da bir tuwi'sqani'n, jaqi'ni'n wornalasti'ri'wg'a ha'reket yetedi. Na'tiyjede ka'rxanani'n' jumi'si' keri ketedi, u'lken mug'dardag'i' ma'mleket qarji'lari' samalg'a suwi'ri'ladi'.

**Yen' jamani' – bulardi'n' ba'rin ko'rip-bilip turg'an adamlarda a'dillikke, ni'zamli'li'qqa degen isenimsizlik, biyg'amli'q, jumi'stan qoli' suwi'w halatlari' ju'zege keledi.**

Qanday da'rejede bolsa da, payda bolg'an bunday unamsi'z jag'day adamlardi'n' haqi'li' ra'wishtegi narazi'li'qlari'n keltirip shi'g'aradi'. Soni'n' ushi'n da bizin' ma'mleketimizde tani's-bilislik, ag'ayin-ruwshi'lli'qti'n' unamsi'z ko'rinislerine qarsi' ha'm ni'zamli', ha'm ma'nawiy-ag'arti'wshi'li'q bag'dari'nda aktiv gu'res ju'rgiziledi, bul jolg'a kirgen adamlar ja'miyettin' g'a'zebine duwshar boladi'. Bul boyi'nsha Jurtbasshi'mi'z Islam Karimovti'n' Rossiyada shi'g'atug'i'n «Rabochaya tribuna» gazetasi'ni'n' xabarshi'si'na 1991-ji'li' aytqan tariyxi'y so'zleri ha'mmemiz ushi'n u'lgi:

**«Menin' ag'ayin-ruwi'm – mag'an Prezident boli'wdi' isenip tapsi'rg'an xali'q boli'p yesaplanadi'»[1].**

[1] **Islam Karimov.** O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda. – T.: «O'zbekistan» BPDU', 2011-ji'l, 356-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ag'ayin-ruwshi'lli'qtan da qa'wiplirek bolg'an illet — jerleslik boli'p yesaplanadi'.

*Jerleslik — adamlarda wo'zleri tuwi'li'p wo'sken jer menen baylani'sli' halda qa'liplesetug'i'n aymaqli'q jaqi'nli'q tuyg'i'si'ni'n' unamsi'z ko'riniste sa'wleleniwi.*

Jerlesliktin' yen' jaman ta'repi — ma'ha'lle, aymaq, region ma'plerin uluwma ja'miyetlik ma'plerden joqari' qoyi'wda. Ja'miyette bunday ko'z-qaras ha'm tu'siniklerdin' ku'sheyiwi ma'mlekettin' aymaqli'q pu'tinligine, turaqli'li'g'i'na ha'm rawajlani'wi'na wog'ada unamsi'z ta'sir ko'rsetedi. Jerleslik aymaqlardi'n' wo'zin wo'zi shegaralap qoyi'wi'na, xojali'qlar ha'm aymaqlar arali'q baylani'slardi'n' ha'lsirewine, aqi'r-aqi'betinde ekonomikali'q, socialli'q-siyasiy ha'm ma'nawiy shekleniwge ali'p keliwi de hesh ga'p yemes. Sebebi, jerleslik si'yaqli' zi'yanli' ta'sirler asti'na tu'sip qalg'an kimseler basqa jerlerde jasawshi'larg'a pa's na'zer menen qaraw, wolardi' mensinbew, ha'tte u'stinen masqaralap ku'liw si'yaqli' unamsi'z ha'reketlerge meyil boli'p qaladi'.

**Bunnan tu'siniletug'i'n na'rse sonnan ibarat, jerlesliktin' watanpa'rwarli'qqa baylani'si' joq. Bul yeki tu'sinikti parqlap ali'w, pu'tkil O'zbekistandi' wo'zinin' birden bir Watani' dep biliw ha'r qanday jerleslik illetinen quti'li'wdi'n' sha'rti boli'p yesaplanadi'.**

Ma'mleketimiz Prezidenti jerleslik ha'm ag'ayin-ruwshi'lli'qqa beriliw milliy qa'wipsizlikke u'lken zi'yan keltiretug'i'ni'n da'lillep bergen shi'g'armasi'nda to'mendegi a'hmiyetli pikirdi ayti'p wo'tken:

**«Insan wo'zin yen' aldi' menen O'zbekistan puqarasi' dep, sonnan keyin g'ana xorezmli, samarqandli' yaki Ferg'ana woypati'ni'n' xalqi' dep seziniwi lazi'm»[1].**

Bizin' a'debimizge ko'rk qosatug'i'n pazi'yletlerden biri kishipeyillik bolsa, woni'n' ko'rkin buzatug'i'n, basqalardi' bizden bezdiretug'i'n illet

[1] **Islam Karimov.** Qa'wipsizlik ha'm turaqli' rawajlani'w joli'nda./ O'zbekistan XXI a'sir bosag'asi'nda. — T.: «O'zbekistan» baspasi', 1998-ji'l, 101-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

– menmenlik ha’m basqalardi’ mensinbew boli’p yesaplanadi’. Tilekke qarsi’, arami’zda kishipeyillik si’yaqli’ a’jayi’p pazi’yletke biyparq qaraytug’i’n, wo’zin wo’zgelerden joqari’ qoyi’wg’a umti’latug’i’n balalar da ushi’rasadi’. Al yendi, bunday balalardi’n’ ko’pshiligi wo’zinde joq bolg’an qa’siyetlerdi zorlap ko’rsetiwge uri’nadi’. Aytayi’q, haqi’yqi’y bilimli bala wo’zin ko’z-ko’z qi’li’p shirenbeydi, basqalardi’n’ u’stinen ku’lmeydi. Kerisinshe, wol doslari’ni’n’ da wo’zine jetip ali’wi’, pu’tkil klass woni’n’ biliminen paydalani’wi’n qa’leydi. Bunday balalar birewdi qayi’l qaldi’ri’w, maqtawi’na yerisiw ushi’n woqi’maydi’. Wolar ushi’n bilimli boli’w, kitap woqi’p, wo’zin ruwxi’y bayi’ti’w ishki bir talap boli’p yesaplanadi’. Sebebi, bilim arqali’ kewli wo’sip barati’rg’ani’n, wo’miri qi’zi’qli’ mazmung’a iye boli’p ati’rg’ani’n wolar ju’da’ jaqsi’ sezedi.

Kishipeyil adam a’tirapi’ndag’i’lardan wo’zine bolg’an mu’na’sibetten arti’qsha izzet-ikram, ayi’ri’qsha hu’rmet talap yetpeydi, jetiskenliklerinen murni’n ko’terip, maqtanshaqli’q yetpeydi.

**Demek, kishipeyillik insandi’ jetiklikke jeteleytug’i’n a’hmiyetli pazi’ylet bolsa, menmenlik, kerisinshe, woni’ ruwxi’y jalg’i’zli’q, ma’nawiy jarli’li’q ha’m dag’dari’sqa qaray baslaytug’i’n qa’wipli illet boli’p yesaplanadi’.**

Mektep sabaqlari’nan sizge jaqsi’ belgili bolg’ani’nday, tariyxi’mi’zda wo’tken ko’plep ulli’ shaxslar, pazi’l insanlar da kishipeyillik babi’nda zamanlaslari’ menen keleshek a’wladlarg’a wo’rnek ha’m ibrat u’lgisi bolg’an. Bul jerde bir g’ana ha’ziret Nawayi’ni’ yeslewdin’ wo’zi jetkilikli. Wol insan ne-ne u’lkelerge belgili shayi’r, patsha Xuseyin Bayqarani’n’ balali’qtan dosti’, ulli’ a’mir, yesapsi’z bayli’qlar iyesi boli’wi’na qaramastan, kishipeyillik ha’m a’lpayi’mli’qta ha’mmege u’lgi yedi. Dani’shpan babami’zdi’n’ buri’n jasap wo’tken ha’m wo’zi menen qatar ju’rgen ustazlari’na ko’rsetken hu’rmet-izzeti, wo’zinen a’dewir jas shaxzadalardi’ ti’ni’shli’q-tati’wli’qqa shaqi’ri’wdan sharshamag’ani’, ma’mleket ko’lemindegi hu’jjetlerdin’ yen’ to’menine qol qoyg’ani’ – bulardi’n’ ba’ri Nawayi’ ulli’li’g’i’ni’n’ ja’ne bir wo’lmes ko’rinisi boli’p yesaplanadi’.

Joqari’da keltirilgen pikirlerden belgili bolg’ani’nday, ma’nawiy tarawda xalqi’mi’zdi’ uli’g’laytug’i’n ulli’ qa’siyetler menen birge woni’n’



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

rawajlani'wi'na, gu'lleniwine unamsi'z ta'sir ko'rsetetug'i'n jag'i'msi'z a'detler, illetler de bar. Wolardan mudami' saq boli'w, u'lkenler ha'm ustazlar na'siyati'na qulaq tuti'w, jaqsi' adamlarg'a yeriw, qa'lbimizdi iygilikli pazi'yletlerge tolti'ri'w ja'rdeminde bul illetlerden saqlani'wi'mi'z kerek.

## *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Milliy ma'nawiyatqa qarsi' qarati'lg'an qanday si'rtqi' ha'm ishki qa'wiplerdi bilesiz?
2. Menmenlik illetine shali'nbaw ushi'n adamnan neler talap yetiledi, dep woylaysi'z?
3. Ayi'ri'm paytlari' wo'zin'izde de menmenlik belgilerin sezgenbisiz? Wonnan toli'q quti'lg'anman, dep ayta alasi'z ba?
4. Ne ushi'n biypa'rwa kimse dushpannan da qa'wipli boladi'?
5. Jerleslikke berilgen si'patlamani' wo'z betin'izshe tu'sindiriwge ha'reket yetin'.
6. Menmenlikke, maqtanshaqli'qqa beriliw aqi'betinde ju'zege kelip ati'rg'an unamsi'z turmi'sli'q mi'sallardan keltirin'.
7. Qi'zg'ani'w, qi'zg'anshaqli'q tuyg'i'si' insanda qalay payda boli'wi' ha'm qanday aqi'betlerge ali'p keliwi haqqi'nda ayti'p berin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# INSAN QA'LBINE JOL

A'ziz woqi'wshi'! Yeger itibar bergen bolsan'i'z, adamlar mudami' go'zzalli'qqa umti'ladi'. Qi'p-qi'zi'l gilemdey boli'p jayi'lg'an lalazardi' yaki joqari'dan to'menge qaray ti'ni'msi'z ag'i'p turg'an sarqi'ramani' ko'rgende adamni'n' kewli a'jayi'p sezimlerge toli'p, tolqi'nlani'p ketedi. Ba'lkim mine usi'nday halatlar a'yyemgi ata-babalari'mi'zg'a da ilham bag'i'shlap, wolardi' jartaslarg'a su'wretler sali'wg'a, u'sti-baslari'n ra'n'ba'ren' gu'ller ha'm ren'ler menen bezewge, u'y-jaylari'n tu'rli formalarda quri'wg'a iytermelegen shi'g'ar. Ma'selen, ha'zirgi Nawayi' wa'layati'ndag'i' Sarmishsay, U'shtut, Tashkent wa'layati'ndag'i' Xojakent, Qara-qi'yasay, Shatqal degen tawli' aymaqlardag'i' jartaslarg'a mi'n'lap jabayi' ha'm u'y haywanlari', awshi'li'q penen shug'i'llani'p ati'rg'an adamlar su'wretleri woyi'p sali'ng'an. Bul tas su'wretlerdin' jasi' bir neshe won mi'n' ji'llar menen wo'lshenedi. U'lken babalari'mi'z benen mamalari'mi'zdan qalg'an, ha'zirgi ku'nde u'yimizdegi teberik buyi'm si'pati'nda asi'rap-abaylanatug'i'n kiyim-kenshekler, i'di's-tabaqlar, palas ha'm gilemlerdin' bezewlerine di'qqat penen qarasan'i'z, wolardag'i' nag'i'slar, ren'ler qanshelli joqari' talg'am menen tan'lang'ani'na, wo'z-ara uyg'i'nlasti'ri'lg'ani'na hayran qalasi'z.

Ko'pshiligin'iz Samarqandti' ko'rgen bolsan'i'z kerek. Ba'lkim, Xiywa yaki Buxarag'a barg'an shi'g'arsi'z. Al yendi ayti'n'-shi': ma'selen, Samarqandtag'i' Registan kompleksindey saltanatli' imaratlardi' quri'w ha'm bezew ushi'n yel-jurti'mi'zdi'n' ko'rkem ha'm ilimiy woy-pikiri qanshelli jetiklikke ko'terilgen boli'wi' kerek? Siz «A'debiyat» sabag'i'nda u'yrengen ha'ziret Nawayi'ni'n' shi'g'armalari' yaki Behzad qi'lqa'lemi menen sali'ng'an su'wretler, Samarqandtag'i' Amir Temur ha'ykeli yamasa paytaxti'mi'zdag'i' Ha'zireti Imam kompleksi xalqi'mi'zdi'n' do'retiwshilik potenciali', ko'rkem-estetikali'q woy-pikiri wog'ada qu'diretli yekeninen da'rek bermey me?!



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Bunday ga'plerdi ha'r birimiz tuwi'li'p wo'sken wa'layat, rayon aymag'i'ndag'i' ma'deniy yestelikler mi'sali'nda da biyma'lel ayti'wi'mi'z mu'mkin.

**Insan ko'rkem wo'ner shi'g'armasi'n tu'siniwdi, seziwdi qa'lese, da'slep wo'z talg'ami'n, tu'sinik ha'm aqi'l-woyi'n ta'rbiyalawi' talap yetiledi. Ko'rkem wo'nerdi tu'siniw, seziw bolsa adamni'n' ha'r ta'repleme jetilisiwi, ruwxi'y jaqtan bayi'wi'na sebepshi boladi'.**

Yeger seksen-toqsan jasar baba-mamalari'mi'zg'a qulaq tutsan'i'z, wolar tirishilik ju'da' qi'yi'n bolg'an waqi'tlarda da, ha'tte uri's ji'llari'nda da keshquri'nlari' qon'si'-qobalar bir bo'lmege ji'ynali'si'p, pilik shi'rani'n' jari'g'i'nda xali'q da'stanlari'n, a'yyemgi qi'ssalardi', Nawayi', A'jiniyaz ha'm Berdaq shi'g'armalari'n woqi'g'ani'n yeske tu'siredi. Woylap ko'rin': ko'rkem wo'nerge, a'debiyatqa bunshelli i'shqi'paz boli'wdi'n' si'ri' nede? Nege adamlar qarni' ashli'g'i'n, u'sti jupi'ni'li'g'i'n da umi'ti'p, ma'nawiyatqa bunshelli berilgen?



**Ga'p sonda, haqi'yqi'y insanlar wo'mirdi tek iship-jew, jen'il-jelpi woyi'n-ku'lki menen wo'tkeriwdi wo'zleri ushi'n ar dep biledi. Sebebi, insan, birinshi na'wbette, ruwxi'y bay boli'wg'a ha'reket yetiwi, ta'nin g'ana yemes, ruwxi'n da mudami' azi'qlandi'ri'wi' talap yetiledi. Wo'tmishte ibratli' iz qaldi'rg'an ba'rshe tariyxi'y shaxslar yen' aldi' menen ruwxi'y-ma'nawiy jaqtan qu'diretli bolg'ani' menen basqalardan aji'rali'p turg'an.**

Siz de fizikali'q jaqtan yer jete baslag'an yekensiz, yendi ruwxi'y jaqtan da yer jetiwdi woylawi'n'i'z kerek boladi'. Buni'n' ushi'n bolsa alti'nnan da qi'mbat waqi'tti' biykarg'a wo'tkermew, na'wqi'ran wo'mirin'izdin' ha'r bir ma'writin teren' mazmun menen tolti'ri'wg'a ha'reket yetiwin'iz lazi'm.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Yeger insanni'n' ruwxi'y jetikligin quri'li'wi' lazi'm bolg'an imaratqa ten'esek, ha'r ku'ni wog'an keminde bir «gerbish qalaw» talap yetiledi. Wol bolsa tu'rli formada — woqi'p shi'g'i'lg'an qi'zi'qli' kitap, tamasha yetilgen spektakl yaki film, bari'p ko'rilgen muzey yamasa ko'rgizbe formasi'nda boli'wi' mu'mkin.**

Yeger wo'zin'izde qanday da bir ko'rkem wo'ner bag'dari'na ishki talapti' sezip, qanday da bir shi'g'arma jarati'w menen mashg'ul bolsan'i'z, wonnan da quwanarli' hal. Bul proceste sizin' qa'lbin'izden a'tirapqa ko'z ilmes nur taraladi' desek, hasla asi'ra aytqan bolmaymi'z.

**Soni' yeste tuti'n': woy-pikir sa'wlesi du'nyadag'i' barli'q nur dereklerinen de qu'diretlirek boladi'.**




Ko'rkem wo'ner xali'q ma'nawiy-ruwxi'y kelbetinin' aynasi' boli'p yesaplanadi'. Aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zda yesletip wo'tkenimizdey, Sahi'pqi'ran babami'z Amir Temur wo'zi tuwi'lg'an jurt — Keshte (Shahrisabzda) qurdi'rg'an Aqsaray diywallari'na: «Kimde kim qu'diretimizge gu'man qi'lsa, biz qurg'an imaratlarg'a na'zer salsi'n»,— degen so'zlerdi biykarg'a mo'rlep qaldi'rmag'an.

**Akademik G'afur G'ulam wo'z maqalalari'nda Amir Temur babami'zg'a baylani'sli' bir tariyxi'y da'lildi keltiredi. Woni'n' jazi'wi'na qarag'anda, Sahi'pqi'ran u'lken a'skeriy atlani'slarg'a shi'g'arda ko'p sanli' atli' a'skerlerdin' qorji'ni'ni'n' bir jag'i'n sapali' saz topi'raqqa, yekinshi ta'repin bolsa imaratlar si'rti'na isletiletug'i'n tayar nag'i's ha'm bezeklerge tolti'ri'p jolg'a shi'g'ar yeken.**

Barg'an jerinde bolsa bul na'rselerdi mektep-medreseler, sardoba (qudi'q)lar, ka'rwansaraylar ha'm go'zzal imaratlar quri'li'si'na paydalanar yeken. Ma'selen, ha'zirge shekem wo'z saltanati' ha'm shi'rayi' menen adamlardi' lal qaldi'ri'p kiyati'rg'an Tu'rkistan qalasi'ndag'i' Axmed Yassawiy mavzoleyi yamasa Dag'i'stanni'n' tawli' aymag'i'nda jaylasqan Da'rbent qorg'ani'ni'n' bir bo'legi mine usi'layi'nsha quri'l-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

g'an. Bular ha'm sog'an uqsas ju'zlep arxitekturali'q a'jayi'p yestelikler xalqi'mi'zdi'n' ko'rkemlik dani'shpanli'g'i'ni'n', ma'nawiy-ag'arti'wshi'li'q qu'diretinin' ti'msali' boli'p kelmekte.

Biz usi'nday ulli' xali'q wa'kili yekenbiz, siz benen bizden de keleshek a'wladlarg'a iygilikli isler miyras boli'p wo'tiwi da'rkar. Soni'n' ishinde, ko'rkem wo'ner, a'debiyat tarawi'nda da. Jurtbasshi'mi'z bul ma'selege ayi'ri'qsha itibar qarati'p, to'mendegilerdi atap wo'tedi:

**«Ha'zirgi waqi'tta du'nyada ku'sheyip barati'rg'an tu'rli ma'nawiy topi'li'slardi'n' aldi'n ali'w, «g'alaba ma'deniyat»ti'n' zi'yanli' ta'sirinen perzentlerimizdin' sana-sezimi menen woy-pikirin qorg'awda ilim-pa'n ha'm ma'deniyat ja'miyetshiligi, do'retiwshilik wa'killerinin' worni' ha'm roli barg'an sayi'n arti'p barmaqta.**

**Nege degende, bizin' milliy ruwxi'mi'z ha'm ta'biyati'mi'zg'a jat ha'm biygana bolg'an a'ne usi'nday «ma'deniyat» u'lgilerin tek si'ng'a ali'w ha'm biykarlaw yaki wolardi' qadag'an yetiw menen hesh bir na'tiyjege yerisip bolmaydi'. Bunday qa'wip-qa'terlerden wo'mirimizdi asi'raw, ma'nawiy bosli'qqa jol qoymaw ushi'n yen' aldi' menen iygilikli insani'y ideyalar ha'm joqari' sheberlik penen jarati'lg'an shi'g'armalar arqali' xalqi'mi'zdi'n' ma'deniy da'rejesin ko'teriw, basqasha aytqanda, bu'gin ja'ha'n maydani'nda ju'z berip ati'rg'an keskin aqi'l-za'kawat ha'm talant jari'si'nda bellesiwge tayar boli'wi'mi'z sha'rt»[1].**

G'a'rezsizlik ji'llari'nda milliy ko'rkem wo'nerimizdin' barli'q tu'rleri — xali'q a'meliy ko'rkem wo'neri, ko'rkem a'debiyati', klassikali'q ha'm zamanago'y muzi'ka, su'wretlew ko'rkem wo'neri, skulptura, teatr ha'm kino tarawlari'n rawajlandi'ri'w ma'selesine birdey itibar berilmekte. Yelimizde xali'q ustalari'ni'n' basi' bir jerge quwi'sti'ri'li'p, wolardi'n' milliy a'meliy ko'rkem wo'ner shi'g'armalar do'retiwi ushi'n barli'q qolayli'qlarg'a iye ustaxanalar quri'p berildi. Na'tiyjede bul wo'nerdin' sovet hu'kimeti da'wirindegi itibarsi'zli'q sebepli jog'ala jazlag'an a'jayi'p tu'rleri qayta tiklenbekte, si'rt yellerden kelgen sayaxatshi'lardi'n' u'lken qi'zi'g'i'wshi'li'g'i'na sebep bolmaqta.

Jurtbasshi'mi'z joqari'da atap wo'tilgen shi'g'armasi'nda: «Yeger biz O'zbekistani'mi'zdi' du'nyag'a tani'tpaqshi', woni'n' a'yyemgi tariyxi'

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 133—134-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



ha'm jarqi'n keleshegin uli'g'lamaqshi', woni' a'wladlar yadi'nda ma'n'gi saqlamaqshi' bolsaq, yen' aldi' menen ulli' jazi'wshi'lardi', ulli' shayi'rlardi', ulli' do'retiwshilerdi ta'rbiyalawi'mi'z kerek. Nege degende, ulli' jazi'wshi' Sholpan aytqani'nday, a'debiyat jasasa – millet jasaydi'»,– dep atap wo'tedi. Shi'ni'nda da, a'debiyat – xali'q qa'lbinin' dilmashi', woni'n' ta'rbiyashi'si' ha'm ilham deregi boli'p yesaplanadi'. Usi'nnan kelip shi'g'i'p, yelimizde a'debiyat wa'killerine joqari' itibar ko'rsetilmekte, wolardi'n' yerkin do'retiwshilik penen shug'i'llani'wi' ushi'n za'ru'r sha'rt-sharayatlar jarati'lmaqta. Soni'n' ishinde, 2009-ji'li' O'zbekistan Jazi'wshi'lar awqami' jumi'slari'n rawajlandi'ri'w, do'retiwshilerdi materialli'q ha'm ruwxi'y jaqtan qollap-quwatlaw boyi'nsha u'lken isler a'melge asi'ri'ldi'. Prezidentimizdin' «A'debiyatqa itibar – ma'nawiyatqa, keleshekke itibar» atli' mu'ra'jati' ha'm arnawli' qarari' tiykari'nda «Ijod» fondi' sho'lkemlestirildi. Ma'mleketlik byudjet ha'm usi' fond qarji'lari' yesabi'nan Du'rmendegi Jazi'wshi'lar do'retiwshilik u'yi ha'm bag'i', do'retiwshilerge xi'zmet ko'rsetetug'i'n poliklinika tu'pten qayta won'landi', abat ma'kanlarg'a aylandi'ri'ldi'. Yen' a'hmiyetlisi, yelimizdin' tu'rli qala ha'm awi'llari'nda jasap, do'retiwshilik penen shug'i'llani'p ati'rg'an, keleshekte milliy a'debiyati'mi'zdi'n' rawajlani'wi'na salmaqli' u'les qosi'wi' mu'mkin bolg'an ju'zlep jas talant iyelerinin' da'slepki kitaplari' ma'mleket yesabi'nan basi'p shi'g'ari'lmaqta. Zu'lfiya ati'ndag'i' ma'mleketlik si'yli'qqa miyasar bolg'an jaslar arasi'nda jazi'wshi' ha'm shayi'r qi'zlar ko'pshilikti quramaqta.

**«Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda jazi'lg'ani'nday, Samarqandqa jaqi'n jerdegi Mo'minabat qi'shlag'i'nan 3 mi'n' 300 ji'l buri'n su'yekten jasalg'an nay a'sbabi' tabi'lg'an. A'yyemgi Binkat, ha'zirgi Tashkent aymag'i'nan bolsa su'yekten joni'lg'an xoma – qa'lem tabi'ldi'. Bul ha'm ja'ne basqa ko'plep yeski yestelikler – bizin' u'lkemizde ju'da' a'yyem zamanlardan baslap ma'deniyatli', ko'rkem wo'nerdi su'yetug'i'n adamlar jasag'ani'ni'n' tilsiz gu'wasi'.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Xalqi'mi'z wo'zinin' a'yyemgi ha'm wog'ada bay muzi'ka wo'neri menen haqi'li' ra'wishte maqtansa arzi'ydi'. Bir g'ana «Shashmaqom» du'rkiminde ja'mlengen muzi'kali'q shi'g'armalar, mine, neshshe a'sirlerden beri wonlap a'wladlardi'n' ruwxi'y talaplari'n qandi'ri'p, xalqi'mi'zdi'n' jaqsi' ku'nlerinde de, ta'shwishli ku'nlerinde de biyminnet xi'zmet yetpekte. Bay muzi'ka miyrasi'mi'z du'rdanasi' bolg'an «Chuli iroq» namasi' zamani', milleti, ji'ni'si' ha'm dinine qaramastan, ha'r qanday insan balasi'n i'qti'yarsi'z teren' woyg'a taldi'rsa, «La'zgi» jan'g'i'rg'an ma'ha'li wo'mirinde woyi'ng'a tu'spegen adam da qalay woynap ketkenin bilmey qaladi'.

**Ja'ne bir na'rsege itibar berin': o'zbek woyi'nshi' qi'zlari' du'nyadag'i' ha'r qanday xali'qti'n' woyi'ni'n wolardan da wo't-kerip atqaradi', muzi'kantlari'mi'z bolsa Evropani'n' da, Aziya yamasa Lati'n Amerikasi'ni'n' da namalari'n sheber shertip bere aladi', al yendi o'zbek milliy namalari' menen ayaq woyi'nlari'n uqsati'p atqari'w anaw-mi'naw si'rt yel sheberlerinin' qoli'nan kele bermeydi... Bulardi'n' barli'g'i' xalqi'mi'zdi'n' muzi'kali'q talanti'ni'n' joqari' yekenligin, talg'ami' wo'tkir ha'm ko'rkem woy-pikiri ken' yekenligin ayqi'n ko'rsetedi.**

Yelimizde muzi'ka ha'm ko'rkem wo'ner tarawi'n ja'ne de rawajlandi'ri'w, usi' maqsette jas a'wladti'n' wo'z talanti'n ju'zege shi'g'ari'wi' ushi'n za'ru'r sha'rt-sharayatlar jarati'w bag'dari'nda a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an isler ko'lemi sheksiz. Jurtbasshi'mi'z baslamasi' menen 2008-ji'ldi'n' «Jaslar ji'li'» dep ja'riyalani'wi', a'yne usi' ji'li' 2009—2014-ji'llarda balalar muzi'ka ha'm ko'rkem wo'ner mekteplerinin' materialli'q bazasi'n bekkemlew ha'm jan'a ma'kemelerdi quri'w boyi'nsha ma'mleketlik bag'darlamani'n' qabi'l yetilgeni de buni'n' a'meliy ko'rinisi boli'p yesaplanadi'. Usi' bag'darlamag'a muwapi'q, ma'mleketimizdin' ha'r bir qala ha'm rayoni'nda zamanago'y joybarlar tiykari'ndag'i', barli'q qolayli'qlarg'a iye bolg'an muzi'ka ha'm ko'rkem wo'ner mektepleri quri'ldi'. Paytaxti'mi'zda boy tiklegen saltanatli' «Jaslar do'retiwshilik sarayi'»nda bolsa qanshadan qansha u'mitli talant iyeleri jetilispekte.

Bu'gingi O'zbekistan tek milliy nama-qosi'qlari'mi'z yemes, al pu'tkil Shi'g'i's ha'm basqa da xali'qlardi'n' a'jayi'p muzi'ka wo'neri ko'rsetiletug'i'n, wo'z-ara do'retiwshilik baylani'sqa ken' imkaniyat jarati'lg'an



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

xali'q arali'q ko'rkem wo'ner ma'kani'na aylani'p barmaqta. Atap aytqanda, a'yyemgi Samarqand qalasi'nda ha'r yeki ji'lda bir ma'rte wo'tkeriletug'i'n «Sharq taronalari'» xali'q arali'q muzi'ka festivali'na du'nyani'n' tu'rli ma'mleketlerinen muzi'kant ha'm atqari'wshi'lar kelip, wo'z milliy ko'rkem wo'neri menen ha'mmeni tani'sti'rmaqta. Ashi'q aspan asti'nda, ay ha'm juldi'zlardi'n' si'rli' jilwasi' menen bezelgen Registan maydani'ni'n' ta'biyiy saxnasi'nda jan'lap ati'rg'an ra'n'ba'ren' namalar tu'rli millet, din, bilim iyeleri bolg'an insanlardi'n' qa'lblerin wo'z-ara baylani'sti'ri'wg'a, xali'qlar arasi'ndag'i' haqi'yqi'y ma'deniy birge islesiwdin' bekkemleniwine xi'zmet yetpekte.

**Usi' festival miymani' bolg'an franciyali' atqari'wshi', ja'ha'n muzi'kasi'ni'n' u'lken izertlewshilerinin' biri Sharl Aznaur bul u'lken ko'rkem wo'ner bayrami' menen Samarqandti'n' potenciali'na joqari' baha berip: «Men si'rli' Registanni'n' mu'ba'rek maydani'nda turi'p, wo'zimnin' insan si'pati'nda qanshelli biyik shi'n'larg'a ko'terilgenimdi, jan-ta'nim ulli'li'qqa miyasar bolg'ani'n shi'n kewlimnen sezdim»,— degen yedi. Bul ta'riypler siz benen biz — O'zbekistan perzentlerinin' maqtani'shi'na maqtani'sh qospawi', usi'nday jurt iyeleri yekenimizden qa'lbimizdi maqtani'shqa tolti'rmawi' mu'mkin yemes!**

A'debiyat sabaqlari'nan jaqsi' bilgenin'izdey, wo'tken XX a'sirdin' baslari'nda yelimizde zamanago'y teatr ko'rkem wo'nerinin' da'slepki u'lgileri jarati'lg'an. Biraq bul ko'rkem wo'ner tu'ri tek sol paytqa kelip g'ana xalqi'mi'z turmi'si'nda payda boli'p qalmag'an, a'lbette. Sebebi u'lkemizde ju'da' a'yyem zamanlardan baslap-aq quwi'rshaqpazli'q, masqarapazli'q, hoqqi' (ag'ash ayaq) ha'm dar woyi'nlari' si'yaqli' ko'plep tamasha tu'rleri bolg'an. Xali'qti'n' seyilleri, toy-tamashalari' bularsi'z wo'tpegen. Ayti'p wo'tkenimizdey, XX a'sir basi'na kelip, bizde de zamanago'y teatr ushi'n arnawli' dramalar jazi'ldi', da'slepki teatr truppalari' is basladi'. Sol da'wirde bul ko'rkem wo'ner tu'rine ju'da' ku'shli talap payda bolg'ani'n ustazlari'n'i'z tu'sindirgen bolsa kerek. Shi'ni'nda da, gazeta-jurnallar, kitap ha'm basqa da baspa wo'nimlerinin' sani' kem bolg'an Tu'rkistan u'lkesinin' xalqi'n da ag'arti'wshi'li'qqa shaqi'ri'w, woni' qalaqli'q batpag'i'nan ali'p shi'g'i'wda teatr ko'rkem wo'nerinin' a'hmiyeti u'lken bolg'an.

Bul ko'rkem wo'ner tu'rinin' ma'nawiyatti' u'git-na'siyatlawda, ma'nawiy ta'rbiyada tutqan worni' ha'm a'hmiyeti ha'zir de, bunnan keyin



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

de hasla pa'seymeydi. Sebebi, teatr saxnasi'nda ko'rsetilip ati'rg'an spektakldi tamashago'y tikkeley, tuwri'dan tuwri', janli'-ha'reketli halatta ko'riw-baqlaw imkaniyati'na iye boladi'. Bul bolsa insanni'n' sezimlerine, tuyg'i'lari'na ku'shli ta'sir ko'rsetedi, woni'n' bir neshe saat dawami'nda si'rtqi' a'lemnen u'zilip, wo'zin saxnadag'i' waqi'yalar ishinde seziwine imkan jaratadi'. Teatr tamashasi'nda wo'tkerilgen mine usi' bir neshe saatti'n' wo'zi-de insan qa'lbinde, sana-sezimi menen woy-pikirinde, ruwxi'yati'nda, demek, ma'nawiyati'nda sezilerli unamli' wo'zgerislerdin' ju'zege keliwi ushi'n jeterli.

O'zbekistan Respublikasi' Prezidentinin' 2014-ji'li' O'zbek milliy akademiyali'q drama teatri'ni'n' 100 ji'lli'g'i'n ken' belgilew haqqi'nda-g'i' qarari' da usi' ko'rkem wo'ner tarawi'ni'n' ja'miyet turmi'si'nda wog'ada a'hmiyetli wori'n tutatug'i'ni'n ko'rsetedi.

Bu'gingi ku'nde du'nya kino ko'rkem wo'nerinin' texnikali'q-texnologiyali'q rawajlani'wi' insaniyatti'n' ma'deniy rawajlani'wi'na tiyisli bolg'an basqa da barli'q tarawlardi' artta qaldi'ri'p barati'rg'ani'n ha'mme ko'rip-bilip turi'pti'. Ha'zirgi waqi'tta kinostudiya ushi'n imkani' joq na'rsenin' wo'zi joqtay tu'yiledi. A'sirese, AQSH, Qi'tay, Evropani'n' ayi'ri'm ma'mleketlerindegi kinokompaniyalar ta'repinen do'retilip ati'rg'an ko'rkem, animaciyali'q ha'm hu'jjetli kartinalarda qollani'li'p ati'rg'an ko'rkem (ani'g'i'rag'i' — texnikali'q) effekt da'rejesin ko'rip, anaw-mi'naw na'rsege ti'rp yetpeytug'i'n adamlar da «wax» dep jibergenin sezbey qaladi'.

Aynadan jasalg'an za'wlim imaratlarg'a iye bolg'an u'lken qala ko'shelerindegi ma'wijli turmi'sti' qorqi'ni'shli' giddiman aydarhani'n' bir neshe minutta asti'n-u'stin qi'li'p jiberiwin bul da'rejede isenimli su'wretlew mu'mkinligin bunnan bar-jog'i' yari'm a'sir buri'n da hesh kim ko'z aldi'na keltire almaytug'i'n yedi. (Wo'tken a'sirde wo'z sa'nsaltanati' menen ata-analari'n'i'zdi' hayran qaldi'rg'an «Erami'zdan million ji'l buri'n», «Sindbadti'n' sayaxati'» si'yaqli' filmler sizde tek mi'sqi'l woyatadi', bolg'ani'). Kosmos ken'liklerinde sho'lkemlestirilip ati'rg'an sawashlar, tariyxi'y yamasa «qorqi'ni'shli'» filmlerde de qollani'li'p ati'rg'an arnawli' effektler tuwrali' aytpasa da boladi'.

**Kino do'retpesinen, wol qanshelli tamasha ko'rkem wo'neri boli'wi'na qaramastan, barli'q ko'rkem wo'ner tu'rleri si'yaqli' insanni'n' ko'zine yemes, kewline ta'sir ko'rsetiw, qa'lbinde belgili bir wo'zgerisler, ruwxi'yati'nda unamli' qozg'ali'slar woyati'w talap yetiledi.**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Usi' ma'niste, ma'selen bizge, si'rt yeldin' kosmosli'q yaki jer asti' uri'slari' tuwrali', milliardlap dollar qarji' sarplap tu'sirilgen filmlerden ko're, wo'zimizdegi kino do'retiwshilerdin' aq-qara ren'degi «Sen jetim yemessen'» yaki «Ma'ha'llede duw-duw ga'p» kibi filmleri ko'birek ma'nawiy azi'q beredi.

**Jurtbasshi'mi'z ta'riypi menen aytqanda, «Mine usi'nday shi'n ma'nistegi milliy shi'g'armalar tek xalqi'mi'z ma'nawiyati'n ko'teriwge yemes, al woni'n' go'zzal qa'diriyatlari'n pu'tkil du'nyag'a tani'ti'wg'a da u'lken u'les qosi'p kelmekte»[1].**

## *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Insanni'n' ko'rkem wo'nerge bunshelli qi'zi'g'i'wi', woni'si'z wo'mirdi ko'z aldi'na keltire almawi'n qalay tu'sindiresiz?
2. Yelimizde ko'rkem wo'nerdin' qaysi' tu'rleri ko'birek rawajlang'an? Buni'n' sebebi nelerde yeken?
3. Ko'rkem wo'ner iyesi boli'w yaki ko'rkem wo'nerdi tu'siniw adamnan qanday pazi'yletlerdi talap yetedi?
4. Jurti'mi'z dawri'g'i'n du'nyag'a tani'ti'p ati'rg'an qaysi' ko'rkem wo'ner iyesin bilesiz, wolardi'n' sheberligi nede?
5. Qatar-qurbi'lari'n'i'zdi'n' ko'rkem wo'ner ha'm a'debiyatqa bolg'an mu'na'sibeti sizdi qanaatlandi'ra ma?
6. Wo'zin'iz jasaytug'i'n jerde qanday ko'rkem wo'ner yestelikleri bar? Wolardi'n' tariyxi' menen qi'zi'qti'n'i'z ba?
7. Ne dep woylaysi'z: zamanago'y texnologiyalar – kompyuter grafikasi', elektron muzi'ka a'sbaplari' ha'm basqalar ko'rkem wo'nerdin' rawaj-lani'wi'na unamli' ta'sir ko'rsetip ati'r ma yamasa unamsi'z ta'sir me?
8. To'mendegi su'wretler tiykari'nda milliy muzi'ka wo'nerimizdin' wo'zine ta'n wo'zgeshelikleri tuwrali' ayti'p berin'.


*a*


*b*


*c*


*d*

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 146-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## TARIYXI'Y YADTI' TIKLEWDE KO'RKEM WO'NERDIN' A'HMIYETI

A'ziz woqi'wshi'! Bul sabag'i'mi'zg'a tayarlani'wdan aldi'n ata-analari'n'i'zdan sovet da'wirinde ko'she ha'm qi'yabanlarg'a kimlerdin' ha'ykeli wornati'lg'an yedi, qanday mazmundag'i' plakatlar ildiriletug'i'n yedi, ko'rgizbe ha'm muzey zallari' qanday su'wretlew ko'rkem wo'neri shi'g'armalari' menen bezeletug'i'n yedi, dep a'lbette sorap ko'rin'. Aldi'nnan ayta ketetug'i'n na'rse, wolardi'n' juwaplari' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda keltirilgen to'mendegi pikirlerge uyg'i'n boladi', a'lbette:

**«Tek paytaxtta yemes, ha'tte yen' shettegi aymaqlarda da sovet ko'semlerinin', mi'n'-mi'n'lap watanlaslari'mi'zdi'n' wo'mirin zaya yetken, keyinirek jawi'z qi'lmi'slari' pu'tkil du'nyag'a a'shkara bolg'an shaxslardi'n' ha'ykelleri sawlat to'gip turar yedi. Tu'rli bayramlar mu'na'sibeti menen a'ne usi' ha'ykeller aldi'na gu'ller qoyi'latug'i'n yedi. Biraq bul ma'resimler wog'ada jasalma ha'm ju'zeki boli'p, adamlar bul ilajlardi' shi'n ju'rekten yemes, tek ra'smiyat ushi'n isleytug'i'n yedi»[1].**

Shi'ni'nda da, sovet da'wirinde O'zbekistan ko'shelerinde ju'rgen adam jurti'mi'zdi' wo'mirinde ko'rmegen, biraq woni'n' basi'na sali'n-g'an azap-aqiretlerge tiykarg'i' sebepshi bolg'an kimselerdin' u'lken-kishi ha'ykelleri, byustleri, su'wretleri, ko'she ha'm qi'yabanlarg'a qoyi'lg'an ismlerin ko'p ushi'ratqani' sonshelli, ha'tte tosattan qay jerge kelip qaldi'm dep, hayran bolar yedi. Ha'zirgi ku'nde pu'tkil insaniyat ta'repinen du'nya tariyxi'nda qanli' iz qaldi'rg'an siyasatshi'lar

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 149-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

si'pati'nda qaralanatug'i'n Lenin, Dzerjinskiy, Frunze, Stalin si'yaqli' «ko'semler» shaxsi'na xali'qti' si'yi'ndi'ri'w ushi'n woylap tabi'lg'an bul ma'nawiy topi'li'slardi'n' shegi-shegarasi' joq yedi. Al, wo'z jurti'mi'zda tuwi'li'p wo'sken, woni'n' ati'n du'nyag'a taratqan ulli' dani'shpan babalari'mi'zdi'n' ulli' ismleri topi'raqlarg'a qari'sti'ri'li'p, jamanatli' qi'li'ni'p, wolardi' xali'q yadi'nan pu'tkilley wo'shirip taslawg'a ha'reket yetiletug'i'n yedi. Woqi'w sabaqli'qlari'nan baslap barli'q g'alaba xabar qurallari'na shekem — pu'tkil u'git-na'siyat dereklerinde xalqi'mi'zdi'n' maqtani'shi'n woyati'wi' mu'mkin bolg'an, wog'an wo'zligin tani'wi'na ja'rdem beretug'i'n ulli' babalari'mi'z tuwrali' ko'z-ko'reki jalg'an, do'hmet so'zler mudami' ta'kirarlanatug'i'n yedi. Sonshelli a'yyemgi ha'm siyrek ushi'rasatug'i'n a'jayi'p ma'deniyatqa iye bolg'an xalqi'mi'z bolsa pu'tkil tariyxi' dawami'nda tap bir sawatsi'z, bilimsiz, artta qalg'an millet bolg'ani', tek sovet da'wirine kelip g'ana ma'deniyat ne yekenin bilgeni tuwrali' do'hmetler xali'qti'n' sana-sezimi menen woy-pikirin za'ha'rlewge bag'darlang'an yedi.

Jurtbasshi'mi'z bul wog'ada ta'shwishli jag'daydi' 1990-ji'ldan baslap-aq keskin si'n asti'na alg'an yedi: **«Xali'qti'n' ju'da' bay tariyxi' ha'm ma'deniyati'n, u'lkenin' wo'zine ta'n a'jayi'p wo'zgesheliklerin bilmegen ha'm biliwdi de qa'lemegen adamlar respublika turmi'si'n basi'p-jenship, qi'n'i'r jolg'a sali'wg'a kiristi.**

**Xali'qti'n' ko'p a'sirlik da'stu'rleri, ma'deniyati', u'rp-a'detleri ha'm ma'nawiy qa'diriyatlari'n mensinbew yeldi ju'da' renjitti»[1].**

A'sirese, Sahi'pqi'ran babami'z Amir Temur tuwrali' wo'sek, jalg'an ga'pler ba'rinen de asi'p tu'sti. Wol insandi' «jawi'z», «basqi'nshi'» si'pati'nda ko'rsetiwge, xali'qti' ashi'qtan-ashi'q aldaw arqali' wol haqqi'ndag'i' tariyxi'y yadti' xali'q ju'reginen qi'si'p shi'g'ari'wg'a zor berip ha'reket yetiler yedi.

[1] **Islam Karimov.** O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda. — T.: «O'zbekistan» BPDU', 2011-ji'l, 177-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Shu'kirlik yetiw kerek, milliy g'a'rezsizlik bunday biybastaqli'qlardi'n' ha'mmesine de u'zil-kesil shek qoydi'. Jurtbasshi'mi'zdi'n' tikkeley baslamasi' ha'm basshi'li'g'i' menen g'a'rezsizliktin' da'slepki ji'llari'nan baslap-aq Amir Temurdi'n' pa'k ismin xali'qqa qaytari'w, woni'n' insaniyat tariyxi'na, civilizaciyasi'na qosqan u'lken u'lesin qali's bahalaw ha'm hu'rmetin worni'na qoyi'w bag'dari'nda qatan' is-ha'reketler a'melge asi'ri'ldi'. Soni'n' ishinde, Sahi'pqi'ranni'n' tariyxi'y kelbetin jarati'w boyi'nsha teren' ilimiy izlenisler ju'rgizildi. Prezidentimiz tariyxi'y shi'nli'qti', a'dalatti' tiklewdey qi'yi'n usi' proceste tek qali'sli'qqa, ilimiylikke su'yengenin atap wo'ter yeken, to'mendegi pikirlerge ayi'ri'qsha itibar qaratadi':

**«Amir Temur sarayi'nda jeti ji'l jasag'an ataqli' tariyxshi' Ibn Arabshax babami'zdi'n' su'wretin ha'm obrazi'n bi'lay su'wretleydi:**

**«Temur ba'lent boyli', tik qa'wmetli, ken' peshanali', basi' u'lken, wog'ada ku'shli ha'm sawlatli', aq-qi'zi'l ju'zli, ken' jawi'ri'nli', qa'ddi-qa'wmeti kelisken, saqali' qali'n', won' qoli' menen won' ayag'i' zaqi'mlang'an, yeki ko'zi misli yeki shamday parlap turatug'i'n, juwan dawi'sli', ulli'li'g'i' wo'zine jarasqan, bekkem isenim menen so'yleytug'i'n, haqi'yqatgo'y adam yedi. Wol ko'z asti'nan qaraw ha'm ko'z isharatlari'n sezetug'i'n, aqi'l-oyli', ziyrek, ha'r qanday isharattan xabardar adam boli'p, ju'z beriwi mu'mkin bolg'an ha'mme isti aldi'nnan ko'rip-bilip turar yedi».**

**Wo'zin'iz ayti'n', ulli' babami'zdi'n' ani'q ha'm haqi'yqi'y portretin jaratpaqshi' bolg'an xudojnik ushi'n bunday mag'luwmatlar biybaha material boli'p xi'zmet yetpey me? Biz bul istin' tariyx ha'm keleshek aldi'ndag'i' juwapkershiligin ha'r ta'repleme teren' sezip, tu'rli dereklerde atap wo'tilgen isenimli tariyxi'y da'lillerge su'yengen halda is tutti'q»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 151-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jurtbasshi'mi'zdi'n' kitabi'nda da'slep O'zbekistan xali'q xudojnigi Malik Nabiev mine usi' pikirler tiykari'nda Sahi'pqi'ran babami'zdi'n' klassik kelbeti sa'wlelendirilgen portretin jaratqani', mine usi' obraz keyin ala yelimizde Amir Temur babami'zg'a arnap quri'lg'an barli'q ha'ykeller ushi'n tiykar boli'p xi'zmet yetkeni atap wo'tiledi. Bul ha'ykeller bolsa ko'rkem do'retiwshiliktin' monumental ko'rkem wo'ner tu'rine tiyisli.

*Monumental ko'rkem wo'ner degende, yen' aldi' menen, u'lken ta'sir ku'shine iye bolg'an sawlatli' ha'ykeller ha'm yestelik komplekslerin tu'sinemiz.*

Shi'ni'nda da, g'a'rezsizlik ji'llari' milliy monumental ko'rkem wo'nerimiz ushi'n da haqi'yqi'y jetilisiw, milliy da'stu'rler ruwxi'nda rawajlani'w da'wiri boldi'. Bul tarawda ja'ne qanday izlenisler a'melge asi'ri'lg'ani', soni'n' ishinde, Amir Temurdi'n' Samarqand, Tashkent, Shahrisabz qalalari'na sawlat berip turg'an u'lken ha'ykellerinin' do'retiliw procesi, usi'nday izlenis ha'm ta'jiriybeler tiykari'nda keyin ala Ferg'ana qalasi'nda – Axmed Ferg'aniy, U'rgenishte – Muxammed Musa Xorezmiy ha'm Jalaliddin Manguberdi, Nawayi' qalasi'nda – A'liysher Nawayi', paytaxti'mi'zda – G'afur G'ulam, Abdulla Qahhar, Zu'lfiya kibi jazi'wshi' ha'm shayi'rlari'mi'z ha'ykelleri, Termiz qalasi'nda Alpami's, Qarshi' qalasi'nda «El-jurt tayani'shi'», Tashkent qalasi'ni'n' qaq wortasi'nda G'a'rezsizlik ha'm Iygilik monumenti, Ha'siretli ana ha'ykeli, ulli' a'ziz-a'wliyelerimiz yadi'na bag'i'shlap wonlap yestelik kompleksleri quri'lg'ani' tuwrali' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda wog'ada ibratli' gu'rrin'ler wori'n alg'an[1].

Bul tariyxi'y is-ha'reketler u'zliksiz dawam yettirilip, keyingi ji'llarda A'ndijan qalasi'nda – Mi'rza Babur, Sholpan, Tashkentte – Aybek, Said Axmed ha'm Saida Zunnunovalardi'n' sawlatli' ha'ykelleri boy tikledi.

Joqari'da atap wo'tkenimizdey, bizin' teberik topi'rag'i'mi'zda tuwi'li'p yer jetken, insaniyatti'n' ilimiy ha'm ma'deniy rawajlani'wi'na u'lken u'les qosqan dani'shpanlardi'n' su'yegi jati'rg'an teberik

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 149–156-betler.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ma'kanlar sovet da'wirinde taslandi' halg'a sali'ng'an yedi, wolardi' abadanlasti'ri'w, ziyaratxanalarg'a aylandi'ri'wg'a bolsa jol qoyi'lmaytug'i'n yedi.

Ha'zirgi ku'nde jurti'mi'zdi'n' barli'q wa'layatlari'ndag'i' bunday teberik ma'kanlar qayta won'lani'p, hasli' hali'na keltirilmekte. Tek ziyaratxanalardi'n' wo'zi yemes, wolarg'a ali'p baratug'i'n jollar da ken'eytilmekte, a'tirapi'ndag'i' xali'q jasaytug'i'n wori'nlar abat yetilmekte. Ma'mleketimizge kelip ati'rg'an si'rt yelli miymanlar, ko'ptenko'p sayaxatshi'lar qi'sqa da'wir ishinde a'melge asi'ri'li'p ati'rg'an bul sawapli' islerdi ko'rip, hayran qalg'ani'n jasi'ra almaydi'. Ma'selen, Buxaradag'i' Abdulxali'q G'ijdiwaniy ha'm Bahawiddin Naqshband, Samarqandtag'i' Imam Buxariy ha'm Imam Moturidiy, Marg'ulandag'i' Burxaniddin Marg'inaniy, Tashkent qalasi'ndag'i' Ha'zireti Imam yestelik kompleksi si'yaqli' teberik jaylardan ji'l-on yeki ay ziyaratshi'lardi'n' qa'demi u'zilmeydi.

**Yen' a'hmiyetlisi, shi'n kewilden islenip ati'rg'an bul ziyaratlar xalqi'mi'zdi'n' ruwxi'y du'nyasi'n bayi'ti'wda, wo'zinin' sha'wketli tariyxi'n biliw arqali' wo'zligin an'lawi'nda, qa'lbinde maqtani'sh seziminin' joqari'lawi'nda u'lken a'hmiyetke iye bolmaqta.**

Yeger sovet da'wiri tariyxi'n puxtalap u'yrensen'iz, paytaxti'mi'z Tashkenttin' bas maydani' joqari'da aytqan bolshevikler ko'semi Lenin ismi menen atalg'ani'n, bul maydanda sol kimsenin' wo'zi tuwi'li'p wo'sken jurti'nda da ushi'raspaytug'i'n, du'nyadag'i' yen' u'lken tas ha'ykeli wornati'p qoyi'lg'ani'n bilip alasi'z. Maydanni'n' wo'zi bolsa iri, qopal islengen beton plitalar menen qaplang'an yedi. Ha'r ji'li' yeki ma'rte bul maydan boylap sovet armiyasi'ni'n' a'jel uri'g'i'n shashi'wshi' tank, zen'birek, raketa ha'm basqa da a'skeriy texnikasi'ni'n' paradi' – demonstraciyasi' wo'tkeriletug'i'n yedi. Bir so'z benen aytqanda, bas maydan insan haq-huquqlari'n ayaq asti' qi'latug'i'n kolonial du'zimnin' temir-beton aralaspasi'nan ibarat suwi'q ti'msali'na aylang'an yedi. Bugin she?

Azat O'zbekistan Respublikasi' paytaxti'ni'n' qaq wortasi'nda – G'a'rezsizlik ha'm Yeslew maydanlari'nda zamanago'y monumental ko'rkem wo'nerimizdin' a'jayi'p u'lgisi bolg'an G'a'rezsizlik ha'm Iygilik



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

monumenti menen Ha'siretli ana ha'ykeli quri'ldi'. Wo'zinde insanpa'rwarli'qti', jaqsi'li'qti', babalar yadi'ni'n' qa'sterli yekenin ha'm keleshekke bekkem isenimdi ja'mlegen bul ko'rkem wo'ner du'rdanalari' watanlaslari'mi'zdi'n' da, bizge dos ba'rshe insanlar qa'lbine de jaqti' nur ali'p kirmekte. Jurtbasshi'mi'z ha'mmemizge teren' maqtani'sh bag'i'shlaytug'i'n bul iygilikli istin' a'hmiyetin haqi'li' ra'wishte to'mendegishe bahalaydi':

**«Men isenemen, aradan ji'llar, a'sirler wo'tedi, zamanlar wo'zgeredi, biraq wo'zinin' ma'nisi ha'm ko'rinisi menen bir-birin tolti'ratug'i'n bul yeki yestelik kompleksi de wo'lmes ko'rkem yestelik si'pati'nda xalqi'mi'z ma'nawiyati'ni'n' aji'ralmas bo'legi boli'p qaladi'»[1].**

Usi' jerde, ko'rkem wo'ner shi'g'armalari' wo'zinin' qanday ta'replerine bola ma'n'gilikke yerisedi, degen sorawg'a da juwap tabi'wi'mi'z mu'mkin. Demek, bul si'patlardi'n' yen' a'hmiyetlileri – shi'g'armani'n' milliyligi, do'retiwshinin' shi'n kewilden arzi'w-a'rmanlardi' sa'wlelendiriwi, xali'q qa'lbine jaqi'nli'g'i', haqi'yqatli'g'i' boli'p yesaplanadi'.

**Yelimizge si'rt yellerden kelip ati'rg'an sayaxatshi'lar nelerge ko'birek qi'zi'g'i'wi'na bir itibar berin'. Wolar milliy ruwxtan tikkeley da'rek beriwshi tariyxi'y imaratlardi', a'yyemgi yesteliklerdi hayran qali'p tamasha yetedi.**

**Ne ushi'n? Tek O'zbekistanda g'ana bunday ko'rkem wo'ner u'lgileri ushi'rasqani' ushi'n!**

Sebebi, za'wlim zamanago'y imaratlar du'nyani'n' ha'r jerinde qa'legenin'she tabi'ladi', biraq na'reste maza qi'li'p uyqi'laytug'i'n, qollari'n shi'g'ari'p, monshaqlari'n woynap jatatug'i'n shi'rayli' besikti tek O'zbekistanda ko'riw mu'mkin. Mi'si'rli' adamlar wo'zinin' si'rli' ha'm sha'wketli piramidalari' menen maqtansa, o'zbekler diywali' bir-birine tutasi'p ketken, ko'k gu'mbezli medreseleri menen maqtanadi'.

A'ziz woqi'wshi'! A'lbette, ha'mmenin' de shayi'r ya jazi'wshi', xudojnik yaki skulptor, aktyor yamasa kompozitor boli'wi' qi'yi'n.

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2013-ji'l, 156-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Sebebi, bul tarawlarda tek woqi'p-u'yreniw, ti'ni'msi'z shi'ni'g'i'w menen is pitpeydi. Ko'rkem do'retiwshilik adamnan ayi'ri'qsha talantti' talap yetedi. Yeger itibar bergen bolsan'i'z, televizorg'a shi'g'i'p qosi'q aytatug'i'nlar wog'ada ko'p. Biraq haqi'yqi'y ko'rkem wo'ner iyesi atag'i'na miyasar bolg'anlar barmaq penen sanawli'.

**Soni'n' ushi'n da adamlardi'n' narazi'li'g'i'na sebep bolatug'i'n jalg'an ko'rkem wo'ner iyesi bolg'annan ko're, ko'rkem wo'nerdi teren' sezetug'i'n, go'zzalli'qti' su'yip, ardaqlaytug'i'n shi'n i'shqi'paz boli'w mi'n' ma'rte jaqsi'raq. Bunday adamlardi'n' qa'lbi go'zzal boli'p, wolar ne is qi'lsa da, bul isinin' na'tiyjesi, a'lbette, shi'rayli' boladi'. Ana jurtti' su'yiw, xali'qti' ardaqlaw da, negizinde, ulli' wo'ner boli'p yesaplanadi'.**

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Monumental ko'rkem wo'nerdin' wo'zine ta'n' ta'repleri nede?
2. Ulli' ata-babalari'mi'z ziyaratxanalari'ni'n' abat yetiliwi adamlar ruwxi'yati'nda qanday unamli' wo'zgerislerdi payda yetedi dep woylaysi'z?
3. Paytaxti'mi'zdag'i' G'a'rezsizlik maydani'n kelip ko'rgen bolsan'i'z, wol sizde qanday ta'sir qaldi'rdi'?
4. Yelimizdegi qanday teberik ziyarat wori'nlari'na barg'ansi'z? Wol jerlerde ko'birek itibari'n'i'zdi' tartqan neler boldi'?
5. Wo'zin'iz jasaytug'i'n qala yaki awi'ldag'i' ko'she ha'm maydanlardi'n' buri'ng'i' atamalari' qanday bolg'ani'n, al ha'zirgi ku'nde qanday atali'wi'n ata-anan'i'z ja'rdeminde talqi'lan'.
6. Amir Temur ha'ykelin ko'rgenin'izde qa'lbin'izde qanday sezimler payda bolg'ani'n klaslaslari'n'i'zg'a ayti'p berin'.
7. Su'wretler ushi'n aji'rati'lg'an to'mendegi wori'nlarg'a siz wo'z rayoni'n'i'z yaki wa'layati'n'i'zdag'i' qaysi' ma'deniy yestelikler su'wretin qoyg'an bolar yedin'iz?


*a*


*b*


*c*


*d*



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## QADAG'ALAW JUMI'SI'

T a p s i' r m a: **«Ko'rkem wo'ner ha'm a'debiyatti'n' insan ma'nawiyati'n ko'teriwdegi roli»** temasi'nda referat tayarlan'.

Wonda to'mendegi ma'selelerdi bayanlawg'a ha'reket yetin':

– Jurtbasshi'mi'z Islam Karimovti'n' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» shi'g'armasi'ndag'i' temag'a tiyisli pikir ha'm ideyalar;

– klassik ha'm zamanago'y a'debiyati'mi'z benen ko'rkem wo'nerimizdin' wo'zine ta'n ta'repleri;

– ko'rkem wo'ner ha'm a'debiyatti'n' ma'n'giligin ta'miyinleytug'i'n a'hmiyetli wo'zgeshelikler;

– insang'a ko'rkem shi'g'armalar arqali' ta'sir yetiwdin' wog'ada na'tiyjeli yekenligi;

– do'retiwshi boli'wdi' a'rman yetken insannan talap yetiletug'i'n a'hmiyetli pazi'yletler;

– du'nya ja'miyetshiliginin' xalqi'mi'z ko'rkem wo'neri ha'm a'debiyati'na bolg'an u'lken qi'zi'g'i'wi'ni'n' sebepleri, woni'n' na'tiyjeleri ha'm basqa ma'seleler.

### PAYDALANI'W USHI'N A'DEBIYATLAR:

1. Islam Karimov. Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – Tashkent: «Ma'nawiyat», 2008-ji'l.

2. Islam Karimov. A'debiyatqa itibar – ma'nawiyatqa, keleshekke itibar. – Tashkent: «O'zbekistan», 2009-ji'l.

3. Islam Karimov. O'zbekistan g'a'rezsizlikke yerisiw bosag'asi'nda. – Tashkent: «O'zbekistan» BPDU', 2011-ji'l.

4. Milliy g'a'rezsizlik ideyasi': tiykarg'i' tu'sinik ha'm principler. – Tashkent: «O'zbekistan», 2001-ji'l.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# IV bap

# JOQARI' MA'NAWIY WO'LSHEMLER

## INSANPA'RWARLI'Q – XALQI'MI'ZDI'N' JAQSI' PAZI'YLETI

A'ziz woqi'wshi'! Insanpa'rwarli'q du'nya tariyxi'ndag'i' iygilikli ta'liymatlardan biri, adamzatti'n' joqari' ha'm iygilikli arzi'w-umti'li'slari'ni'n' jarqi'n ko'rinisi boli'p yesaplanadi'.

*Insanpa'rwarli'q – adamzat qa'diri, woni'n' yerkinligi ha'm qa'biletlerinin' ha'r ta'repleme ju'zege shi'g'i'wi' ushi'n gu'resiw, adamlardi'n' baxi't-saadati', ten' huquqli'li'g'i', a'dalatli' turmi'sti' ta'miyinlewge umti'li'wi'n ko'rsetetug'i'n ideya ha'm ko'z-qaraslar sistemasi' boli'p yesaplanadi'.*

Shi'g'i's xali'qlari'ni'n' ja'miyetlik woy-pikirinde insanpa'rwarli'q ideyalari' teren' tami'rlarg'a iye. Bati'sta bolsa wol worta a'sirlerde mi'n'lap adamlardi'n' asi'p wo'ltiriliwine sebep bolg'an jawi'z dindarlar ha'm wolardi' qollap-quwatlag'an feodallarg'a qarsi' gu'res si'pati'nda ko'zge taslana baslag'an.

**Insanpa'rwarli'q ken' ja'miyetlik pikirdi wo'z ishine ali'p, a'debiyat, filosofiya, ko'rkem wo'ner ha'm basqa tarawlarda ko'rindi ha'm Evropada «gumanizm» dep ataldi'.**

A'yyemgi tariyx o'zbek xalqi'ni'n' insanpa'rwarli'q qa'siyetin ju'da' ko'p si'naqtan wo'tkergen. Bul jerde bir g'ana Yekinshi ja'ha'n uri'si' (1939–1945-jj.) ji'llari'n yeske ali'w jetkilikli. Siz bilgenin'izdey, bul uri's bizin' jurti'mi'zdan ju'da' uzaqta – tiykari'nan Evropa kontinentinde boli'p wo'tken. Fashizmge qarsi' uri'sqa o'zbek xalqi'ni'n' da mi'n'lap jigitleri jiberilgen. Yelimizde qalg'an xali'q – hayallar ha'm balalar, kekseler ha'm mayi'plar ku'ni-tu'ni miynet yetip, a'skerlerge za'ru'r na'rselerdi jetkerip berip turg'an. Mine usi'nday sharayatta uri's boli'p ati'rg'an jerlerden ju'z mi'n'lap xali'q O'zbekistang'a ko'shirip



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

a'kelingen. Wolardi'n' ko'pshiligi iske jaramsi'z kekseler menen jetim balalar yedi. O'zbek xalqi' wolardi'n' ha'mmesine u'yinin' ha'm qa'lbinin' to'rinen jay berdi. Wo'z balalari'na jetpey ati'rg'an nani'nan usati'p, wolarg'a tutti', sonsha insanlardi'n' wo'mirin saqlap qaldi'.

**Ha'mmege belgili «Sen jetim yemessen'» filmin ko'rgen bolsan'i'z kerek. Won to'rt jetim balani' a'lpeshlep wo'sirgen film qaharmanlari' turmi'sta da a'piwayi' temirshiler shan'arag'i' yedi. Wolardi'n' arti'qsha bayli'g'i' da, u'y-jayi' da joq yedi. Ja'ne bir na'rseni yeste tuti'n': bul filmdegi waqi'yalardi' birew yadtan toqi'g'an, woylap tapqan yemes. Wonlap kishkene balalardi' bag'i'p, u'lkeytken shan'araqlar yelimizde ju'da' ko'p bolg'an.**



Wolardi' bul iske birew ma'jbu'rlegen de yemes. Sebebi, ken'peyillik, wo'zgeler qayg'i'si'na sherik boli'p, wolarg'a miyrim ko'rsetiwdey insanpa'rwarli'q tuyg'i'lari' xalqi'mi'z ta'biyati'na a'zelden ta'n qa'siyet.

Yelimizge kelip ketken ko'pshilik shet yelliler o'zbek xalqi'ni'n' miymandosli'g'i'n ko'p ayti'sadi'. Buni' siz televizordan da, radiodan da yesitkensiz. Yendi bir pikir ju'ritip ko'reyik: bul miymandosli'qti'n' tu'p-tami'ri'nda qanday qa'siyet jati'r?

Bul sorawg'a juwap beriw ushi'n da'slep basqa bir sorawg'a juwap tabi'wi'mi'z lazi'm: xosh, qaysi' jurttan kelse de, qashan kelse de, miyman degenimiz kim wo'zi?

Insan!

**Demek, miymang'a mehir ko'rsetiw, itibar beriw, woni'n' kewline qaraw — Insang'a mehir, Insang'a itibar, Insan kewlin qa'sterlew degeni yeken-da'! O'zbek xalqi'ni'n' miymandosli'g'i' insanpa'rwarli'qti'n' ja'ne bir go'zzal ko'rinisi yeken-da'!**

A'lbette, insanpa'rwarli'q kimgedur ko'z-ko'z qi'li'natug'i'n, arti'nda qanday da bir da'mego'ylik jasi'ri'n bolg'an na'rse yemes. Teksheden



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

shi'g'i'wg'a qi'ynali'p ati'rg'an kekse adamdi' qolti'qlap ja'rdem beriw de, biyzari' balalar qapa yetip, ji'lap ati'rg'an kishkentay g'ana qi'zalaqti' qorg'aw da, atasi' yaki anasi'nan ayi'ri'li'p qalg'an klaslasi'n'i'zdi'n' kewlin ko'terip, woni'n' qayg'i'si'n jen'illetiwge ha'reket yetiwimiz de negizinde insanpa'rwarli'q degeni.

Islam795 dininde adamlardi' insanpa'rwarli'q ruwxi'nda ta'rbiyalawg'a ayi'ri'qsha itibar beriledi.

**Atap aytqanda, ha'disi sha'riflerdin' birinde «Wo'zin'iz jaqsi' ko'rgen na'rseni biradari'n'i'zg'a da rawa ko'rmegenin'izshe hesh birin'iz shi'n ma'nistegi mo'min bola almaysi'z», delingen.**

Demek, wo'zimiz jaqsi' ko'rgen na'rseni basqa birew sorag'anda beriw g'ana yemes, al hesh kim ayti'p soramasa da, shi'n kewilden soni' basqalarg'a rawa ko'riwimiz lazi'm yeken. Insan bolsa ju'da' ko'p na'rseni jaqsi' ko'redi. Wolardi'n' arasi'nda — ti'ni'shli'q ha'm amanli'qta jasaw, haq kewilli doslar arasi'nda boli'w, baxi'tli' turmi's keshiriw si'yaqli' tilekler bar. Solar bizge unaydi' yeken, basqalarg'a da wolardi' rawa ko'riwimiz haqi'yqi'y pazi'ylet — insanpa'rwarli'q boli'p yesaplanadi'.

**A'dalat — a'dillik tuyg'i'si'si'z insanpa'rwarli'qqa yerisip bolmaydi'. Ha'r qanday iste a'dalatli' boli'w insanni'n' jetikligin ko'rsetiwshi a'hmiyetli belgi boli'p yesaplanadi'.**

Amir Temur babami'zdi'n' ju'zik-mo'rinde «Ku'sh — a'dalattadur», dep biykarg'a jazi'p qoyi'lmag'an yedi. Sahi'pqi'ranni'n' misli ko'rilmegen da'rejede u'lken saltanat quri'wi', bul saltanatti'n' uzaq ji'llar dawami'nda gu'llep-jasnawi'na da a'yne a'dalatli' ishki ha'm si'rtqi' siyasat ju'rgizgeni sebep bolg'an, desek, hasla qa'te bolmaydi'.

Ma'mleketimiz Prezidenti Islam Karimov: «Biz tek g'ana demokratiyali'q ja'miyet yemes, demokratiyali'q a'dil ja'miyet qurmaqshi'mi'z. A'dalat ha'm haqi'yqatqa umti'li'w bolsa xalqi'mi'z ta'biyati'ni'n' a'hmiyetli pazi'yletlerinen biri boli'p yesaplanadi'», dep atap ko'rsetedi.

A'dalatli' wortali'q ha'r bir ja'miyette wo'z-wo'zinen payda boli'p qalmaydi'. Buni'n' ushi'n sol ja'miyet ag'zalari' ha'r qanday iste a'dalatli' boli'wg'a umti'li'wi' lazi'm.

Demek, biz jasaytug'i'n ja'miyette qanday wortali'q hu'kim su'riwi ha'r birimizge ha'm ha'mmemizge birdey tiyisli ma'sele boli'p yesapla-



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

nadi'. Wo'zi jasaytug'i'n ja'miyetti turaqli' tu'rde salamatlasti'ri'wg'a sanali' ha'reket yetiwi menen de insan haywannan parqlani'p turadi'. Haywanat a'lemi tuwrali' hu'jjetli filmlerdi ko'birek ha'm di'qqat penen tamashalawg'a ha'reket yetin'. Sonda siz haywanlar wo'mirinde «djungli ni'zami'» a'mel yetetug'i'ni'n ko'resiz. Bul — haywanat a'leminde ku'shliler a'zzilerdi nabi't qi'li'w arqasi'nda turmi's keshiredi, degeni. A'dalat, reyimlilik, mehir-miriwbet, a'tiraptag'i'larg'a itibar bul wortali'q ushi'n pu'tkilley jat, degeni.

**Yeger ja'miyettin' ha'r bir ag'zasi' usi'ni' an'lamasa, wo'z wo'mirin wo'zi an'lawi' lazi'mli'g'i'n sezbese, adamlar turmi'si'nda da mine usi'nday jawi'z wortali'q payda boli'wi' mu'mkin. Sebebi, ja'miyet turmi'si'ni'n' salamatli'g'i' wonda jasaytug'i'n ha'r bir insanni'n' ma'nawiy-ruwxi'y salamatli'g'i'na ti'g'i'z baylani'sli' boladi'.**

Salamat pikirleytug'i'n insan bolsa a'tiraptag'i' waqi'yalarg'a «mag'an ne?» degen mu'na'sibette bola almaydi'. «Mag'an ne?» dew, negizinde, «men hesh kim yemespen, menin' qoli'mnan hesh na'rse kelmeydi, men — bari'-jog'i' tiri denemen» dew menen barabar. Shi'n insanlar ushi'n bunday wo'mirdin' qi'zi'g'i' da, ma'nisi de bolmaydi'. Aldi'n'g'i' sabaqlari'mi'zda Jurtbasshi'mi'zdi'n' «Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda usi'nday ko'z-qaras penen jasaytug'i'n biyg'am adamlar sebepli kelip shi'g'i'wi' mu'mkin bolg'an ma'nawiy apatlar tuwrali' so'yleskenimizdi yeslen'.

Shi'ni'nda da, biyg'a'rez pikirleytug'i'n, insan degen ulli' atqa mu'na'sip jasawdi' maqset yetip alg'an adamlar wo'z ta'g'dirin xalqi' ha'm milleti ta'g'dirinen aji'ratqan halda ko'z aldi'na keltire almaydi'. Wo'zin usi' u'lken xali'qti'n' bir wa'kili, woni'n' ta'g'diri ushi'n juwapker dep sezedi.

**Demek, jurti'mi'zdi'n' bu'gini ha'm yerten'gi ku'ni qanday boli'wi' bizin' qanday boli'wi'mi'zg'a ti'g'i'z baylani'sli' yekenin teren' an'lasaq g'ana, usi' jurtqa mu'na'sip perzent bola alami'z.**

Insanpa'rwarli'qti'n' a'hmiyetli ko'rinislerinen biri — mehir-miriwbet boli'p yesaplanadi'.

Sa'wbetimizdin' mehir ha'm miriwbet tuyg'i'si'na bag'i'shlang'an usi' bo'legin bir qosi'qti' woqi'wdan baslasaq. Bul O'zbekistan Qaharmani', xali'q shayi'ri' Abdulla Aripovti'n' 1979-ji'li' jazi'lg'an



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

«Kosmosli’ miyman, bes dani’shpan ha’m sipsekesh kempir qi’ssasi’» boli’p tabi’ladi’. Qalay bolg’anda da, siz usi’ shi’g’arma tiykari’nda tayarlang’an multfilmdi ko’rgen bolsan’i’z kerek.

Bul a’jayi’p qi’ssa mi’naday ha’diyseni su’wretlewden baslanadi’:

Xabar keldi Ilim sha’hrine,
Ali’s Djungli tamannan,
Wo’tken keshe a’lle na’rse,
Jani’p tu’siptimish aspannan.

Juldi’z dese, juldi’z yemes,
Ya joldas pa bir da’ydi[1],
Qalay da wol uw-shuw salg’an,
Tarelkag’a uqsaydi’.

Shi’ni’nda da, du’nyani’n’ birde wol jerine, birde bul jerine tu’sipti, dep shaw-shuw boli’p ati’rg’an ushar tarelka bul sapari’ Jerge ani’q tu’sken yedi. Tu’skende de, zamanago’y bir qalag’a yemes, al ali’s Djungli tog’aylari’ wortasi’na qong’an yedi. Pu’tkil du’nya ilimpazlari’ bul xabardi’n’ i’ras-wo’tirikligin tekseriwge, kosmosli’ miymanlardi’ u’yreniwge keledi. Bes materikten bes yen’ wo’tkir ali’m ji’ynali’p, Djungli ta’repke jol aladi’. Wolar suw qi’li’p iship jibermegen ilimnin’ wo’zi joq – «Du’nyadag’i’ barli’q ilim usi’ besewinde ja’mlengen». Ali’mlarg’a xi’zmet yetip turi’w ushi’n bir sipsekesh kempirdi de wo’zlerine qosi’p aladi’.

Dani’shpanlar bari’p ko’rse, i’rastan da tog’aydi’n’ wortasi’nda u’lken bir ushar tarelka jati’rg’anmi’sh. Ali’mlar da’slep woni’n’ a’tirapi’n aylani’p a’bden tekseredi. Ga’ wol, ga’ bul ta’repine wo’tip, baslari’n qasi’p turadi’. Aqi’ri’nda «tarelka»ni’n’ yesigin bir a’mellep ashi’p ta aladi’. Sonda...

Ishkerige qarap birden,
An’i’rayi’si’p qaladi’.

Jatar yedi wori’nli’qta,
A’lleqanday bir maqluq.
Bir ko’zi bar... man’layi’nda,
Yekinshisi di’m da joq.

A’ne, yendi ali’mlarg’a jumi’s tabi’ladi’. Bul a’jepta’wir miymanni’n’ kim ha’m qay jerden yekeni, Jerge qalay kelip qalg’ani’, maqset-

[1] *Da’ydi* – qan’g’i’bas, sayaq, gezende.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

mu'dda'ha'sin biliw ushi'n qi'lmag'an isleri qalmaydi'. A'lemde bar ne bir usi'llardi' qollani'p, woni'n' si'ri'n bilip ali'wg'a ha'reket yetedi.

Biraq si'rli' miyman ses bermeydi. Wol bir g'ana ko'zin u'lken yetip ashi'p, bir na'rselerdi ayti'p, a'tirapi'nda gu'ymelenip ati'rg'an ali'mlarg'a ses-semirsiz qarap turar yedi, bolg'ani'.

...Sol payt desen'iz sipsekesh kempir:
Kirip keldi tentirep,

Sipsekesh-ta' wol, woni'-buni'
Ji'ynasti'ri'w wog'an ta'n,
Wori'nli'qta jatqan zatti',
Ko'rdi kempir tosattan!

Way, biyshara balam g'ana,
Da'rtke tu'sip qali'pti'-aw!
Haldan tayi'p, basqa ko'zi,
Jumi'li'p ta qali'pti'-aw!

Sipsekesh kempirdin' qoli'nda adamdi' tekseretug'i'n hesh bir a'sbap tu'we, ko'zinde a'piwayi' g'ana ko'z a'ynek te joq yedi. Kempir bul tan' qalarli'q janzatti' tekserip ko'riwdi, woni' sorawg'a tuti'wdi' qi'yali'na da keltirmeydi. Wol «miyman»ni'n'

Shi'n kewilden mehir menen,
Basgenesin si'ypadi'.
Tikendeyin tikke wo'sken,
Shashgenesin si'ladi'...

Haqi'yqi'y ka'ramat mine sonda ju'z beredi. Bir yemes, bes dani'sh-panni'n' barli'q uri'ni'slari'na «mi'n'q» yetip juwap qaytarmag'an, Jerdi de, wonda jasaytug'i'n adamlardi' da birinshi ma'rte ko'rip turg'an kosmosli' miymanda wo'zgeris payda boladi':

Sonda den'iz, jan'ag'i'ni'n',
Qan juwi'ri'p ju'zine,
Sel-sel boli'p jas ta keldi,
Jalg'i'z g'ana ko'zine.

Jan kirgendey boldi' birden,
Ayaq-qoli' qi'ymi'ldap,
Ji'lmayg'anday boldi' ha'tte,
So'ylegendey si'bi'rlap.

Yendi ali'mlardi' wo'zge planetadan tu'sken kosmosli' miymanni'n' si'ri' yemes, al woni'n' ju'zine qan, ko'zine jas juwi'rtqan sipsekesh kempirdin' ha'reketleri ko'birek qi'zi'qti'ri'p qaladi'. Woylap-woylap, bul a'piwayi' ka'ramatti'n' sebebin aqi'r-son'i' an'laydi':



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Ali'mlardi'n' xi'zmetleri,
Joq, biykarg'a ketpepti,
Sonsha jumi'sti' islepti,
Tek g'ana Mehir jetpepti.

A'ziz balalar! Ha'zil yetip jazi'lg'anday tu'yiletug'i'n bul ra'wiyatti'n' tiykari'nda ju'da' a'hmiyetli haqi'yqatli'q, ibrat jati'r. Wo'zin'iz ko'rip-bilip turg'ani'n'i'zday, bu'gingi ku'nde insanni'n' aqi'l ku'shi menen jarati'li'p ati'rg'an texnika jan'ali'qlari'ni'n' san-sanag'i' joq. Ilimiy-texnikali'q rawajlani'w adamlar turmi'si'ni'n' barli'q tarawlari'na kirip kelmekte. Wolardi'n' du'nyag'a ko'z-qarasi', a'dep-ikrami' ha'm tu'si-niklerinde keskin wo'zgerisler jasamaqta. Bir waqi'tlari' adam ta'biyatti'n' bir bo'legi si'pati'nda ko'pshilik wo'mirin woni'n' qusha-g'i'nda wo'tkeretug'i'n yedi. Ta'biyat qoyni'nda miynet yetetug'i'n yedi, u'y-jay quratug'i'n yedi, ta'biyat go'zzalli'qlari'nan na'r alatug'i'n yedi. Insanni'n' ta'biyati'nda da kishipeyillik, sadali'q, sezim-tuyg'i'lari'ni'n' tazali'g'i' basi'm bolatug'i'n yedi.

**Bu'gingi insaniyat bolsa wo'mirinin' tiykarg'i' bo'legin quramali' mashinalar, a'sbap-u'skeneler, temir ha'm beton arasi'nda wo'tkeriwge ma'jbu'r. Wol barg'an sayi'n ta'biyattan uzaqlasi'p, wog'an jat boli'p barati'rg'anday. Usi'g'an sa'ykes tu'rde insanni'n' bir-birine bolg'an mu'na'sibeti, itibari'nda da sezilerli wo'zgerisler ju'z bermekte.**

Joqari'da pikir ju'ritilgen qosi'q-qi'ssada da shayi'r a'yne usi' ashshi' haqi'yqatti' bayan yetpekte. Bayag'i' bes dani'shpanni'n' bilmegen ilimi, woqi'mag'an kitabi' qalmag'an yesap. Galaktikada qansha planeta bar yekenligin de, insan denesindegi ha'r bir kletka, ha'r bir toqi'ma qanday wazi'ypa atqaratug'i'ni'na shekem biledi wolar. Biraq sonshama ilim, sonshelli bilim nege bir g'ana janzatti'n' ruwxi'yati'n biliwge, woni'n' ko'rsetiliwine ja'rdem bere almadi'? Nege ji'lap ati'rg'an u'ken'izdi professor (woqi'ti'wshi', agronom, injener ha'm t.b.) atan'i'z jubata almaydi' da, qon'si'ni'n' balasi'n ko'riwi ma'ttal, wol shapqi'lap woynap ketedi?

**Xalqi'mi'zda «Qus tilin qus biledi» degen naqi'l bar. Tap soni'n'day, adam kewilin biliw ushi'n basqa insannan da dil, kewil talap yetiledi. Insan kewline ma'lham bolatug'i'n yen'**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**tan'si'q tag'am bolsa — bul mehir boli'p yesaplanadi'. Klassik shayi'rlari'mi'z shi'g'armalari'nda quyash nuri' «mehir nuri'» dep atalg'ani' da tosi'nnan yemes. Sebebi, insan wo'mirinde quyash nuri' qanshelli a'hmiyetli wori'n tutsa, basqalardan mehir ko'riw de sonshelli a'hmiyetli ta'sirge iye.**

Joqari' woqi'w wori'nlari'nda woqi'mag'an, mi'n'lap kitaplardag'i' ilimdi suw qi'li'p iship jibermegen sipsekesh kempirdin' kewili usi' mehir nuri'na li'qqa toli' yedi. Sol mehir nuri' bayag'i' bir ko'zli maqluqti'n' ishin jaqti'rtti', kewlin yeritti, ko'zlerine jas keltirdi. Dani'shpanlardan shorshi'p, wolarg'a isenbesten turg'an kosmosli' miyman kempirdin' qoli'nan jamanli'q kelmeytug'i'ni'n, wo'zine zi'yan-za'hmet jetkermeytug'i'ni'n an'ladi'. Til menen yemes, dil menen tu'sindi.

2004-ji'l ma'mleketimizde «Mehir ha'm miriwbet ji'li'» dep atalg'an yedi. Bunnan go'zlengen maqset — xalqi'mi'z arasi'nda mehir-miriwbet tuyg'i'lari'n ja'ne de ku'sheytiw, ja'rdemge mu'ta'j kekseler, mayi'plar, bag'i'wshi'si'n jog'altqan shan'araqlar, jetim-jesirlerge ha'r ta'repleme ja'rdem beriw, puqaralardi'n' wo'z-ara mu'na'sibetlerinde insani'y qa'diriyatlar u'stem boli'wi'n ta'miyinlew yedi. Uluwma alg'anda, jurti'mi'zda keyingi da'wirde ja'riyalang'an ha'r bir ji'l — wol «Bekkem shan'araq ji'li'» bola ma, «Salamat bala ji'li'» ma yaki «Kekselerdi qa'dirlew ji'li'» ma — ha'mmesinin' tu'p negizinde haqi'yqi'y insanpa'rwarli'qqa toli' maqset-mu'dda'ha'ler ja'mlengenligi «Bul muqa'ddes Watanda a'zizdur insan» degen iygilikli ideyani'n' a'meldegi ko'rinisi boli'p yesaplanadi'.

### ? *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. O'zbek xalqi'ni'n' insanpa'rwarli'q qa'siyetleri jarqi'n ko'zge taslang'an qanday waqi'yalardi' bilesiz?
2. Qaysi' ko'rkem shi'g'armalarda insanpa'rwarli'q tuyg'i'si' uli'g'lanadi', wog'an qarsi' ha'diyseler bolsa qaralanadi'?
3. A'dalat saqlanbasa, ja'miyette qanday unamsi'z halatlar ju'zege keliwi mu'mkin, dep woylaysi'z?
4. «Kosmosli' miyman, bes dani'shpan ha'm sipsekesh kempir qi'ssasi'» shi'g'armasi' tiykari'nda su'wretke ali'ng'an multfilmdi ko'rgen bolsan'i'z, ta'sirlerin'izdi klaslaslari'n'i'zg'a ayti'p berin'. Pikirin'izdi da'lillewge ha'reket yetin'.
5. Xalqi'mi'zdi'n' mehir-miriwbetli, saqawatli' yekenin ko'rsetetug'i'n turmi'sli'q da'lillerdi yeslep ko'rin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

# MA'NAWIYATTI'N' QA'LIPLESIWINDE SHAN'ARAQTI'N' WORNI'

A'ziz woqi'wshi'! Jurtbasshi'mi'z wo'zinin' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda bir neshe ma'rte ulli' jazi'wshi'mi'z Abdulla Qadiriydin' «Wo'tken ku'nler» romani'n yeske aladi'. Sebebi, usi' shi'g'armada xalqi'mi'zg'a a'zelden ta'n bolg'an wo'lmes qa'diriyatlari'mi'z, ruwxi'y-ma'nawiy bayli'qlari'mi'z ta'sirli bayan yetilgen. Yusupbek haji'day dani'shpan, ko'pti ko'rgen insan qoli'nda ta'rbiya alg'an Atabek te, A'ftab ayi'mday a'ndiysheli, ma'deniyatli' ana mehrine qang'an Gu'misbiybi de wo'zinin' aqi'l-huwshi', parasati', a'debi ha'm basqa barli'q insani'y pazi'yletlerin shan'arag'i' qushag'i'nda wo'zlestiredi. Atabektin' jaqi'nlari' menen de, biyganalar menen de so'ylesiwlerinen, mu'na'sibetlerinen qanshelli joqari' ma'deniyat, insani'yli'q barq uri'p turadi'. Jas basi'na bir a'lem ta'shwish, qi'yi'n si'naqlar tu'sken Gu'misbiybi bolsa bir ma'rte de qi'zli'q, hayalli'q ma'rtebesin, uyati'n qoldan bermeydi. Kerisinshe, ismi jismine hesh say kelmeytug'i'n Ja'nnet qa'lenin' qoli'nda u'lkeygen Sadi'q, bir neshe hayaldi'n' baxti'n zayalag'an, shan'araq atli' muqa'ddes ma'kandi' pisent yetpeytug'i'n Hamid si'yaqli' kimselerdin' qi'lmi'si' ha'r qanday insanni'n' g'a'zebin qozg'aydi'.

Yeger bul shi'g'armani' di'qqat penen woqi'san'i'z, Atabek ha'm Gu'misbiybi wo'sken wortali'q – shan'araqtag'i' mintazday tazali'q, so'ylesiw-mu'na'sibettegi wo'z-ara hu'rmet ha'm a'ndiyshe ha'wesin'izdi keltiredi. Sog'an sa'ykes bas qaharmanlardi'n' qa'lb go'zzalli'qlari' wolardi'n' ju'zlerine balqi'p shi'qqan – Gu'misbiybi ha'm Atabek ko'rgen kisini wo'zine i'nti'qti'ratug'i'n shi'rayli' insanlar boli'p yesaplanadi'. Al yendi Sadi'qtay ja'llat jetisip shi'qqan ha'wlidegi i'bi'rsi'q, patasli'q, pa'ksizlik ko'zin'izge tikendey qadaladi'. Usi' si'qi'lsi'zli'q, shi'raysi'zli'q ha'm nami'ssi'zli'k bul shan'araqtag'i' ana ha'm balani'n'



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

da, wolarg'a qa'wenderlik qi'li'wg'a wa'de bergen Hamidtin' de bet-a'lpetine uri'p ketken.

**Bulardi'n' ha'mmesi insan ta'rbiyasi'nda, woni'n' ma'nawiy jetilisiwinde shan'araq wortali'g'i' qanshelli a'hmiyetli wori'n tutatug'i'ni'n ko'rsetedi. Bul wortali'qti'n' salamat ha'm pa'k boli'wi' ko'plep faktorlarg'a baylani'sli'.**

Da'slep, ata-anani'n' bir-birine mu'na'sibeti shi'n ju'rekten, wo'z-ara hu'rmet negizinde quri'lsa g'ana bunday shan'araqta ti'ni'sh-tati'w ma'nawiy wortali'q payda boladi'. Kerisinshe, wolardi'n' bir-birine qopal mu'na'sibeti, turmi's qi'yi'nshi'li'qlari'n jen'iwde, balalar ta'rbiyasi'nda, shan'araqti'n' materialli'q ta'miynati'ndag'i' kelispewshilikleri u'ydegi wo'z-ara mu'na'sibetlerge zi'yan keltiredi.

**Ha'r na'rsede sabi'rli'li'q, shan'araq mashqalalari'n woylap, aqi'l-za'kawat penen birgelikte sheshiw, wo'z-ara miyirbanli'q, perzentlerge shiyrin qatnas, ha'r yeki ta'reptin' tuwg'an-tuwi'sqanlari'na, qon'si'-qobalarg'a mehir-muhabbat penen qaraw, haqi'yqatti' a'dep-ikramli'li'q wo'lshemlerinen shi'qpastan ayti'w bolsa shan'araq wortali'g'i'n pa'kleydi.**

Sonday-aq, araq ishiw, temeki shegiw, jalg'an so'ylew, turmi'stag'i' pa'ksizlik, gu'manshi'lli'q, menmenlik ha'm basqa da usi'nday illetlerden ji'raq boli'w da shan'araq ma'deniyati'ni'n' ko'teriliwine unamli' ta'sir ko'rsetiwi so'zsiz.

Soni'n' ishinde, ata-analardi'n' bir-birine «siz» dep so'ylewi, jolg'a atlang'anda «aman-yesen bari'p kelin'», «sapari'n'i'z qa'tersiz bolsi'n», ku'tip alg'anda «harman'», «jaqsi' bari'p keldin'iz be?» kibi hal-awhal soraw da perzenttin' ata-anag'a degen hu'rmetin, mehir-muhabbati'n asi'radi', ata-ana wolar ushi'n wo'rnek boli'p qali'wi'n ta'miyinleydi.

**«Sebebi, insanni'n' yen' sap ha'm pa'kize tuyg'i'lari', da'slepki turmi'sli'q tu'sinikleri birinshi na'wbette shan'araq qushag'i'nda qa'liplesedi... Balani'n' sanasi' tiykari'nan 5—7 jasta**



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**qa'liplesiwin inabatqa alatug'i'n bolsaq, a'yne mine usi' da'wirde woni'n' qa'lbinde shan'araqtag'i' wortali'q ta'sirinde ma'nawiyatti'n' da'slepki bu'rtikleri ko'rine baslaydi'. Xalqi'mi'zdi'n' «Qus uyasi'nda ko'rgenin qi'ladi'», degen dana naqi'li', mine usi' a'zeliy haqi'yqatti' ayqi'n sa'wlelendiredi, dep woylayman»[1].**

Joqari'da keltirilgen pikirler shan'araqti'n' u'lkenlerine, woni'n' bekkemligine juwapker bolg'an ata-analarg'a g'ana tiyislidey tu'yiliwi mu'mkin. Biraq, bir na'rseni umi'tpan', ha'zir siz de usi' juwapkershiliktin' bir bo'legin moyni'n'i'zg'a alatug'i'n jasqa jetip qaldi'n'i'z. Basqasha aytqanda, shan'araq bekkemligine ja'rdem beretug'i'n anaw-mi'naw is sizin' de qoli'n'i'zdan keledi.

A'lbette, wo'zin hu'rmet yetken ata-analar ruwzi'gershiligin materialli'q jaqtan ta'miyinlew, jan'a imarat quri'w yamasa mashina sati'p ali'w si'yaqli' awi'r jumi'slardi' hesh qashan yer jetpegen balalari' moyni'na taslap qoymaydi'. Biraq bul shan'araq islerin, woni'n' ta'shwishlerin tek u'lkenler tarti'wi' kerek, degeni yemes.

**Shan'araqta, yeger puxta na'zer taslasan'i'z, ha'mmege de jumi's tabi'ladi'.**



Ja'ne de duri'si'rag'i', shan'araq jumi'slari'ni'n' ju'risiwi, woni'n' salamat ha'm bekkem boli'wi', shan'araq ma'nawiy wortali'g'i'ni'n' ashi'qli'g'i' woni'n' ha'r bir ag'zasi'ni'n' is-ha'reketine baylani'sli' boladi'. Soni'n' ishinde, sizge de.

Ma'selen, u'ken'iz yaki qari'ndasi'n'i'z u'y wazi'ypasi'ni'n' ayi'ri'm jerlerine tu'sinbesten, ja'rdemge mu'ta'j boli'p qali'wi' mu'mkin. Yendi ayti'n'-shi', usi' shan'araq ag'zalari' ishinde sol waqi'tta wog'an ko'mek bere alatug'i'n, ko'mek beriwi lazi'm bolg'an adam kim? A'lbette, siz. Yaki usi' waqi'tta

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat — jen'ilmes ku'sh. — T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 52-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

asxanada i’di’s-tabaq juwi’p ati’rg’an anan’i’z yamasa jumi’stan sharshap kelgenine qaramastan, buzi’li’p qalg’an qanday da bir ruwzi’gershilik buyi’mi’n du’zetip ati’rg’an a’ken’iz jumi’si’n taslap, woni’n’ aldi’na keliwi kerek pe?

Yen’ a’hmiyetlisi, mine usi’ jumi’slardi’ birgelikte wori’nlaw dawami’nda mektepte, ko’shede ju’z bergen qanshadan qansha qi’zi’q waqi’yalar yeske tu’siriledi, ju’yeli so’zler ayti’ladi’, ha’zil-da’lkek qi’li’nadi’. Bul tek qoli’mi’z yemes, aqi’li’mi’z da, qa’lbimiz de ha’reket yetip ati’r, taplani’p, shi’ni’g’i’p ati’r degeni.

**Islep ati’rg’an miynetimiz na’tiyjesinde tek ha’wli-u’yimiz, tereze-aynami’z g’ana pa’klenip, jarqi’rap ati’rg’an joq, kewlimiz, qa’lbimiz de abat boli’p ati’r, ruwxi’mi’z wo’spekte.**

Soni’ da ayti’p wo’tiw kerek, bul proceste u’lkenler menen qanday da bir jumi’s haqqi’nda ken’espekshi bolsan’i’z, wolardi’n’ keypiyati’na, waqti’na qarawi’n’i’z, ayti’latug’i’n pikirdi woylap, wolardi’ renjitpeytug’i’n tu’rde ayti’wg’a ha’reket yetiwin’iz lazi’m. Qi’z bala ko’birek anasi’ menen, ul bala bolsa a’kesi menen ken’eskeni maqsetke muwapi’q boladi’. Bunda anag’a da, a’kege de dus kelgen so’zlerdi ayti’wdi’ a’det yetpewin’iz kerek. Biz Shi’g’i’s adamlari’, O’zbekistan perzentleri yekenimizdi umi’tpan’.

**Bu’gingi ku’nde televizor ekranlari’ndag’i’ ko’plep si’rt yel filmlerinde ko’rsetilip ati’rg’an ayi’ri’m shan’araqli’q mu’na’sibetler, adamlar arasi’ndag’i’ qatnas usi’llari’ hesh qashan siz benen bizge u’lgi, wo’rnek bola almaydi’.**

Biz a’yne wolarg’a uqsamag’ani’mi’z, wo’zimizge ta’n ha’m wo’zimizge sa’ykes joqari’ so’ylesiw ma’deniyati’na, go’zzal shan’araqli’q mu’na’sibetler sistemasi’na iye bolg’ani’mi’z sebepli de wo’zligimizdi, milliy kelbetimizdi saqlap kelmektemiz. Bul da’stu’rdi keleshek a’wladlarg’a saw-aman jetkeriw sizin’ moyni’n’i’zdag’i’ juwapkerli ju’k boli’p yesaplanadi’!

Adam ku’ndelikli turmi’si’ni’n’ tiykarg’i’ bo’legi miynet yetiw, woqi’w ha’m basqa za’ru’r jumi’slardi’ wori’nlaw menen wo’tedi. Ha’r



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

bir adamni'n' shan'arag'i' bawi'ri'na shadli'q penen qayti'wi'ni'n', aqi'r-aqi'bette uzaq wo'mir su'riwinin' girewi — basshi' menen xi'zmetkerdin', woqi'ti'wshi' menen woqi'wshi'ni'n', qa'siplesler, qatar-qurbi'lardi'n' wo'z-ara mu'na'sibeti, so'ylesiwine ti'g'i'z baylani'sli'. Ayi'ri'm adamlardi'n' menmenligi, qopal mu'na'sibeti, wo'zin bilimli ko'rsetip ba'lent tuti'wi', basqalardi' pisent yetpewi ko'pshilikke unamsi'z ta'sir ko'rsetedi, jumi's worni'nda, shan'araqta, klasta, doslar arasi'nda jaman wortali'qti' payda yetedi. Bunday jerde islew yaki woqi'w adamni'n' densawli'g'i'na g'ana yemes, al bir qarag'anda bul jerge baylani'si' bolmag'an ju'zlep shan'araqlardi'n' ruwxi'y salamatli'g'i'na da zi'yan keltiredi.

**G'a'rezsizlik ji'llari'nda yelimizde shan'araqlardi' ha'r ta'repleme bekkemlew bag'dari'nda u'lken jumi'slar a'melge asi'ri'ldi'.**



Ne ushi'n «ha'r ta'repleme» dep ati'rmi'z? Sebebi, shan'araqti'n' bekkemligi ju'da' ko'p faktorlarg'a baylani'sli'. Da'slep, ha'r bir shan'araq materialli'q jaqtan ta'miyinlengen boli'wi' kerek. Buni'n' ushi'n bolsa shan'araqtag'i' iske jaramli' u'lkenler wo'z ka'sibi, qa'biletine say miynet yetiwi, balalari'ni'n' toq ha'm pa'rawan turmi's keshiriwi ushi'n ha'reket yetiwi lazi'm.

Yelimizde jas shan'araqlarg'a ha'r ta'repleme ko'mek beriw, soni'n' ishinde, wolardi' u'y-jay menen ta'miyinlew ma'selesine ayi'ri'qsha itibar qarati'lg'an. Jas shan'araqlar u'y-jay qurmaqshi' yaki sati'p almaqshi' bolsa, wolarg'a bankler ta'repinen ko'p ji'lli'q imtiyazli' kreditler beriw sistemasi' yengizilgen.

Shan'araqti' bekkemlewdin' ja'ne bir sha'rti, joqari'da atap wo'tilgenindey, wonda hu'kim su'retug'i'n ma'nawiy wortali'qqa baylani'sli'. Bul wortali'qti'n' salamatli'g'i'na yerisiw ushi'n ma'mleketimizde ju'da' u'lken isler ali'p bari'lmaqta. Soni'n' ishinde, jaslardi' ha'm fizikali'q, ha'm ruwxi'y jaqtan salamat yer jetkiziw ma'selesine barli'q ma'mleketlik



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ha'm ma'mleketlik yemes sho'lkemler menen ma'kemelerdin' di'qqat-itibari' qarati'lg'an. Ha'mme qala ha'm awi'llari'mi'zda is ju'rgizip ati'rg'an sport woraylari', mektepke shekemgi ta'rbiya ma'kemeleri, uluwma bilim beriw mektepleri, ma'deniyat ha'm ko'rkem wo'ner da'rgaylari' siz — balalardi'n' ka'malg'a keliwin'iz joli'nda xi'zmet yetpekte. Bul da'rgaylarda ta'lim-ta'rbiya alg'an jaslari'mi'z yerisip ati'rg'an tabi'slar bolsa tek wo'zleri tuwi'li'p, yer jetken shan'arag'i'ni'n' g'ana yemes, pu'tkil xalqi'mi'zdi'n', jurti'mi'zdi'n' tabi'si' boli'p yesaplanadi'.

### ? *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. «Qus uyasi'nda ko'rgenin qi'ladi'» degen naqi'ldi' turmi'sli'q mi'sallar ja'rdeminde qalay tu'sindiresiz?
2. Ma'mleketimizde shan'araq bekkemligine bunshelli u'lken itibar qarati'li'p ati'rg'ani'ni'n' tiykarg'i' sebebi nede, dep woylaysi'z?
3. Ma'ha'llen'izde sizin' ha'wesin'izdi keltiretug'i'n shan'araqlar bar ma? Sol shan'araqlar tuwrali' ayti'p berin'.
4. Shan'araq, shan'araqli'q qa'diriyat ha'm da'stu'rlerdi sa'wlelendiretug'i'n naqi'l-maqal ha'm ibaralardan to'rtewin tawi'p, to'mendegi ketekshelerge qa'lem menen jazi'n'.

a b c d



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## A'DEP-IKRAMLI'LI'Q – MA'NAWIYAT NEGIZI

A'ziz woqi'wshi'! Bul wo'mirde ko'rgen-bilgenlerin'iz tiykari'nda bir haqi'yqatti' jaqsi' tu'sinip alg'an bolsan'i'z kerek: insaniyat wo'mirin adamlardi'n' wo'z-ara qatnas-mu'na'sibetisiz ko'z aldi'mi'zg'a keltirip bolmaydi'. Yeslep ko'rin', jalg'i'z wo'zi kimsesiz atawg'a tu'sip qalg'an Robinzon Kruzo yen' ko'p neden qi'ynaladi'?

Wol atawdag'i' terekler miywesin terip jep, aw menen shug'i'llani'p, qarni'n toydi'radi'. Ji'rtqi'sh haywanlardan wo'zin qorg'aw ushi'n wo'zine baspana tikleydi. Yeki ag'ashti'-birine i'sqalap, wot jag'adi'. Qaltasi'nda qali'p ketken biyday da'nelerin u'sh-to'rt ji'l qayta yegip, nang'a da awzi' tiyedi... Demek, jalg'i'zli'qtag'i' turmi'sti'n' materialli'q ta'repin wol bir a'mellep jo'nge saladi'. Biraq wol wo'zi menen so'ylesetug'i'n, da'rtin yesitetug'i'n joldas taba almastan, aqi'ldan azayi'n deydi. Da'slep ishinen wo'zine wo'zin so'ylep aldani'p ju'redi – bolmaydi'. Keyin wo'zi menen wo'zi dawi's shi'g'ari'p so'ylesiwge wo'tedi. Qarasa, bundayda jinli boli'p qali'w da hesh ga'p yemes. Keyin wol yeshki menen, tu'rli qus ha'm haywanlar menen so'ylesip, wo'zin jubati'wdi' woylap tabadi'...

«Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» kitabi'nda u'lkemizdin' ta'biyiy-geografiyali'q du'zilisi bizdi ha'm a'tirapi'mi'zdag'i' xali'qlardi' a'zelden ja'ma'a't boli'p jasawg'a iytermelegeni atap wo'tiledi:

**«Worta Aziya aymag'i'nda xali'q a'zelden alaplarda, u'lken suw da'rekleri – da'rya ha'm wo'zekler boyi'nda jasap keledi. A'tirapi' sho'l ha'm sahralar menen woralg'an, ta'biyati', i'qli'mi' wog'ada qi'yi'n bolg'an region sharayati'ni'n' wo'zi mine usi' yelat ha'm milletlerdin' mi'n' ji'llar dawami'nda bir-birine beyimlesip, qoldi'-qolg'a berip, bir-birinin' awi'ri'n jen'il yetip jasawi'n talap yetip keledi»[1].**

[1] **Islam Karimov.** Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh. – T.: «Ma'nawiyat» baspasi', 2008-ji'l, 9-bet.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Al adam ta'biyati' ja'ma'a't boli'p jasawg'a ko'nikken yeken, bunday turmi's ta'rizinin' wo'zine jarasa ishki ta'rtip-qag'i'ydalari' boli'wi' da ta'biyiy. Bizin' xalqi'mi'zda sol qag'i'ydalardi'n' negizin — ti'rnag'i'n a'dep-ikramli'li'q wo'lshemleri quraydi'. Yag'ni'y, insanlar insanday boli'p jasaw ushi'n usi' wo'lshemlerdi basshi'li'qqa ali'wi' kerek boladi'. Yeger bul qag'i'ydalardi'n' shegarasi' buzi'lsa, wolarg'a a'mel qi'li'nbasa, qay jerde bolsa da, insanni'n' haywannan parqi' qalmasli'g'i'n tu'sine alsan'i'z kerek.

Ha'r bir insanni'n' ma'nawiy kelbeti, aldi' menen, woni'n' minez-qulqi' ha'm a'debinde ko'rinedi.

**Minez-qulq ha'm a'dep bolsa ju'da' ko'p na'rseni wo'z ishine aladi'. Ju'ris-turi'si'mi'z, adamlar arasi'nda ha'm jalg'i'z qalg'ani'-mi'zda wo'zimizdi tuti'wi'mi'z, so'ylesiw ma'deniyati'mi'z, a'tirap-tag'i'larg'a di'qqat-itibari'mi'z — bulardi'n' ba'ri ja'mlenip, bizin' minez-qulqi'mi'z ha'm a'debimizdin' qanday yekenin ko'rsetedi.**

Ma'selen, insandi' bezeytug'i'n, woni' a'tiraptag'i'larg'a shi'rayli' ko'rsetetug'i'n belgi — woni'n' tili boli'p yesaplanadi'.

Soni'n'day doslari'n'i'z bar, wolardi' yesitip sharshamaysi'z, ti'n'lap maza qi'lasi'z. Duri's, wolar sizge qosi'q ayti'p bermeydi, masqarapazli'q yetip ku'ldirmeydi. So'zleri de tu'sinikli — i'qsham g'ana. Biraq, woylap ko'rin': nege wolardi' yesitkin'iz, wolarg'a yeliklegin'iz kele beredi? Sebebi, bul doslari'n'i'zdi'n' so'zleri mazmung'a toli', baqlawlarg'a bay boladi'. (Yeger sali'sti'ratug'i'n bolsaq, wolardi'n' so'zleri ishi tola mag'i'zli' g'ozag'a uqsaydi'. Bag'dan sonday g'ozani' tawi'p alg'anda qanshelli su'yinip ketsek, bunday balalardi' ko'rip, yesitip, sonshelli quwanami'z). Bul balalar ha'tte qanday da bir waqi'yani' talqi'lap, wog'an baha beriwge de ha'reket yetedi. So'zlerinin' bir tegis, qulaqqa jag'i'mli' du'zilisi-she? Wolardi'n' ga'pinde basqa tillerden kirip qalg'an kereksiz so'zler, qopal ha'm parqsi'z ibaralar pu'tkilley qollani'lmaydi'.

**Xosh, bul belgiler neden da'rek beredi? Bul soni' ko'rsetedi, bunday doslari'n'i'z yerkin pikirley aladi', wo'zin basqara biledi. Wolar tilinin' tazali'g'i' — qa'lbinin' tazali'g'i'nan, pikirlewinin' ayqi'nli'g'i'nan, ana tilimizge hu'rmetinen da'rek beredi.**

Yendi basqa bir ko'rinisti ko'z aldi'mi'zg'a keltireyik.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Avtobusqa sizge ten'les bes-alti' bala bir-birin iyterip-tu'rtip minip keledi. Wolar a'tirapta wo'zlerinen basqa hesh kim joqtay, dawi'slari'n ko'terip, wo'z-ara ha'zillesiwge tu'sedi. Anda-sanda uyatli' so'zlerdi, ha'tte so'gis so'zlerdi ayti'wdan da qaytpaydi'. Tilge ali'ni'p ati'rg'an so'zlerinin' mi'lji'n'li'g'i'n, qopalli'g'i'n, «buzi'qli'g'i'n» aytpasa da boladi'. Sebebi, wolardi'n' bul shawqi'mli' sa'wbetinde duri'si'raq mazmunni'n' wo'zi joq. (Joqari'da ishi toli' mag'i'zli' g'ozani' yeslegen bolsaq, yendi siz u'mit penen qoli'n'i'zg'a ali'p ko'rgende pi'si'n'i'zdi' qurtqan, ishi qarayi'p-shirip ketken g'o'zani' ko'z aldi'n'i'zg'a keltirin').

Qalay woylaysi'z: qatar-qurbi'lari'n'i'zdi'n' bul qi'li'qlari' avtobus ishindegi bir adamg'a unay ma? Aqi'ri', wolardi'n' bazi'lari' jumi'stan sharshap kiyati'rg'an, tag'i' birewinin' nervleri sharshag'an boli'wi' mu'mkin-g'oy. Ba'lkim wolardi'n' ishinde basi'na qanday da bir ta'shwish yaki g'am-qayg'i' tu'sken adamlar da bar shi'g'ar. Qatar-qurbi'lari'n'i'zdi'n' awzi'nan shi'g'i'p ati'rg'an uyatsi'z so'zlerdi yesitken hayal-qi'zlar «Ta'rbiyasi'zlar!» dep, wolardan bet burg'ani'n ko'z aldi'mi'zg'a keltire alami'z ba yaki joq pa?

**A'liysher Nawayi' «Tilge i'qti'yarsi'z — yelge itibarsi'z» dep aytar yeken, wo'z tilin ti'ya almaytug'i'n mine usi'nday kimselerden adamlarg'a ko'p azar keliwin na'zerde tutqan. Bir na'rseni ani'q biliwimiz kerek: yelge itibarsi'z qaraytug'i'n ha'r qanday adamdi' mine usi' yel de itibarsi'z qaldi'radi'. Bul — insan wo'z peylinin' buzi'qli'g'i' sebepli yel na'zerinen qaladi', degeni.**

Bu'gingi ku'nde ha'mmemizdin' u'yimizde radio ha'm televizor, ko'pshiligimizde kompyuter de bar. Qay jerge qarasaq ta, ha'r tu'rli ma'limlemege ko'zimiz tu'sedi. Bug'an u'lken ko'shelerge ildirilgen, avtobus ha'm metro vagonlari' ishinde, ja'ne ko'plep basqa wori'nlarg'a jabi'sti'ri'lg'an dag'azalar menen reklamalardi' da qosi'w mu'mkin. Dem ali's ku'nleri televizordi'n' wonlap kanallari'nda ko'rsetiletug'i'n ju'zlep ko'rsetiw ha'm filmlerdi, qa'leymiz be, joq pa, ko'remiz, wolardan ta'sirlenemiz. Bunshelli ku'shli ma'limleme ag'i'mi'n toqtati'w yaki dizginlewdin' imkani' joq, a'lbette. Solay yeken, (ma'selen, televizor mi'sali'nda) biz neni ko'riwdi, qashan ko'riwdi, qansha ko'riwdi wo'zimiz ushi'n ani'qlap ali'wi'mi'z wog'ada a'hmiyetli.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE



Atap wo'tkenimizdey, biz Shi'g'i's xali'qlari' qatari'na kiremiz. Ata-babalari'mi'z a'dep-ikramli'li'q, uyat, iybe si'yaqli' haqi'yqi'y insani'y pazi'yletlerdi uli'g'laytug'i'n ha'm insanlardan talap yetetug'i'n islam dinine isenip kelgen. Ata-babalari'mi'z mi'n' ji'llar dawami'nda turmi's qa'lpine sin'dirgen bul qa'diriyatlarg'a sadi'q boli'w ha'mmemizdin' minnetimiz boli'p yesaplanadi'. Solay yeken, du'nyani'n' ha'mme jerinde, ha'r tu'rli ko'z-qaraslar tiykari'nda jarati'lg'an barli'q tamashalar da bizge toli'q paydali' dep ayti'wg'a bolmaydi'. Bul tamashalar (kinofilmler, videofilmler, spektakller, koncertler, ko'rsetiwler, ha'r tu'rli shoular) formasi' menen mazmuni'nda milliy ha'm diniy qa'diriyatlari'mi'zg'a qarama-qarsi' keletug'i'n jag'daylar da ko'plep tabi'ladi'.

Insan minez-qulqi'nda woni'n' tili qanshelli a'hmiyetke iye yekeni tuwrali' ayti'p wo'ttik. Yendi Bati's ma'mleketlerinde su'wretke ali'ng'an kinofilmlerdegi ayi'ri'm qaharmanlardi'n' tili, so'ylew usi'li'na itibar berin'. Yeger bul qaharmanlar unamsi'z, a'depsiz adamlar si'pati'nda ko'rsetilse de, tu'siniw mu'mkin yedi. Joq, ko'pshilik unamli' — basqalar wo'rnek ali'wi' lazi'm bolg'an qaharmanlardi'n' ayti'p ati'rg'an ga'p-so'zlerin yesitip, hayran qalami'z. Nege? Sebebi, biz bul boyi'nsha basqasharaq ko'z-qarasqa iyemiz.

**Bizde, qashan ha'm qay jerde bolmasi'n, biyparq so'zlerdi qollani'w uyat, a'ndiyshesizlik boli'p yesaplanadi'. Tek yesaplani'p g'ana qoymastan, sol jazi'lmag'an qag'i'ydalarg'a a'mel qi'li'wdi' ha'r bir adam wo'zinin' insani'y minneti dep biledi.**

Ja'ne basqa bir mi'sal. Ko'pshilik si'rt yel filmlerinde bir-eki saat ishinde wonlap, ju'zlep adamlar «wo'lip kete beredi». Ayi'ri'm filmlerde ko'p qan ag'i'zi'lg'ani' sonshelli, i'qti'yarsi'z «insanni'n' wo'miri jerdegi qumi'ri'sqani'n' wo'miri shelli de qi'mbatqa iye yemes yeken-da'», degen pikirge bari'p qalasi'z. Yendi woylap ko'rin': bunday «azarsi'z tamashalar» adamni'n' ruwxi'yati'na qanday ta'sir ko'rsetedi?



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Wolar, aldi' menen, insandag'i' miyrim-sha'pa'a't, mehir-muhabbat tuyg'i'lari'na zi'yan keltiredi. Bul go'zzal tuyg'i'lar worni'n reyimsizlik, jawi'zli'q sezimleri iyelewine jol ashadi'. Ku'ni keshe ayag'i' asti'ndag'i' qumi'ri'sqani' basi'p ketpew ushi'n aylani'p wo'tetug'i'n bala bunday filmlerdi ko'rip, ko'zi u'yrengennen son' yendi pi'shi'qti'n' moyni'na si'm baylap, terekke asi'p qoyi'wdan da qaytpaytug'i'n reyimsizge aylanadi'.

Bunday tamashalar quri'g'i'na tu'sken adamni'n' ju'zinen uyat, a'ndiyshe perdesi ko'teriledi. Woni'n' ga'p-so'zleri, ju'ris-turi'si' qopallasadi', a'tiraptag'i'lardi'n' ashi'wi'n keltiretug'i'n kelbetke yenedi. Bir so'z benen aytqanda, adamni'n' ruwxi'yati'nda, minez-qulqi'nda, a'debinde keskin wo'zgeris, ayni'w payda boladi'.

**Bir na'rseni umi'tpaw kerek: awi'zeki u'git-na'siyattan ko're ko'rkem wo'ner arqali' islenetug'i'n ta'sir wog'ada ku'shli ha'm na'tiyjeli boladi'. Nege degende, ko'rkem wo'ner ha'm a'debiyattag'i' obrazlardi'n' ta'siri insanni'n' sana-sezimine, tuyg'i'lari'na, sezimlerine tikkeley jetip baradi'.**

Joqari'da tilge ali'ng'an filmlerde bolsa bularg'a qosi'msha ra'wishte zamanago'y kino wo'nerinin' texnikali'q effektleri de qollani'ladi'. Qarap tursan'i'z, siz wo'zin'iz bilmegen halda bul filmlerde alg'a su'rilgen ideyalar, ko'z-qaraslar, tu'sinikler ta'sirine tu'sip qalasi'z. Bul ta'sir qanshelli ko'p ha'm u'zliksiz dawam yetse, ruwxi'yati'mi'zdag'i' wo'zgeris te sonshelli ko'p boladi'. Keyin bolsa bul wo'zgerisler wo'zin'izdi tuti'wi'n'i'z, ga'p-so'zlerin'iz arqali' ju'zege de shi'g'adi'.

Joqari'dag'i' keltirilgen pikirler menen ne demekshimiz?

**Insanni'n' minez-qulqi' ha'm a'debi wog'an ta'sir yetetug'i'n si'rtqi' faktorlar menen ti'g'i'z baylani'sli'.**

Xalqi'mi'zda «Qazang'a jaqi'n ju'rsen', qarasi' jug'adi'» degen ga'p bar. Du'nyada jasar yekensiz, wonda ju'z bergen waqi'ya-ha'diyseler, ga'p-so'zler sizge wo'z ta'sirin wo'tkermewinin' ilaji' joq. Ha'mme ga'p neden ta'sirleniwde, qanday ta'sirleniwde. Demek, ha'r birimiz qanday wortali'qta jasap ati'rg'ani'mi'z, a'tirapi'mi'zdag'i' adamlar kimler yekeni, wolardan qanday jaqsi' na'rseni u'yreniw mu'mkin, al qanday unamsi'z islerge qosi'lmawi'mi'z lazi'm yekenligin mudami' qadag'alawi'mi'z kerek yeken-da'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

Jurtbasshi'mi'z 2000-ji'li' «Fidokor» gazetasi' xabarshi'si'ni'n' sorawlari'na juwap bere woti'ri'p, g'a'rezsiz yel perzentlerinen talap yetiletug'i'n pazi'yletlerdi to'mendegishe tu'sindiredi:

**«Wolar milliy tami'rlari' ku'shli, du'nyani' teren' an'laytug'i'n, zamanni'n' rawajlani'wi'na say qa'dem taslaytug'i'n insanlar boli'p jetissin. A'ne sonda jawi'z fundamentalistlerdin' «shaqi'ri'g'i'» da, a'dep-ikramli'li'qti' moyi'nlamaytug'i'n, biz ushi'n pu'tkilley biygana ideyalar da wolarg'a wo'z ta'sirin wo'tkere almaydi'»[1].**

Usi' jerde a'dep-ikramli'li'qti'n' wo'z milliy wo'lshemleri bar yekenin de ayti'p wo'tiw lazi'm. Wog'an a'mel yetiw, bul wo'lshemlerdi buzi'p shetke shi'qpaw wog'ada a'hmiyetli na'rse. So'zimiz bos bolmawi' ushi'n ja'ne bir ma'rte «Wo'tken ku'nler» shi'g'armasi'na mu'ra'jat yeteyik.

Ataqli' jazi'wshi' Ablulla Qadiriydin' bul romani'n xalqi'mi'z arasi'nda jeti jastan jetpis jasqa shekem — ha'mme su'yip woqi'ydi'. Kitap tiykari'nda su'wretke ali'ng'an ko'rkem film ko'rsetilse, ha'mmemiz televizor aldi'nan kete almastan qalami'z. Buni'n' sebepleri ju'da' ko'p, a'lbette. Shi'g'arma ko'rkemlik jag'i'nan jetik yekeni, qaharmanlari' xarakterinin' wo'zine ta'n tallawi', shi'g'arma tili ha'm jazi'wshi' stilinin' a'jayi'pli'g'i' woni'n' dan'qi'na dan'q qosqan. Biraq bul romanni'n' xalqi'mi'z arasi'nda su'yikli boli'wi'ni'n' basqa sebepleri de bar. Wonda o'zbek xalqi'ni'n' a'zeliy ta'biyati' — xarakteri pu'tkil mazmuni' menen sa'wlelendirilgen. Bul pikirdi romanni'n' qa'legen qaharmani'na puxta na'zer taslap, da'lillew mu'mkin. Meyli unamsi'z bolsi'n, meyli unamli' bolsi'n, bul shi'g'armada qatnasatug'i'n barli'q adamlar o'zbekshe pikirleydi, o'zbekshe ha'reket yetedi, o'zbekshe su'yedi ha'm o'zbekshe g'a'zeplenedi. Ata-analar menen perzentlerdin' (Yusupbek haji', O'zbek ayi'm — Atabek; Mi'zakarim quti'dar, A'ftab ayi'm — Gu'mis), yer menen hayaldi'n' (Yusupbek haji' — O'zbek ayi'm; Mi'rzakarim quti'dar — A'ftab ayi'm; Atabek — Gu'mis; Atabek — Zaynab), quda menen qudani'n' (Yusupbek haji' — Mi'rzakarim

[1] **Islam Karimov.** Dani'shpan xalqi'mi'zdi'n' bekkem yerk-i'qi'rari'na isenemen./ «Fidokor» gazetasi'. 2000-ji'l 8-iyun sani'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE




quti'dar), qudag'ay menen qudag'aydi'n' (O'zbek ayi'm — A'ftab ayi'm), Atabek ha'm Hamid, Gu'mis ha'm Zaynab mu'na'sibetleri ju'da' ta'biyiy, haqi'yqi'y su'wretlengen. Bunday tabi'sqa bolsa ha'mme jazi'wshi' da, ha'mme shi'g'arma da miyasar bola bermeydi.

Ma'selen, Gu'misbiybi menen baylani'sli' bir g'ana epizodti' alayi'q. Bilesiz, wol — tashkentli sawdager jigit Atabektin' Marg'ulang'a barg'ani'nda tosattan ko'rip, unati'p qali'p u'ylengen su'yikli hayali'. Atabek ata-anasi'ni'n' qi'stawi' menen Tashkentte yekinshi ma'rte u'yleniwge ma'jbu'r boladi'. Zaynabxan da ju'da' shi'rayli', kishipeyil qi'z bolsa da, Atabektin' kewli tek ko'z ashi'p ko'rgeni Gu'misbiybini deydi. Gu'mis Tashkentke, qa'yin yeneqa'yin atasi'ni'n' u'yine keledi. Qa'yin yenesi da'slep ko'rmegeni sebepli woni' ju'da' jaman ko'rip ju'retug'i'n yedi. Gu'misti ko'rgennen son' O'zbek ayi'm kishi kelini Zaynabti' pu'tkilley umi'tadi'. Gu'misti jergeko'kke isenbey, woni'n' a'tirapi'nda aylanshi'qlap qaladi'. A'lbette, bul jag'day, qala berse, yeri Atabektin' ja'ne de wo'zinen uzaqlasi'wi' Zaynabqa awi'r ta'sir yetedi. Ne qi'lari'n bilmey qalg'an Zaynab, tilekke qarsi', apasi' Xoshu'reydin' ga'pine kirip, jaman iske qol uradi'...

Yendi jag'daydi' ko'z aldi'n'i'zg'a jaqsi'lap keltirin': Gu'misbiybinin' birewge jamanli'g'i' tiygen joq. Ne-ne u'mitler menen yendi g'ana tun'g'i'sh perzentin ko'riw qarsan'i'nda turg'an yedi. Bul u'yde qashannan beri ku'tilgen na'reste dawi'si'n, shadli'q ha'm baxti'n ali'p kiyati'rg'an yedi. Qaran', woni' usi' u'yde za'ha'rledi, wo'mirin zaya yetti. Gu'mis jantalasta, bir neshe minuttan son' bul du'nyadan ma'n'gi ko'z jumadi'. Woni'n' pu'tkil denesi wot boli'p janbaqta, na'pesi awzi'na ti'g'i'li'p, jani' alqi'mi'na kelip qalg'an. Tawlani'p jatqani' sebepli shashlari' tozg'i'g'an, u'sti-basi' jayrag'an. Sol paytta woni'n' aldi'na qa'yin atasi' — Yusupbek haji' kirip keledi. Wol mi'n' ma'rte qi'si'ni'p



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

ha'm pushaymanli'q penen kelininin' peshanasi'na a'ste alaqani'n qoyadi'. Ha'lsiz jatqan Gu'mis ti'ni'shsi'zlani'p ko'zin ashadi' ha'm aldi'nda qa'yinatasi' turg'ani'n ko'rip... uyalg'ani'nan kiyim-basi'n du'zewge, worni'nan turi'wg'a uri'nadi'...

Bug'an uqsas mi'sallardi' tek a'debiy shi'g'armalardan yemes, al turmi'stan da ju'da' ko'p keltiriw mu'mkin.

**Yelimizdegi ha'r bir u'yde Gu'misbiybidey qi'zlar, Atabektey jigitler ko'plep tabi'ladi'. Wolardi'n' minez-qulqi', a'dep-ikramli'li'g'i' basqalardi'n' ha'wesin keltiriwi ani'q.**

A'lbette, bunday go'zzal minezli insanlar aspannan tu'speydi. Wolar da siz benen bizge usag'an a'piwayi' adamlar. Tek wolar insan degen ulli' ataqqa mu'na'sip boli'w kerekligin, adam a'tirapi'ndag'i'larg'a ma'lel keletug'i'n qi'li'qlari' menen tek jamanlasi'wi' mu'mkinligin ishinen sezedi. Sonli'qtan wo'zlerin ta'rbiyalap, go'zzallasti'ri'p baradi'.

Gu'misbiybi pazi'yletlerin yeslew ha'm joqari'da bayan yetilgen pikirler menen ne demekshimiz?

**Yeger biz usi' xali'q wa'kili, woni'n' tariyxi'y miyrasxori' yekenbiz, bul a'jayi'p, siyrek ushi'rasatug'i'n da'stu'rlerdi ko'z qarashi'g'i'nday asi'rap-abaylawi'mi'z, wolarg'a sadi'q boli'p qali'wi'mi'z, hesh qashan wo'zligimizdi jog'altpawi'mi'z talap yetiledi. Sebebi, bizin' ma'nawiy kelbetimiz tap aynadag'i' si'yaqli' a'debimizde, minez-qulqi'mi'zda ayqi'n ko'rinedi.**

### *Soraw ha'm tapsi'rmalar*

1. Adam a'debinin' qa'liplesiwine wol jasaytug'i'n wortali'qti'n' qanday ta'siri bar, dep woylaysi'z?
2. Xalqi'mi'zdi'n' «A'depti a'depsizden u'yren» degen so'zin tu'sindirip bere asasi'z ba?
3. Qatar-qurbi'lari'n'i'zdi'n' minez-qulqi' ha'm a'debinde sizge maqul kelmeytug'i'n qanday kemshiliklerin baqlag'ansi'z?
4. «A'depsizlik ko'birek ul balalarg'a ta'n boladi'» degen pikirge qalay qaraysi'z?
5. Si'rt yel filmleri, tu'rli tamashalari'ni'n' unamli' ha'm unamsi'z ta'repleri tuwrali' klaslaslari'n'i'z benen sa'wbet sho'lkemlestirin'.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

6. Su'wretlerde ko'rsetilgen shi'g'armalar waqi'yalari' tiykari'nda wo'tilgen temani' ayti'p bere alasi'z ba?




*a*




*b*




*d*




*e*

## QADAG'ALAW JUMI'SI'

T a p s i' r m a : Klaslaslari'n'i'z benen birge **«Insanpa'rwarli'q degen ne?»** temasi'nda gu'rrin'lesiw sho'lkemlestirin'.

Wog'an tayarli'q procesinde to'mendegi ma'selelerge ayi'ri'qsha itibar berin':

– Jurtbasshi'mi'z Islam Karimovti'n' «Joqari' ma'nawiyat – jen'ilmes ku'sh» shi'g'armasi'ndag'i' usi' temag'a tiyisli pikir ha'm ideyalar;

– insanpa'rwarli'q adamdi' basqa janzatlardan aji'rati'p turatug'i'n a'hmiyetli pazi'ylet yekeni;

– a'zel-a'zelden milliy a'debiyati'mi'z benen ko'rkem wo'nerimizde insanpa'rwarli'q ideyalari'ni'n' ilgeri su'rilgenligi;

– tariyxta ju'z bergen insanpa'rwarli'qqa qayshi' keletug'i'n waqi'ya ha'm ha'diyseler, wolardi'n' adamzat basi'na salg'an u'lken apatlari';

– du'nyani'n' ayi'ri'm aymaqlari'nda insan qa'dir-qi'mbati'n ayaq asti' yetetug'i'n, wo'miri ha'm keleshegin qa'wip asti'nda qaldi'ri'wi' mu'mkin bolg'an ha'diyselerdin' ju'z berip ati'rg'ani';

– insanpa'rwarli'qti' u'git-na'siyatlawda g'alaba xabar qurallari'ni'n', ko'rkem wo'ner ha'm a'debiyatti'n' roli ha'm tag'i' basqalar.



*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

## MAZMUNI'

**Kirisiw** .......... 3

*I bap*. **G'a'rezsizlik ha'm milliy ideya** .......... 7
Milliy ideya — iygilikli arzi'w-umti'li'slar ko'rinisi .......... 7
Ma'nawiyat ha'm woni'n' ta'riypi .......... 11
Pikir ha'm ideya .......... 16
Ideyani'n' tiykarg'i' wo'zgeshelikleri ha'm tu'rleri .......... 21
Ja'miyettin' rawajlani'wi' ha'm do'retiwshi ideyalar .......... 28
Bilim ha'm ma'nawiyat *(A'meliy sabaq)* .......... 34
*Ta'kirarlaw* .......... 37

*II bap*. **Ideyag'a qarsi' ideya, pikirge qarsi' pikir** .......... 38
Zi'yanli' ideyalar .......... 38
Qi'rag'i'li'q ha'm sergeklik .......... 45
Milliy wo'zlik ha'm da'stu'rler .......... 51
Tariyxi'y yestelikler *(A'meliy sabaq)* .......... 59
*Qadag'alaw jumi'si'* .......... 61

*III bap*. **Ma'nawiyatqa qa'wip — wo'zligimizge qa'wip** .......... 62
Ko'zge ko'rinbeytug'i'n qa'wip-qa'terler .......... 62
Shaxs ta'rbiyasi' .......... 71
Ja'miyetke qa'wip tuwdi'ratug'i'n illetler .......... 79
Insan qa'lbine jol .......... 86
Tariyxi'y yadti' tiklewde ko'rkem wo'nerdin' a'hmiyeti .......... 95
*Qadag'alaw jumi'si'* .......... 102

*IV bap*. **Joqari' ma'nawiy wo'lshemler** .......... 103
Insanpa'rwarli'q — xalqi'mi'zdi'n' jaqsi' pazi'yleti .......... 103
Ma'nawiyatti'n' qa'liplesiwinde shan'araqti'n' worni' .......... 111
A'dep-ikramli'li'q — ma'nawiyat negizi .......... 117
*Qadag'alaw jumi'si'* .......... 125

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

MURTAZO QARSHIBOYEV, SANOBAR NISHONOVA,
OYNISA MUSURMONOVA, RAHMON QO‘CHQOROV

# MILLIY ISTIQLOL G‘OYASI VA MA’NAVIYAT ASOSLARI

**7-sinf**

*To‘ldirilgan va qayta ishlangan 4-nashri*

*(Qoraqalpoq tilida)*

*Toshkent «Ma’naviyat» 2015*

Awdarg‘an *A. Alniyazov*
Redaktor *A. Alniyazov*
Xudojnik *S. Soin*
Korrektor *A. Alniyazov*
Verskalawshi *Sh. Sohibov*

Licenziya AI №189, 2011-ji’li’ 10-mayda berilgen. Basi’wg’a 14.06.2015-ji’li’ ruqsat yetildi. Pishimi $70\times90^1/_{16}$. Tayms garniturasi’. Ofset baspa usuli’nda basi’ldi’. Sha’rtli baspa tabaq 9,36. Baspa tabag’i’ 6,96. Tiraj 8641 nusqa. Buyi’rtpa №15-312.

«Ma’nawiyat» baspasi’. Tashkent, Taraqqiyot 2-berkko’she, 2-u’y. Sha’rtnama №46–15.

O’zbekstan baspaso’z ha’m xabar agentliginin’ «O‘zbekiston» baspa-poligrafiya do’retiwshilik u’yinde basi’ldi. Tashkent, Nawayi’ ko’shesi, 30-u’y. 2015.

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE

Все учебники Узбекистана на сайте UZEDU.ONLINE

**Sabaqli'qti'n' jag'dayi'n ko'rsetetug''n keste**

| N | Woqi'wshi'ni'n' ati', familiyasi' | Woqi'w ji'li' | Sabaqli'qti'n' ali'ng'andag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qoli' | Sabaqli'qti'n' tapsi'ri'lg'an-dag'i' jag'dayi' | Klass basshi'si'ni'n' qoli' |
|---|---|---|---|---|---|---|
| 1 | | | | | | |
| 2 | | | | | | |
| 3 | | | | | | |
| 4 | | | | | | |
| 5 | | | | | | |

**Sababli'q woqi'w ji'li' aqi'ri'nda qaytari'p ali'ng'anda joqari'dag'i' keste klass basshi'lari' ta'repinen to'mendegi bahalaw wo'lshemlerine tiykarlani'p tolti'ri'ladi'**

| | |
|---|---|
| Jan'a | Sabaqli'qti'n' birinshi ret paydalani'wg'a beri'lgendegi jag'dayi' |
| Jaqsi' | Muqabasi' pu'tin, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen aji'ralmag'an. Barli'q betleri bar. Ji'rti'lmag'an, betleri almasti'ri'lmag'an, betlerinde jazi'w ha'm si'zi'qlar joq. |
| Qanaat-lanarli' | Muqaba jelingen, bir qansha si'zi'li'p shetleri qayri'lg'an, sabaqli'qti'n' tiykarg'i' bo'liminen ali'ni'p qali'w jag'dayi' bar, paydalani'wshi' ta'repinen qanaatlanarli' qa'lpine keltirilgen. Ali'ng'an betleri jelimlengen, ayi'ri'm betlerine si'zi'lg'an. |
| Qanaat-lanarsi'z | Muqabag'a si'zi'lg'an, ji'rti'lg'an, tiykarg'i' bo'limnen aji'ralg'an yamasa pu'tkilley joq, qanaatlanarsi'z won'lang'an. Betleri ji'rti'lg'an, betleri toli'q emes, si'zi'p, boyap taslang'an. Sababli'qti' tiklew mu'mkin emes. |

*Книга предоставлена исключительно в образовательных целях
UZEDU.ONLINE